Ou sonje jan jaden an te bèl e pafè lè Bondye te premye kreye tout bagay. Kounye a, Adan ak Èv te konnen ke yo te fè yon bagay terib! Yo te gen yon move santiman anndan yo paske yo te konnen ke yo te dezobeyi Bondye. Move santiman sa a rele kilpabilite, oswa wont, oswa laperèz. Yo pa t vle wè Bondye ni pou Bondye wè yo. Yo te eseye kouvri tèt yo ak fèy, men sa pa t mache twò byen. Bondye te deja konnen sa ki te pase, paske li konnen tout bagay. Nou pa janm ka kache devan Bondye! Bondye te pini koulèv la, fanm nan, ak gason an pou move chwa yo te fè yo. Yo te eseye blame youn lòt, men Bondye te konnen ke chak nan yo te fè mal pa pwòp chwa pa yo. Mwen si ke Adan ak Èv te swete ak tout kè yo ke yo te ka retounen epi chanje chwa yo, men sa pa posib. Menm si yo te dezobeyi Bondye, li te toujou pran swen yo. Se konsa Bondye ye. L ap toujou renmen moun li te kreye yo, menm si nou fè l trè tris lè nou peche. Li te bay Adan ak Èv rad ki te fèt ak pou yon bèt pou kenbe yo ansekirite e cho. Men sa pa t chanje reyalyte a ke yo te peche. Bondye te fè yo kite bèl jaden an, epi kounye a yo te oblije travay di pou jwenn manje yo. Sa sanble trè tris, pa vre? Men Bondye te renmen yo tèlman ke li te deja deside fè yon chemen pou yo te ka avè l pou toujou yon jou nan Syèl la! Li te di yo ke yon jou yon moun espesyal t ap vini sou latè epi kraze tèt Satan, twonpè a. Satan te panse ke li te genyen batay la ak Bondye lè li te tante Adan ak Èv pou peche, men Bondye pa janm ka bat. Li pi pwisan pase nenpòt moun oswa nenpòt bagay nan tout mond lan!! Kounye a te gen

Sonje pou ou toujou gen Bib ou vizib lè w ap anseye yon istwa Bib. Kòm yon aktivite ki amizan, me te yon mak liv kote istwa Bib jodi a ye (Pou leson sa a Jenèz 3:7-24). Jwe yon anrejistremant chante jodi a, epi fè timoun yo pase Bib ou ki fèmen an to upatou nan sal la youn pa youn. Nan yon moman, sispann mizik la; epi nenpòt moun ki kenbe Bib la nan moman sa a gen dwa louvri l nan kote mak li v la make a epi pote l ba y pwofesè a.

yon lòt nouvo santiman pou Adan ak Èv: espwa! Menm si yo te tris lè yo panse konbyen doulè ak soufrans te kounye a yon pati nan mond yo, Bondye te ba yo yon pwomès pou sonje: Satan p ap genyen nan finisman! Bondye te ofri padon pou peche yo.



Lwanj ak Adorasyon

“God is So Good”

Bondye tèlman bon. Bondye tèlman bon. Bondye tèlman bon, li tèlman bon pou mwen.

Bondye reponn lapriyè. Bondye reponn lapriyè. Bondye reponn lapriyè, li tèlman bon pou mwen.

Li pran swen mwen. Li pran swen mwen. Li pran swen mwen. Li tèlman bon pou mwen.

Mwen renmen l tèlman, mwen renmen l tèlman. Mwen renmen l tèlman, li tèlman bon pou mwen.

M ap louwe Non li. M ap louwe Non li. M ap louwe Non li, li tèlman bon pou mwen.

Bondye tèlman bon. Bondye tèlman bon. Bondye tèlman bon, li tèlman bon pou mwen.

Si ou ta renmen tande melodi chante sa a, ou ka jwenn li isit la:
<https://youtu.be/eg3bvbDVUTg>



Vèsè pou Sonje

Jenèz 3:21 — Bondye te fè rad pou Adan ak madanm li ak po bèt.

Aprè timoun yo fin aprann vèsè a, pale ak yo sou diferans ant kouvèti (oswa solisyon pou pwoblèm yo te san kouvèti a) Adan ak Èv te panse a (fèy figye) ak kouvèti Bondye te bay la (po bèt). Kèk lide se: Fèy figye t ap seche epi tonbe an mòso, men po bèt t ap dou e cho. Fèy figye fasil e bon mache pou jwenn, men yon bèt te oblije mouri pou bay pi bon kouvèti pou yo. Raple timoun yo ke yon jou pwòp pitit Bondye t ap mouri pou kouvri peche nou yo.

Aktivite Memwa Bib
 Sèvi ak metòd “tou pa m, tou pa w” la. Esplike timoun yo: Premye se tou pa m (lonje de men ou sou tèt ou), epi se tou pa w (lonje de men ou sou klas la). Di “Bondye te fè” (lonje sou tèt ou pandan ou di sa a, epi yo repete l pandan ou lonje sou yo) apre sa, “rad pou Adan”. Apre kèk fwa, mete fraz yo an sanm ak menm pwosesis la (tou pa m, tou pa w).



4) Repase Leson an

Èd pou Pwofesè a

Nan kòmansman klas la, nou te liste anpil bagay ki te yon pati nan lavi nan jaden an anvan peche. Konbyen nan bagay sa yo nou ka sonje? (pafè, pa gen peche, pa gen tristès, relasyon pwòch ak Bondye, travay ki te plezan, lapè, manje ki bon an abondans) Kounye a ann panse a bagay ki te yon pati nan lavi pou Adan ak Èv kòm rezilta peche (tristès, kilpabilite, laperèz, separasyon ak Bondye, pinisyon, travay di, kite jaden an, lanmò).

Jwèt repase. Pote yon kopi paj kolorye Avanti nimewo 3 a nan klas la, ki montre bèl jaden an anvan peche. Sèvi tou ak imaj leson jodi a. Mete 2 imaj yo sou planche a kòt a kòt. Sèvi ak yon ti sakpwa oswa yon lòt objè ki sanble. Fè timoun yo fè liy epi youn pa youn yo ka voye sakpwa a sou yon papye oswa lòt la, apre sa di yon bagay yo sonje konsènan swa jaden pafè a anvan peche, oswa bagay ki te yon rezilta peche.

Lapriyè, remèsye Bondye pou bon kado li yo. Mande Bondye pou ede chak moun nan klas ou a di non a tantasyon Satan yo. Remèsye Bondye paske li pran swen nou nan yon fason ki plen lanmou konsa ke li fè règ pou kenbe nou ansekirite epi lwe n move konsekans.



5) Aplike Leson an

Objektif aktivite sa a se ke yo konprann ke aksyon yo ka chwazi, men konsekans pou aksyon sa yo pa depann de nou. Ede timoun yo panse a aksyon ak konsekans ki ale ansanm. Defini “konsekans” — yon bagay ki rive kòm rezilta yon aksyon. Di: “M ap di ou yon istwa (aksyon), epi ou di m sa ki t ap rive (konsekans)”

1. Si mwen jwe deyò anba lapli (aksyon). M ap mouye (konsekans).
2. Ou rete leve epi jwe nan chanm ou pou yon bon tan apre ou te sipoze nan kabann. Ou al dòmi byen ta! (aksyon) W ap fatige nan demen epi w ap gen difikilte leve alè (konsekans).
3. Ou antre an kachèt nan kizin nan epi ou manje yon sak antye plen bonbon (aksyon). Vant ou fè ou mal (konsekans).
4. Ou ede manman ou netwaye tout jwèt ak lòt bagay ki bezwen ranje, san menm li te mande ou (aksyon). Li kontan jwenn èd ou, li pa twò fatige fè tout bagay poukont li, ou santi ou kontan anndan (konsekans).
5. Ou ka ajoute lòt egzanp ki apwopriye pou elèv ou yo.

Timoun lekòl matènèl ka gen anpil repons espontan ak entans. Pa reyaji twò. Gen pasyans epi prepare pou rediresye reyaksyon entans sa yo. Lòt pwofesè oswa asistan yo ta dwe vijilan pou chita ak yon timoun oswa menm deplase l nan yon lòt pati nan sal la si sa nesèsè.

Avanti Nimewo 10

Jenèz 3:7-24 ak Jenèz 5:5

Bondye te pwomèt pou voye yon Moun espesyal
ki t ap kraze Satan.

Kòmmanse klas ou a lè ou repase vèsè pou sonje a ak chante a. Pou repase vèsè pou sonje a sèvi ak diferan vwa chak fwa ou di vèsè a. Di timoun yo pou koute byen ki jan ou di vèsè a, apre sa eseye fè menm bagay. Premye, soufle l dousman, apre sa sèvi ak yon vwa nòmal, apre sa yon vwa fò (evite rele). Eseye l ak yon vwa ki chante, oswa separe chak mo nan yon stil kout e detache. Sèvi ak kreyativite ou pou jwenn plis lide pa w!

Di timoun yo: “Jodi a nou pral jwe wòl istwa nou te aprann semèn pase a.” Kite tout ti gason yo Adan, epi tout ti fi yo Èv. Gen yon lòt granmoun pou jwe wòl Satan. Rakonte istwa a ankò, fwa sa a ede timoun yo jwe wòl Adan ak Èv pandan ou ap kontinye. Eseye ede yo santi riz Satan ak laperèz ak kilpabilite Adan ak Èv te dwe santi.

Di sa: “Ou konnen, ti gason ak ti fi, nou ka aprann yon bagay ki trè enpòtan sou Bondye nan istwa sa a. Menm si li te trè tris ke Adan ak Èv te dezobeyi li, li te toujou renmen yo! Wi, Satan te jwenn pwòp move chemen pa l nan jaden an jou sa a, men Bondye te deja gen yon plan mèveye nan lespri li. Yon jou li t ap voye Yon Moun pou bat Satan yon fwa pou tout. N ap aprann sou sa pita, men pou kounye a senpleman sonje ke lanmou Bondye pafè, menm jan Bondye pafè. Li p ap janm sispann renmen ou kèlkeswa sa!”

Si tan an pèmèt, jwe aktivite ki soti nan semèn repase Avanti nimewo 4 a ki montre anba a.

Anvan klas, prepare kat ak bagay ki vre sou Bondye nan yon seri, epi bagay ki vre sou Satan nan yon lòt seri. Ekri youn nan karakteristik sa yo sou chak kat.

- Bondye — pafè, bon, janti, pwisan, fidèl, plen lanmou
- Satan — mechan, mantè, mechan, fò men se pa pi fò a, pa ka fè konfyans nan li


Mete 2 papye, youn make “Bondye”, epi lòt la make “Satan”.

Di timoun yo: “Nou pral wè konbyen nou konnen sou Bondye, ak Satan.” Melanje kat yo, epi leve yo youn pa youn, pandan w ap li mo ki sou chak kat pandan ou leve l. Mande: “Èske sa a matche ak sa nou konnen sou Bondye, oswa sa nou konnen sou Satan?” Mete chak kat swa sou bò “Bondye” a oswa sou bò “Satan” an.

Mete aksan ke Bondye TOUJOU kenbe pwomès li yo, ni benediksyon pou obeyi Bondye ak konsekans pou fè sa ki mal.

Lapriye ak timoun yo, remèsye Bondye pou lanmou li ki pa janm fini, ki pa janm chanje, ki pafè.

Avanti 9 ak 10: Bondye te pwomèt pou voye yon moun espesyal ki t ap kraze Satan.



Avanti Nimewo 11

Jenèz 6:5-8:22

Bondye TOUJOU kenbe pwomès li yo.



1) Etidye Leson an (anvan klas)

- Gen kèk moun ki te panse ke “pitit Bondye yo” se te zanj ki te tonbe. Men “pitit Bondye yo” pwobableman pa t zanj, paske zanj pa marye ni fè pitit (Matye 22:30; Mak 12:25). Gen kèk save ki kwè ke fraz sa a refere a desandan Sèt yo ki te marye ak move desandan Kayen yo. Sa t ap febli bon enfliyans moun fidèl yo epi ogmante depravasyon moral nan mond lan, ki t ap mennen nan yon eksplozyon mal.
- Bib la di ke Noe te “jis” epi “san repwòch,” men sa pa vle di ke Noe pa t janm peche. An reyalyte, youn nan peche li yo anrejistre nan Jenèz 9:20. Noe te yon nonm ki te renmen Bondye epi obeyi li.
- Noe te bati yon gwo batiman ki te sis fwa pi long pase laj li, egzakteman sa konstriktè bato modèn yo fè jodi a. Gwo batiman sa a te wo tankou yon bilding kat etaj.
- De nan chak bèt te antre nan batiman an ak Noe; sèt koup te pran nan bèt yo te itilize pou sakrifis yo. Gen kèk moun ki estime ke plis pase 125,000 bèt te ka antre nan batiman an.
- Lapli ki soti nan syèl la te tonbe sou latè pandan 40 jou, epi sous dlo anba tè a te monte, ki te kreye yon gwo inondasyon inivèsèl ki te kouvri tout latè pandan 5 mwa.
- Pou anviwon 5 lòt mwa, dlo yo sou latè te bese ale.



2) Kòmanse Leson an

Èske ou konnen kisa yon pwomès ye? (kite yo reponn) Yon pwomès se lè ou di yon moun ke ou pral fè yon bagay, epi ou fè li! Se konsa: MWEN PWOMÈT ou ke si ou se bon moun k ap koute, m ap ba ou yon ti gou nan fen klas nou jodi a! Èske ou panse m ap kenbe pwomès mwen? Èske ou fè m konfyans pou m di ou laverite? Nou pral aprann yon bagay ki TRÈ enpòtan sou Bondye jodi a: Bondye TOUJOU kenbe pwomès li yo. Di sa avè m. (Repete plizyè fwa)

Èd pou Pwofesè a

Sèvi ak imaj kolorye a kòm yon zouti ansèyman. Pale sou imaj la ak timoun yo pandan yo ap kolore. Sa a se plis pase yon fas on pou pase tan. L ap ede timoun piti yo konekte zèv atistik yo ak istwa a.



3) Anseye Leson an

Imaj ki ale ak Avanti 11 ak 12 yo ka jwenn apre Avanti 12.



Rakonte Istwa a

Anpil, anpil ane te pase depi Adan ak Èv te nan jaden Bondye te fè pou yo a. Yo te gen pitit, apre sa pitit pitit, apre sa pitit sa yo te grandi epi te gen fanmi tou. Apre yon bon tan, moun yo te sispann panse a gwo Bondye ki gen anpil pouvwa ki te kreye mond lan. Finalman, te prèske PA GEN PÈSONN ki te toujou renmen epi obeyi Bondye. Eksepte yon sèl moun. Non li te Noe. Menm si pèsonn lòt sou TOUT LATÈ pa t renmen Bondye, Noe te toujou renmen li. Lè moun pa konnen sou sèl vrè Bondye a, yo peche plis e plis. Moun nan tan Noe yo te tèlman mechan ke yo t ap fè youn lòt mal tout tan. Sa te fè Bondye tris, e fache tou. Li te kreye bèl mond sa a, men tout moun nan tout mond lan te tèlman egoyis e mechan. Yo pa t menm regrèt sa yo t ap fè. Bondye te deside detwi tout moun sou latè, tout eksepte Noe ak fanmi li. Li te vle lave tout peche ak tristès yo. Li t ap voye yon gwo inondasyon pou tout moun ki pa t obeyi li te mouri. Li te di Noe sa ki t ap pase, epi li te pwomèt Noe ke li t ap sove nan inondasyon an. Bondye te di Noe EGZAKTEMAN ki jan pou bati yon gwo batiman, gwo ase pou kenbe dè milye bèt, fanmi Noe, ak tout sa yo t ap bezwen pou yo ansekirite. Epi menm jan toujou, Noe te fè EGZAKTEMAN sa Bondye te di li fè! Li te bati gwo batiman an, ki rele yon lach, apre sa li te pote bèt yo sou batiman an, 2 nan chak kalite bèt ak zwazo. Apre sa, Noe te pote bèt yo

Leson sa a enpòtan anpil pou kwasans espirityèl ti moun ou yo. Li mete aksan sou yon atribi fondamantal Bondye: Li fidèl pou ou kenbe pwomès li yo! Nan yon mond kote ti kras bagay sèten, nou tout bezwen kèk bagay pou ankre nou, bagay nou konnen SAN DOUT.

sou batiman an. Finalman, Noe ak fanmi li te monte sou batiman an tou, epi Bondye te fèmen pòt la. Apre sa, JAN BONDYE TE PWOMÈT la, lapli a te vini. Li te fè lapli tèlman fò pandan 40 jou ke tout latè te kouvri ak dlo, epi JAN BONDYE TE PWOMÈT la chak moun ak bèt ki pa t sou batiman an te mouri. Dlo a te monte pi wo e pi wo jiskaske li te kouvri pi gwo mòn yo sou latè. JAN BONDYE TE PWOMÈT la lapli a te sispann nan moman ki te jis e bon an epi latè te kòmanse seche. JAN BONDYE TE PWOMÈT la, Noe ak tout moun ki te avè l nan lach la te ansekirite nan inondasyon an. Lè Bondye te di Noe ke se te lè pou kite batiman an, li te fè yon lòt pwomès. Li te pwomèt ke li pa t ap janm inonde tout latè ankò. Pou raple tout moun pwomès li a, li te fè yon lakansyèl. Pafwa apre lapli, ou ka wè lakansyèl la nan syèl la. Lè ou wè l, sonje ke BONDYE TOUJOU KENBE PWOMÈS LI YO!! (Repete fraz sa a ak timoun yo plizyè fwa) Sonje tou ke menm jan Bondye te sove Noe ak fanmi li nan inondasyon an, li toujou gen yon plan pou sove moun ki renmen l, si yo va fè l konfyans.

Lè ou kòmanse leson sa a, asire w ou gen Bib ou deyò kote timoun yo ka wè l. Raple timoun yo ke sa a se yon istwa vre ki t e vrèman rive. Se pa yon istwa fè kòm si yon moun envante. Tou sa Bib la di nou se vre, san dout!

Mande timoun yo sa yo t e aprann sou Bondye nan leson jodi a ke yo konnen san dout, kèlkeswa sa. (Bondye toujou kenbe pwomès li yo.)



Lwanj ak Adorasyon

“My God is so BIG” Si ou pa konnen chante sa a, ou ka envante pwòp melodi ou.

1. Bondye mwen tèlman GWO, tèlman fò e tèlman pwisan, pa gen anyen Bondye mwen pa ka fè

Bondye mwen tèlman GWO, tèlman fò e tèlman pwisan, pa gen anyen Bondye mwen pa ka fè

Li te fè pyebwa yo. Li te fè lanmè yo. Li te fè elefan yo tou

Bondye mwen tèlman GWO, tèlman fò e tèlman pwisan, pa gen anyen Bondye mwen pa ka fè

2. Bondye mwen tèlman GWO, tèlman fò e tèlman pwisan, pa gen anyen Bondye mwen pa ka fè

Bondye mwen tèlman GWO, tèlman fò e tèlman pwisan, pa gen anyen Bondye mwen pa ka fè

Mòn yo se pou li, rivyè yo se pou li, zetwal yo se travay men l tou.

Bondye mwen tèlman GWO, tèlman fò e tèlman pwisan, pa gen anyen Bondye mwen pa ka fè.

Pa gen anyen Bondye mwen pa ka fè. Pa gen anyen Bondye mwen pa ka fè...
Pou

OU!

Si ou ta renmen tande melodi chante sa a, ou ka jwenn li isit la:

<https://youtu.be/Aq1ZIC4lsEw>

Lwanj ak Adorasyon
Piske ritm melodi a ak mo yo te fèt an angle okòm ansman, si w ap anseye nan yon lòt lang, w ap pwobableman bezwen chanj e mo yo pou matche ak ritm melodi a. Yon lòt lide se chwazi yon melodi konplètman diferan epi kre yon pwòp chante ou!



Jenèz 6:8 - Noe te fè Bondye plezi.



4) Repase Leson an

Ki bagay ki pi enpòtan nou te aprann nan istwa Noe ak inondasyon an? (Bondye toujou kenbe pwomès li yo) Pi devan nan menm istwa Bib sa a, Bondye te di Noe sou yon lòt fason nou ka wè ke li toujou kenbe pwomès li yo. Li te di ke t ap toujou gen Prentan, Ete, Otòn ak Ivè. T ap toujou gen lajounen ak lannwit. Panse sou sa: Èske li toujou vin fè nwa lannwit? (Wi, byensik!) Èske li toujou vin fè klè nan maten ak pandan lajounen? (Wi, byensik!) Ki jan sa rive? Èske se yon maji? Non! Se menm Bondye a ki te kreye solèy la, latè, ak ou menm avè m. Li fidèlman pote lajounen pou nou ka travay, aprann epi jwe; epi lannwit pou nou ka repoze. Chak. Sèl. Jou.

Aktivite Memwa Bib
Sèvi ak metòd “tou pa m, tou pa w” la. Esplike timoun yo: Premye se tou pa m (lonje de men ou sou tèt ou), epi se tou pa w (lonje de men ou sou klas la). Di “Noe te fè Bondye plezi” (lonje sou tèt ou pandan ou di sa a, epi yo repete l pandan ou lonje sou yo).



5) Aplike Leson an

Pote kèk bagay ki raple sezon yo kote ou rete. Kèk kote gen plis chanjman dramatik pou sezon yo pase lòt, men chak kote gen kèk chanjman regilye sezon, menm si se sezon lapli ak sezon sèk. Pa egzanp, kote m rete m ta pote yon fèy otòn, oswa yon flè pou ete, oswa nouvo boujon nan yon pyebwa pou prentan. Si ou pa gen yon objè reyèl, pote yon imaj pou montre diferan sezon yo. Raple timoun yo ke lè yo wè chanjman sa yo, sa ta dwe raple yo ke **BONDYE TOUJOU KENBE PWOMÈS LI YO!!** Asire w ke ou kenbe **PWOMÈS PA W** epi ba yo ti gou ou te pwomèt nan kòmansman klas la! Fini tan klas ou a ak lapriyè. Esplike timoun yo ke lapriyè se fason nou pale ak Bondye. Bondye vle vin zanmi nou, menm si li tèlman pwisan, e nou pa! Lapriyè konsènan bagay ou te anseye yo jodi a soti nan Pawòl Bondye. Remèsye li paske li toujou fidèl pou kenbe pwomès li yo, kèlkeswa sa.

Timoun lekòl matènèl gen n kapasite pou sonje mo ak evènman ki asosye ak manyen, santi, tandè ak emosyon (ni ki agreyab ni ki bay laperèz). Se poutèt sa, nenpòt lè li apwopriye pou istwa a, pote objè ke yo ka manyen epi kenbe.

Avanti Nimewo 12

Jenèz 6:5-8:22

Bondye TOUJOU kenbe pwomès li yo.

Kòmanse klas ou a lè ou repase vèsè pou sonje a ak chante a. Fwa sa a, pandan ou ap repase vèsè a, chanje fason ou kanpe chak fwa. Lonje men ou anlè pandan ou di vèsè a. Bese desann atè pandan ou di vèsè a. Mete men ou sou tèt ou. Mete yon dwèt sou nen ou. Kanpe sou yon sèl pye. Mande: “Ki moun ki ka sonje sa nou te aprann sou Bondye semèn pase a?” Bay endis si ou bezwen. (Bondye toujou kenbe pwomès li yo.) Poukisa moun pafwa pa kenbe pwomès yo?

Petèt zanmi ou te pwomèt ke ou te ka pataje yon jwèt ki te vrèman espesyal. Yo te pwomèt ke apre yo te fin gen yon tou, yo t ap ba ou l pou yon tou. Men lè lè tou pa w te rive yo pa t kite ou genyen l. Sa pa t bèl, pa vre? Yo pa t kenbe pwomès yo paske yo te egoyis.

Petèt manman ou oswa papa ou te pwomèt ou ke nou tout t ap jwe deyò ansanm yon sèten jou lè yo te toulède lakay epi ou pa t lekòl. Yo te vrèman vle kenbe pwomès yo, men te gen yon gwo tanpèt jou sa a epi ou pa t ka soti deyò. Yo pa t kenbe pwomès yo paske yo pa t ka kontwole tan an.

Kounye a panse a Bondye k ap fè yon pwomès. Èske Bondye janm egoyis oswa mechan? Non, byensik non! Èske gen yon bagay ki pi fò pase Bondye? Non, menm tan an non paske tout mond lan te kreye pa li. Pa gen anyen nan tout mond lan ki ka anpeche Bondye fè sa li pwomèt.


Sa a se yon lòt bon leson pou kite timoun yo jwe wòl nan yon dram. Chwazi yon timoun pou Noe, madanm Noe, 3 pitit gason li, madanm yo. Rèl la ka bèt yo. Si ou gen yon gwo klas, deziyen “gwoup zwazo a,” “gwoup lous la,” “gwoup lyon an,” ak nenpòt lòt bèt ou chwazi. Pandan ou ap rakonte istwa a, kite timoun yo se aktè yo epi pran plezi jwe wòl istwa Noe a! Pale sou ki jan Noe te oblije siye bwa a (yo fè kòm si y ap siye, k ap fè bri pou koupe mòso bwa). Fanmi li ka ede tou! Rasanble tout bèt yo nan lach la, chak grenn k ap fè pwòp bri bèt pa li. Pale sou ki jan yo te santi pandan li te kòmanse fè lapli, ak ki jan moun ki te rayi Bondye yo te deyò sekirite batiman an. Fini lè ou mete aksan ankò ki jan BONDYE TOUJOU KENBE PWOMÈS LI YO! Raple yo ke lè yo wè yon lakansyèl nan syèl la, yo ta dwe panse a Bondye k ap kenbe pwomès li yo. Ka gen ti inondasyon nan yon kote, men tout latè p ap janm inonde ankò jan li te ye nan tan Noe a. Raple yo ke lè yo wè chanjman nan sezon yo, sa ta dwe fè yo panse a pwomès Bondye yo. Plante nan lespri yo yon konsyans prezans Bondye nan bagay òdinè, men ki trè enpòtan nan lavi a.

Si tan an pèmèt, fè timoun yo desine yon imaj kèk bagay ki raple yo pwomès Bondye yo. (Lakansyèl, bagay ki reprezante sezon yo kote ou rete)

Finis klas la ak lapriyè. Remèsye Bondye paske li tèlman janti e plen lanmou ke li pa t ap janm echwe pou kenbe pawòl li. Remèsye li pou gwo pouvwa li sou tout kreyasyon. Remèsye Bondye paske li toujou fidèl pou kenbe pwomès li yo, kèlkeswa sa.

Avanti 11 ak 12: Bondye toujou kenbe pwomès li yo.

15.



Avanti Nimewo 13

Jenèz 11:31-12:7, 15:1-6, 21:1-7, 22:16-18

dye te rele Abraram pou kòmanse yon gwo nasyon e pou li vin yon benediksyon pou tout m



1) Etidye Leson an (anvan klas)

- Te gen plis pase 300 lane depi gwo inondasyon ki te kouvri tout latè nan tan Noe a. Se te dènye fwa yo te anrejistre kote Bondye te pale ak limanite.
- Tera, papa Abraram, te kite Our pou li ale nan peyi Kanaran, men li te rete nan Aran pito. Tera te yon moun ki t ap adore lalin, e li t ap viv nan yon peyi kote anpil moun te adore lalin tankou yon bondye. Bondye te pwomèt pou li beni Abraram, men pwomès sa a te gen yon kondisyon: Abraram te dwe obeyi Bondye.
- Abraram, pa lafwa, te obeyi e li te kite tout bagay pou li swiv plan Bondye a.
- Twa pwomès te baze sou apèl Bondye te fè Abraram pou li kite peyi li. Premye pwomès Bondye te fè Abraram se te tè. Dezyèm pwomès yo te ofri Abraram se te desandan, e twazyèm pwomès yo te ofri Abraram se te ke li t ap vin yon benediksyon.
- Pwomès Bondye yo se te pou beni moun ki beni Abraram, modi moun ki trete Abraram avèk mepri oswa dezonè, e beni tout fanmi sou latè a atravè Abraram.
- Yo te di Abraram pou li kite plizyè bagay: peyi li, pèp li, ak kay papa li, men yo pa t di li anyen sou tè kote li t ap prale a. Pou li kite e pou li obeyi Bondye san li pa konnen kote li t ap prale, sa t ap difisil.
- Nou wè prèv obeyisans Abraram nan de fason diferan. Premyèman, li te kite. Dezyèmman, li te vin yon benediksyon.
- Desandan Abraram yo te rive posede peyi Kanaran an, men Abraram limenm pa t posede anyen pase yon kav lè li te mouri (Jenèz 23:17-20).



2) Kòmanse Leson an

Èd pou Pwofesè a

Kisa nou te aprann nan istwa nou sou Noe a? (BONDYE TOUJOU KENBE PWOMÈS LI). Jodi a nou pral aprann sou yon lòt moun nan Bib la, yon moun Bondye te fè kèk pwomès trè espesyal. Èske ou panse Bondye pral kenbe pwomès sa yo tou? Ann gade!

Foto ki ale ak Avanti 13 ak 14 yo ka jwenn apre Avanti 14.



3) Anseye Leson an

Pandan timoun yo ap kolorye foto a, pale avèk yo sou sa y ap kolorye. Poze yo kesyon sou foto a. Sa se yon bon moman pou ranfòse sa w ap anseye, p a sèlman yon aktivite ki pa gen sans.



Rakonte Istwa a

Anpil lane apre inondasyon an, lè anpil moun te fin fèt nan nouvo fanmi, te gen yon fanmi espesyal Bondye te chwazi pou li pale avèk li. Se te fanmi Abraram. Kounye a, lè Abraram te yon ti gason, paran li yo pa t konnen sèl vrè Bondye a. Yo te adore lalin! Sa ka sonnen tankou yon bagay komik, men petèt yo pa t janm tande pale sou sèl vrè Bondye a. Lè Abraram te fin grandi, Bondye te pale avèk li. Li te di Abraram pou li kite peyi kote li te toujou viv la e pou li ale nan yon lòt kote pou li fè kay li. Bondye t ap mande Abraram pou li fè li konfyans malgre Abraram pa t konnen sa ki t ap pase apre. Abraram te konnen nan kè li ke sa a se te vrè Bondye a, e ke se li menm yo te dwe adore, pa lalin. Donk lè Abraram te kwè nan Bondye, li te obeyi li! Bondye te di Abraram ke li t ap vin chèf yon fanmi moun ki te vrèman gwo. Li te pwomèt Abraram tou ke li t ap jwenn ase tè pou gwo fanmi li an vin yon nouvo peyi! Non sèlman sa, men Bondye te pwomèt ke tout moun sou tout latè t ap beni atravè fanmi Abraram. Wòw! Men tann. Te gen yon pwoblèm. Abraram ak madanm li, Sara, te deja trè granmoun tankou granmè ak granpè. Èske granmè ak granpè fè tibebe? Non! Donk ki jan Abraram ta ka gen yon gwo fanmi si li pa t menm gen yon sèl pitit? Abraram pa t enkyete li pou sa, paske li te konnen yon bagay ki te vrèman enpòtan: se menm bagay nou te aprann sou Bondye semèn pase a! Èske gen moun ki sonje sa l ye? (BONDYE TOUJOU KENBE PWOMÈS LI!) Abraram ak Sara pa t konnen ki jan sa t ap rive, men yo te fè Bondye konfyans, paske yo te kwè nan pwomès li yo. Sèten, nan moman ki te jis kòrèk la, Sara te gen yon tibebe nan vant li! JIS JAN BONDYE TE PWOMÈT LA!!

Sonje pou ou toujou kenbe Bib ou vizib lè w ap anseye yon istwa Bib. Kòm yon aktivite amizan, m ete yon mak liv kote istwa a Bib jodi a ye a (pou les on sa a, Jenèz 12). Jwe yon anrejistreman chante jodi a, epi fè timoun yo pase Bib ou fèmen an nan tout sal la youn apre lòt. Nan yon sèten moman, si spann mizik la, epi moun ki kenbe Bib la nan moman sa a ka louvri li nan kote mak liv la ye a epi pote li bay pwofesè a.

Lè pitit gason espesyal sa a te fèt, yo te rele li Izarak. Abraram te fè Bondye konfyans pou li pran swen Izarak tou, malgre te gen moman kote sa te trè difisil. Bondye te pwomèt Abraram ke li t ap vin papa yon gwo peyi, e ke li t ap toujou pran swen li. Bondye te di Abraram tou ke fanmi li t ap vin yon benediksyon pou tout lemond!

Èd pou Pwofesè a



Vèsè pou Sonje

Jenèz 12:3 - “M ap beni ou e ou menm w ap vin yon benediksyon.”

Pandan w ap prepare pou leson semèn pwochèn nan (Avanti #14), w ap bezwen deside si w ap demontre “Mache Konfyans” ak 2 granmoun, oswa fè timoun yo patisipe nan mache konfyans la.



Lwanj ak Adorasyon

“If You're Blessed and You Know It” (Yon adaptasyon de “If You're Happy and You Know It”)

Si ou beni e ou konnen sa bat men ou. (bat bat)

Si ou beni e ou konnen sa bat men ou. (bat bat)

Si ou beni e ou konnen sa, lavi ou sètènman pral montre sa.

Si ou beni e ou konnen sa bat men ou. (bat bat)

2yèm kouplè: Si ou beni e ou konnen sa frape pye ou...

3yèm kouplè: Si ou beni e ou konnen sa sote anlè...

Si ou ta renmen tande yon demonstrasyon melodi sa a, kopye epi kole lyen sa a nan navigatè ou:

<https://www.youtube.com/watch?v=jzea8D7-EvU>

Timoun lekòl matènèl pa fwa pè nwa. Fè atansyon ak sa lè w ap jwe jwèt “Mache Konfyans” semèn pwochèn. Pa janm fòse yon timoun fè yon bagay ki fè li vrèman pè. Yo ka chita ak yon pwofesè epi gade lòt yo si sa nesèsè. Prepare alavans. Si w ap planifye pou fè timoun yo patisipe nan “Mache Konfyans” semèn pwochèn, w ap bezwen kantite twal-je ki egal ak mwatye kantite timoun ou genyen nan klas la. Si w ap planifye sèlman pou demontre sa ak granmoun yo, w ap bezwen 1 twal-je.



4) Repase Leson an

Èd pou Pwofesè a

Ki pwomès Bondye te fè Abraram? (yon gwo fanmi, ki kòmanse ak yon pitit gason, Izarak; ase tè pou tout fanmi li; ke li t ap beni tout moun sou latè)

Èske Bondye te kenbe pwomès li yo? (Wi!!)



5) Aplike Leson an

Ki jan ou ka tankou Abraram? Bondye vle nou tout vin yon benediksyon, jis tankou Abraram te ye! Lè ou gen yon bon kado ki soti nan men Bondye, li vle ou pataje li ak lòt moun. Bay chak timoun nan klas la yon ti gode. Di yo ke ou pral distribye goute, men yo pa ka manyen goute yo jiskaske pwofesè a di yo ka fè sa. Mete 5-6 ti gode (krakè, ti moso fwi, oswa nenpòt sa ou chwazi) nan gode SELMAN apeprè ¼ nan timoun yo. Planifye sa konsa pou ou pa gen plis gode pou pataje. Fè yon ti poz jiskaske yo reyalize ke anpil nan timoun yo pa gen anyen nan gode yo. Mande: “Kisa ou panse moun ki gen anpil gode yo ta dwe fè kounye a?” Pataje!! “Wi, ou te beni ak gode anplis, donk ou ta dwe pataje ak moun ki pa gen anyen.” Kite yo fè eksperyans kè kontan ki genyen nan pataje.

Fini tan klas ou a ak yon lapriyè. Esplike timoun yo ke lapriyè se fason nou pale ak Bondye. Bondye vle vin zanmi nou, malgre li tèlman pwisan, e nou menm nou pa! Lapriyè sou bagay ou te anseye yo jodi a nan Pawòl Bondye a. Remèsye Bondye pou egzanp Abraram ki te fè Bondye konfyans malgre li pa t konnen sa ki t ap pase apre. Mande Bondye pou li ede chak moun ki la fè Bondye konfyans menm jan an. Lapriyè pou timoun yo gen yon okazyon pou yo VIN yon benediksyon pou yon moun semèn sa a. Lapriyè pou OU menm tou vin yon benediksyon pou yon moun semèn sa a. Timoun yo bezwen konnen ke sa w ap anseye yo a se reyèl nan pwòp lavi ou, pa sèlman yon bagay w ap di yo fè.

Anvan ou lapriyè, mande timoun ou yo fè 3 bagay :

- Bese tèt ou. Se konsa n ou montre Bondye respè.
- Mete de men ou ansanm. Konsa “men sa a” (leve men dwat ou) kenbe “men sa a” (leve men gòch ou) lwen pwoblèm, e “men sa a” (leve men gòch ou) kenbe “men sa a” (leve men dwat ou) lwen pwoblèm tou.
- Fèmen je ou. Sa ede nou panse sou pale ak Bondye olye lòt bagay ki antoure nou.

Avanti Nimewo 14

Jenèz 11:31-12:7, 15:1-6, 21:1-7, 22:16-18

dye te rele Abraram pou kòmanse yon gwo nasyon e pou li vin yon benediksyon pou tout m

Kòmanse tan klas ou a lè ou repase vèsè pou sonje a ak chante a. Apre ou fin repase chante a, chanje pawòl yo yon ti kras. Chante “Si ou beni pou ou vin yon benediksyon bat men ou”. Fè sa ak chak nan mouvman yo. Pou repase vèsè pou sonje a, divize klas la an de. Fè premye gwoup la di premye fraz vèsè a: “M ap beni ou.” Fè lòt mwatye a di dezyèm fraz la: “E ou menm w ap vin yon benediksyon.” Apre ou di li konsa kèk fwa, chanje pati yo epi di li ankò plizyè fwa.

W ap bezwen yon lòt granmoun oswa yon adolesan pou ede ak aktivite sa a. Mete aktivite a sou pye lè ou mande timoun yo ki bagay Abraram te dwe fè Bondye konfyans pou yo. (konnen kote li te sipoze ale, pitit gason yo te pwomèt la, tè pou fanmi li, ki jan li te ka beni tout lemonn) W ap demontre yon “Mache Konfyans” pou timoun yo. Yon granmoun ap mete yon twal-je pandan lòt la ap mennen li nan tout sal la. Pandan sa ap pase, pale ak timoun yo sou ki jan li santi lè w ap mache toupatou e ou pa ka wè sa ki devan ou. Esplike ke se konsa lavi nou ka santi pafwa. Pafwa nou ka pè paske nou pa konprann sa k ap pase. Nou bezwen raple tèt nou ke nou ka toujou fè Bondye konfyans pou li kenbe pwomès li yo.

Pou klas timoun 5 lane yo: Si tan ak espas pèmèt, kite timoun yo fè yon mache konfyans ansanm. Raple moun ki pa mete twal-je a ke li dwe pwomèt pou li yon gid ki merite konfyans! Si yon moun pa eseye anpeche zanmi li frape sou yon bagay, yo p ap kite li jwe jwèt la. Pale sou sa lè ou fini. Mande: “Èske li te fasil oswa difisil pou ou te fè konfyans moun ki t ap mennen ou toupatou a lè ou te gen twal-je a? Èske ou te fè yo konfyans?” Raple timoun yo ke malgre moun pafwa deseewa nou, Bondye p ap janm sispann renmen nou ak pran swen nou. Ede yo sonje ke Bondye ap toujou kenbe pwomès li yo!!

Sa pa fen istwa a. Bondye te pwomèt Abraram ke li t ap gen tèlman anpil moun nan fanmi li ke yo t ap plis pase zetwal nan syèl la! Èske ou janm eseye konte zetwal nan syèl la? Non sèlman sa, men se atravè fanmi Abraram ke Bondye t ap voye Moun ki sove a yon jou, ki t ap fè tout bagay byen ankò, jis jan li te ye nan jaden an.

Avanti 13 ak 14: Bondye te rele Abraram pou kòmanse
yon gwo nasyon e pou li vin yon benediksyon pou tout moun.



Avanti Nimewo 15

Jenèz 37:3-4, 37:23-28; 39:1-4; 45:4-13; 47:5-6

Bondye te toujou avèk Jozèf.



1) Etidye Leson an (anvan klas)

- Yon ka nan liv Jenèz la konsakre ak lavi Jozèf. Bondye te rakonte kreyasyon linivè a nan senk mo: “Li te fè zetwal yo tou.” Men Etènèl la konsakre chapit apre chapit ak istwa yon nonm ki pa menm te nan liyaj Mesi a.
- Jakòb te gen douz pitit gason ak kat madanm diferan. Pwomès Bondye te fè Abraram ak desandan li yo se te ke yo t ap vin yon benediksyon pou tout nasyon. Sepandan, pitit gason Jakòb yo pa t sanble yo te dwe fè pati sa.
- Pami douz pitit gason yo, Jakòb te gen yon pitit gason li te pi renmen, onzyèm pitit gason li, Jozèf, premye pitit madanm li te pi renmen an, Rachèl. Jakòb te montre li te pi renmen Jozèf nan anpil fason. Sa ki pi remakab, Jakòb te bay Jozèf yon abi espesyal ki te dwe pou premye pitit gason an.
- Dis gran frè yo te vin jalou Jozèf. Anba direksyon Jida, yo te deside vann li. Lòt frè yo te vle touye Jozèf menm. Men Bondye te sèvi ak Jida pou sove lavi Jozèf. Yon machann esklav te achte Jozèf epi mennen li Lejip.
- Nan Lejip, Jozèf te vin yon chèf, men madanm Potifa te fè avans seksyèl sou Jozèf. Li te menm akize li ke li te vle vyole li. Potifa te mete Jozèf nan prizon pou akizasyon sa a. Nan prizon, Jozèf te vin yon chèf tou e yon moun ki ka esplike rèv. Li te vin fòmman lòt prizonnye yo. Finalman, Jozèf te vin nonm ki pi respekte e ki pi gen pouvwa nan tout Lejip. Li te annapre Farawon limenm sèlman.
- Te gen yon grangou e fanmi Jakòb te tandè ke te gen manje nan Lejip. Pitit gason Jakòb yo te ale chèche manje, e finalman yo te resevwa li nan men Jozèf limenm. Jozèf pa t kenbe okenn rankin men li te padone frè li yo.
- Apre sa, fanmi Jakòb la te rete nan Lejip pandan anviwon 400 lane.



2) Kòmanse Leson an

Èd pou Pwofesè a

Èske gen moun isit la ki janm vizite yon lòt peyi? Ki kèk bagay ki ta diferan nan yon lòt peyi ki lwen kote ou rete? (Lang, manje, jan moun abiye) Si sa posib, jwe yon ti anrejistreman yon moun k ap pale yon lang okenn nan timoun ou yo p ap rekonèt. Èske ou panse li ta amizan pou demenaje al viv nan yon lòt peyi? Petèt, men sa ta yon ti kras pè e li pa fasil pou aprann tout nouvo bagay yo.

Foto ki ale ak Avanti 15 ak 16 yo ka jwenn apre Avanti 16.



3) Anseye Leson an



Rakonte Istwa a

Bonjou ti gason ak ti fi, non mwen se Jozèf. Mwen te viv lontan nan peyi Bondye te bay granrann mwen, Abraram. Èske ou janm tande istwa li? (Wi!) Enben, mwen te gen yon gwo fanmi. Te gen 12 ti gason nan fanmi nou! Mwen te prèske pi piti a, e gran frè mwen yo pa t renmen mwen menm piti. Mwen pa t vrèman pran sa kont, paske mwen te konnen Bondye te avèk mwen, e mwen te panse Bondye te gen yon travay trè espesyal pou mwen. Enben, yon jou lè mwen te gen anviwon 17 lane, gran frè mwen yo te voye mwen ale pou m al viv nan yon lòt peyi, yo rele Lejip, tou sèl. Yo te tèlman mechan! Lè mwen te rive la, mwen pa t konnen pèsonn, e mwen te kòmanse travay kòm yon sèvitè pou yon nonm trè enpòtan nan lame Lejip la. Non li se te Potifa. Èske ou ka di non sa a? Li te vrèman renmen mwen, paske Bondye te ede mwen fè yon bon travay tout tan. Men madanm li pa t twò janti, e li te di Potifa ke mwen te eseye fè li mal. Mwen pa t fè anyen mal, li t ap BAY MANTI sou mwen. Men byensi Potifa te kwè sa madanm li te di, e li te mete mwen nan prizon. Mwen ta ka vin vrèman fache, men olye sa, mwen te deside fè pi byen mwen kapab menm nan prizon. Epi ou konnen kisa? Bondye te avèk mwen nan prizon tou! Li te fè nonm ki te responsab prizon an wè konbyen mwen t ap eseye fò, e li te mande mwen pou m vin asistan li. Wòw! Mwen tèlman kontan Bondye te toujou avèk mwen, pou ede mwen fè sa ki te dwat. Li te menm ede mwen konprann sa rèv moun te vle di. Yon jou WA Lejip la te fè yon rèv ki te vrèman move. Okenn nan asistan li yo pa t konnen sa li te vle di. Youn nan moun ki te nan prizon avèk mwen

Si sa posib, sèvi ak yon pouppe pou rakonte istwa sa a. Ou ka fè yon poupye ak yon chosèt. Mete chosèt la nèt sou bra/men ou ak pati talon chosèt la sou anlè ponyèt ou. Pou fè bouch la, mete 4 dwèt ou ansanm nan pati zòtèy la, ak gwo pous ou anba pou ou fòme pati anwo ak anba bouch la. Desine yon figi sou poupye a epi ajou te kèk fil cheve sou tèt la si ou vle. Fè poupye a rakonte istwa a. Di timoun yo: “Poupye mwen an pral rakonte ou istwa Bib nan ou an jodi a. Se yon fòm moun, men Jozèf nan Bib la se te yon vrè moun, e istwa w ap tande jodi a te vrèman pase.”

te sonje ke mwen te ka konprann tout rèv yo, donk li te di wa a sa. E èske ou ka kwè sa? WA LEJIP LA te mande pou yon moun mennen mwen soti nan prizon an pou mennen mwen nan palè a!! Mwen te konnen Bondye te ka ede mwen, menm ak travay difisil sa a, paske li te toujou avèk mwen anvan nan moman difisil ak moman ki te fè pè. Sèten, Bondye te ede mwen di wa a sa rèv li a te vle di. T ap gen 7 lane pou rekòlte anpil anpil manje nan jaden yo. Apre sa t ap gen 7 lane kote anyen pa t ap pouse byen, e t ap gen pa gen manje. Mwen te di li ke li te dwe jwenn yon nonm ki vrèman entelijan pou sere manje pandan bon ane yo pou yo gen ase pi devan lè yo ta bezwen li. Li te mande MWEN pou m fè travay sa a!! Donk yon lòt fwa ankò, mwen te fè pi byen mwen kapab, mwen te konnen Bondye t ap la pou ede mwen jis tankou toujou. Ou sonje gran frè mechan mwen yo ki te voye mwen ale Lejip anpil lane pi bonè a? Yo te kèk nan moun ki te vin jwenn mwen pou mande manje lè pa yo te fini. Mwen ta ka mechan ak yo an retou, men mwen pa t vle fè sa. Mwen te vle fè Bondye plezi e padone yo. Tout fanmi nou te demenaje al Lejip avèk mwen pou yo te ka jwenn manje lè yo te bezwen li. Jis jan Bondye te pwomèt grangrann mwen Abraram, Bondye te fè nou vin yon gwo peyi ki plen moun. Li te TOUJOU avèk nou!



Vèsè pou Sonje

Jenèz 39:2 - Etènèl la te avèk Jozèf.



Lwanj ak Adorasyon

“God is So Good”

Bondye tèlman bon. Bondye tèlman bon. Bondye tèlman bon, li tèlman bon pou mwen.

Li te ouvri yon chemen. Li te ouvri yon chemen. Li te ouvri yon chemen, li padone peche mwen.

Mwen tèlman renmen li. Mwen tèlman renmen li. Mwen tèlman renmen li, li tèlman bon pou mwen.

Si ou ta renmen tande melodi chante sa a, ou ka jwenn li isit la:
<https://youtu.be/eg3bvbDVUTg>

Aktivite Memwa Bib
 Sèvi ak metòd “tou pa m, tou pa w” la. Esplike timoun yo: Premye se tou pa m (montre tèt ou ak de men), epi apre se tou pa w (montre klas la ak de men). Di “Etènèl la” (montre tèt ou pandan w ap di sa, epi yo repete sa pandan w ap montre yo) epi, “te avèk Jozèf”. Apre kèk fwa, mete fraz yo ansanm ak menm pwosesis la (tou pa m, tou pa w).

Nou deja aprann chante sa a, e n ap ajoute yon lòt liy nan li semèn sa a. Mandè timoun yo: “Èske ou sonje lè nou te chante chante sa a kèk semèn pase a?” Mandè youn oswa pli zye timoun pou yo vin asistan chante ou.



4) Repase Leson an

Èd pou Pwofesè a

Jwenn yon foto oswa desine yon foto senp pou reprezante chak nan bagay sa yo ki te difisil, ki te fè Jozèf mal oswa ki te dezapwente li: frè li yo, yon kat yon lòt peyi, yon prizon, madanm Potifa. Montre timoun yo chak foto epi kite yo devine kisa li reprezante. Apre sa, plwaye tout foto yo epi mete yo nan yon panye. Sou yon lòt moso papyè, ekri “BONDYE” an gwo lèt. Chwazi yon timoun pou kenbe papyè “BONDYE” a. Mande klas la: kiyès ki vle vin pran yon papyè nan panye a? Lè yo louvri papyè plwaye a, poze yon kesyon ki ale ak foto a. Pa egzanp, lè yon moun pran foto frè yo, di: “Kiyès ki te fè Jozèf mal?” Klas la reponn ansanm: “frè li yo!” Apre sa mande: “Kiyès ki te toujou avèk Jozèf?” Timoun ki gen papyè “BONDYE” a leve li anlè e tout moun reponn: “BONDYE!” Fè sa ak chak nan papyè plwaye yo.



5) Aplike Leson an

Di timoun yo: “Si yon moun te janm mechan avèk ou, leve men ou.” Konfime ke sa fè nou tris lè moun pa janti. Mande: “Èske ou janm santi ou vle mechan ak yo an retou? Èske Bondye vle nou mechan? Kisa ki ka ede nou vin tankou Jozèf e padone olye pou nou mechan?” (Konnen ke Bondye avèk nou e l ap ede nou.)

Fini tan klas ou a ak yon lapriyè ansanm ak timoun yo. Esplike timoun yo ke lapriyè se fason nou pale ak Bondye. Bondye vle vin zanmi nou, malgre li tèlman pwisan, e nou menm nou pa! Lapriyè sou bagay ou te anseye yo jodi a nan Pawòl Bondye a. Mande Bondye pou li ede chak moun fè li konfyans menm nan bagay difisil tankou Jozèf te fè. Lapriyè pou nou padone lòt moun lè yo pa janti avèk nou tankou Jozèf te fè ak frè li yo.

Timoun lekòl matènèl vl e tout bagay jis. Istwa lav i Jozèf la ka sèvi kòm yo n zouti pou anseye ki ka ede yo reyalize ke menm lè yon bagay pa “jis”, yo toujou ka chwazi pou yo janti. Pafwa yon timoun ka menm vin trè fache si li santi yon moun te mechan avèk li oswa pa t jis. Raple yo ke yo pa respon sab pou aksyon lòt moun , men yo SE responsab p ou pwòp aksyon pa yo.

Avanti Nimewo 16

Jenèz 37:3-4, 37:23-28; 39:1-4;
45:4-13; 47:5-6

Bondye te toujou avèk Jozèf.

Kòmansan tan klas ou a lè ou repase vèsè pou sonje a ak chante a. Lè w ap repase vèsè a, eseye metòd sa a: Bese ou ba toupren atè, epi di vèsè a trè dousman. Tikras pa tikras, leve, sèvi ak yon vwa ki yon ti jan pi fò chak fwa ou monte yon ti kras. Lè ou kanpe nèt, ou ta dwe sèvi ak “vwa anndan” ou ki pi fò a. Fè menm bagay la nan sans envès, vin pi dous pandan w ap desann, jiskaske w ap chwichwi nan dènye repetisyon an.

Repase dramatik lavi Jozèf

Lè w ap fè istwa sa a vin yon dram, gen anpil posiblite pou aktè. Kèk ou ka chwazi se: Jozèf, 11 frè, Jakòb, Potifa, Farawon, Gadyen prizon an. Asire ou li pasaj ekriti yo ki nan kòmansman leson sa a pou ou gen yon bon konpreyansyon detay istwa a. Kenbe Bib ou nan men ou epi li ti pòsyon nan pasaj la pandan w ap bay timoun yo enstriksyon sou chak sèn. Ou ka antre nan yon ti kras plis detay sou chak pati nan lavi Jozèf.

Men sèn yo:


1. Jozèf fè rèv. (Frè li yo jalou e yo vann li bay machann esklav.)
2. Jozèf nan kay Potifa
3. Jozèf nan prizon
4. Jozèf ak Farawon an
5. Jozèf ak frè li yo

Pou fen chak sèn, chwazi 1 volontè pou repete istwa prensipal la. Apre 1 timoun di li, tout klas la repete istwa prensipal la.

Sa se yon istwa ki vrèman amizan pou jwe wòl, men asire ou ke ou toujou retounen nan istwa prensipal la. (Ou jwenn li nan tèt chak paj, jis anba referans Ekriti yo) Se laverite santral ou vle pou klas la sonje a. “Bondye te toujou avèk Jozèf.”

Fini tan klas ou a ak yon lapriyè. Esplike timoun yo ke lapriyè se fason nou pale ak Bondye. Bondye vle vin zanmi nou, malgre li tèlman pwisan, e nou menm nou pa! Lapriyè sou bagay ou te anseye yo jodi a nan Pawòl Bondye a. Mande Bondye pou li ede chak moun fè li konfyans menm nan bagay difisil tankou Jozèf te fè. Lapriyè pou nou padone lòt moun lè yo pa janti avèk nou tankou Jozèf te fè ak frè li yo.

Avanti 15 ak 16: Bondye te toujou avèk Jozèf.



Avanti Nimewo 17

Egzòd 1:1-14, 3:1-17,
7:20-14:31

Bondye te sèvi ak Moyiz pou sove pèp li a.



1) Etidye Leson an (anvan klas)

- Bondye te pale ak Moyiz pou premye fwa sou Mòn Sinayi a lè li te pale ak Moyiz nan yon touf bwa ki t ap boule. Se menm mòn sa a tou kote Bondye t ap bay Moyiz Dis Kòmandman yo (Egzòd 19:1-20:21).
- Bondye te vle libere pèp li a anba esklavaj, donk li te voye 10 plak pou montre kiyès li te ye ak kijan li te ye. Okenn nan bondye Lejip yo pa t kapab kanpe kont Bondye Bib la.
- Dènye plak sou Lejip la se te lanmò premye pitit gason chak kay. Piske yo te konsidere Farawon kòm diven, pitit gason li te “pitit gason yon bondye.”
- Kominote kwayan yo te dwe touye yon ti mouton nan kè aswè epi gaye san bèt yo te touye a sou de kote ak anlè poto pòt kay la.
- Bondye te vle premye pitit gason an konsakre ba li paske nan tan sa yo premye pitit gason an se te sa ki pi gen valè e ki pi chè pou chak fanmi. Lè yo te konsakre premye pitit gason yo ba li, yo t ap bay li sa ki pi bon nan men yo.
- Ti mouton an se te yon sakrifis. San inosan li te koule.
- Pèp Bondye a te konnen ke pou yo te ka chape anba lanmò, yon vi inosan te dwe sakrifye nan plas yo.
- Lè yo te touye ti mouton an, Izrayelit yo te koule san inosan. Ti mouton an se te yon sakrifis, yon ranplasan pou moun ki t ap mouri nan plak la. Apati pwen sa a, pèp Ebre a t ap byen konprann ke pou yo te ka chape anba lanmò, yon vi inosan te dwe sakrifye nan plas yo.



2) Kòmanse Leson an

Èd pou Pwofesè a

Èske ou sonje semèn pase a, ki te non moun ki te mennen pèp Bondye a Lejip la? (Jozèf) Poukisa fanmi Jozèf te vin Lejip? (pou jwenn manje) Kiyès ki te moun anvan sa a, granrann Jozèf? (Abraram) Ki pwomès Bondye te fè Abraram? (yon gwo fanmi, ki kòmanse ak yon pitit gason, Izarak; ase tè pou tout fanmi li; ke li t ap beni tout moun sou latè atravè fanmi Abraram) Èske Bondye te kenbe pwomès li yo? (Wi!!) Bondye te vrèman fè yon GWO gwoup moun ki tout te kòmanse ak Abraram. Anpil lane te pase, e plis ak plis fanmi te gen pitit, jiskaske finalman te gen plis pase yon milyon moun! Sa ase moun pou plen yon vil ki vrèman gwo!

Foto ki ale ak Avanti 17 ak 18 yo ka jwenn apre Avanti 18.

Pote foto ki soti nan Avanti 13 ak 15 pou montre pandan w ap poze kesyon repase “Kòmanse Leson an”. Sa pral ede timoun yo sonje istwa anvan yo. Ou ka bezwen bay kèk endis pou ede yo reponn.



3) Anseye Leson an



Rakonte Istwa a

Èske ou sonje konbyen wa Lejip la te renmen Jozèf? Li te mete Jozèf an chaj tout peyi a! Men wa sa a te mouri lontan deja, e nouvo wa a pa t konnen Jozèf. Li te enkyete ke pèp Bondye a t ap pran kontwòl, paske yo te tèlman anpil. Li te deside fè yo travay trè di pou yo ta fatige e fèb, pa fò. Li te trete yo trè mal. Pèp Bondye a te trè tris, e yo te lapriyè Bondye pou èd. Jis tankou toujou, Bondye te gen yon plan! Te gen yon nonm yo te rele Moyiz, ke Bondye te chwazi pou li vin chèf pèp li a. Kounye a ou ka panse ke Moyiz se te yon nonm ki gwo, fò, e vanyan, men li pa t ye. Li te di Bondye okòmansman ke li pa t ka fè travay sa a; li te twò pè. Men sa Moyiz te dwe aprann se ke li pa t ap janm pou kont li nan gwo travay sa a. Bondye t ap avèk li e li t ap ede li. Non nouvo wa a se te Farawon. Lè moman an te kòrèk, Moyiz te antre pou wè Farawon. Li te di: “Kite pèp mwen an ale!” Enben, Farawon pa t vle tout moun sa yo sispann fè travay li, donk li te di: “Pa janm!” Sa se te yon gwo erè! Li pa t kwè nan sèl vrè Bondye a tankou pèp Bondye a, e li pa t konnen kijan pwisan Bondye te ye! Li te kwè nan fo bondye Lejip yo, tankou bondye mouch yo, bondye bèf yo,

Pandan timoun yo ap kolorye foto sa a, raple yo ke batay la pa t vrèman ant Moyiz ak Farawon, malgre li te ka sanble konsa. Chak nan plak yo se te pou montre ke Bondye te pi pwisan pase bondye Lejip yo. Te gen yon bondye mouch, krikèt voras, krapo, e konsa de swit. Tout dis plak yo te gen youn nan fo bondye yo pou mache. Chak fwa Bondye te voye pwochen plak la, tout moun ki la te ka wè ke Bondye Izrayèl la te pi fò.

ak bondye solèy la. Tout bagay sa yo se bagay sèl vrè Bondye a te kreye, e nou pa ta dwe janm rele bagay ki kreye “Bondye.” Lè Farawon te panse “bondye mouch la” te ka ede, Bondye te voye yon gwo nyaj mouch vin nan Lejip. Yo te ka apèn wè paske te gen tèlman anpil mouch nan lè a. (Fè konmsi w ap wè yon gwo eswarm mouch k ap vwonbi.) Lè Farawon te panse “bondye bèf la” te ka ede, Bondye te voye yon maladi sou tout bèf Lejip yo pou yo te mouri. Lè Farawon te panse ke bondye solèy la te ka ede, Bondye te voye fènwa nan Lejip nan mitan jounen an. (Fè konmsi w ap eseye mache toupatou nan fènwa.) Chak fwa Bondye te voye yon jijman Farawon te di ke pèp Bondye a te ka ale, men apre li te chanje lide li e li te di: “Non! Nou dwe rete e vin esklav nou.” Te gen yon dènye jijman ki t ap vini. Bondye te vle kenbe pèp li a an sekirite anba jijman tèrib la donk li te di yo pou yo sakrifye yon ti mouton. Ti mouton an t ap mouri nan plas yon moun. Yo te di pèp Bondye a pou yo prepare yon manje espesyal ak ti mouton ak pen aswè sa a. Yo te dwe pran kèk nan san ti mouton an epi pase li sou pòt kay yo. Yon bagay tèrib t ap rive nenpòt moun ki pa t obeyi. Yon moun t ap mouri nan kay ki pa t gen san an sou pòt la. Aswè sa a, pi gran pitit gason chak kay Lejipsyen te mouri. Menm pi gran pitit gason Farawon te mouri. Farawon te di Moyiz pou li pran pèp Bondye a epi ale! Anfen yo te lib!! Yo te kite Lejip aswè sa a nan yon prese konsa, pen yo te toujou plat. Yo te kwit li kanmenm, e Bondye te di yo pou yo prepare pen menm jan an yon fwa pa ane pou yo ta toujou sonje kijan li te sove yo anba move Farawon an jou sa a. Yo te sou wout yo pou tè Bondye te pwomèt Abraram anpil lane anvan an!



Vèsè pou Sonje

Egzòd 12:12 - “Se mwen menm ki Etènèl la.”



Lwanj ak Adorasyon

“God Helps Me Be Brave”

Bondye ede mwen vanyan!

Bondye ede mwen vanyan!

(Lonje dwèt anlè) (Bende mis)

(Lonje dwèt anlè) (Bende mis)

Li kenbe men mwen e li ede mwen kanpe

(Kenbe men ansanm) (Fè 2 dwèt “kanpe” sou pla men ou louvri a)

Bondye ede mwen vanyan!

(Lonje dwèt anlè) (Bende mis)

Aktivite Memwa Bib
Èske ou te janm panse ke yon bagay t ap yon sèten fason, epi lè li te rive, ou te di: “Se pa sa mwen te atann!”? Di sa avè m. “Se pa sa mwen te atann!” Lè mwen lonje men m de bò sou ou, se tou pa ou pou di mo sa yo. (Pratike kèk fwa.) Tankou, petèt manman ou te fè yon manje ou pa t janm goute anvan, epi gran frè ou te di ou: “Li bon anpil; ou pral renmen l.” Apre sa lè ou te goute l, li te gen yon gou terib. Ou te di: “Se pa sa mwen te atann!” (Lonje men de bò pou klas la di: “Se pa sa mwen te atann!”) Oswa petèt ou t ap pral vizite yon kote byen lwen, epi pandan ou t ap panse sou li, ou te imajine kijan li t ap ye. Men lè ou te rive la, ou te di: “Se pa sa mwen te atann!” Pafwa sipriz la se yon bagay ki pa fè ou kontan, tankou ak manje a. Men pafwa, sa ou te atann lan pa t prèske bon menm jan ak sa ki te aktyèlman rive a. Vrè bagay la ka BYEN pi bon. Ann gade konbyen fwa nan istwa Bib la jodi a yon moun ta ka di: “Se pa sa mwen te atann!”

Imaj ki ale ak Avanti 27 ak 28 yo ka jwenn apre Avanti 28.



3) Anseye Leson an



Rakonte Istwa a

Pandan anpil ane, menm retounen jis nan kòmansman an, Bondye te pwomèt ke li t ap voye Yon Moun pou sove pèp li a. Èske ou sonje sèpan nan jaden an ki te tante Adan ak Èv pou yo peche a? Lontan depi lè sa a, Bondye te pwomèt ke yon jou ta gen yon Moun ki ta kraze Satan. Nan tout Bib la, Bondye pale sou Moun espesyal la ki ta vini yon jou. Pèp Bondye a te rele Moun sa a Mesi. Èske ou ka di mo sa a avè m? Li vle di “Moun ki sove a.” Ou wè, anpil fwa pèp Bondye a te esklav lòt moun. Yo te vle viv nan tè Bondye te pwomèt Abraram lan depi lontan, lib anba nenpòt lòt nasyon. Yo te panse Mesi a ta vini byen vit, men ane apre ane, yo te oblije kontinye tann. (Lonje men de bò pou klas la di: “Se pa sa mwen te atann!”) Finalman, tan an te jis kòrèk pou Bondye kenbe pwomès li a. Konsa, pwòp Pitit Bondye a te fèt nan yon fason byen espesyal. Ou ka panse ke Bondye t ap chwazi pi bon palè nan tout monn nan pou Pitit li a vini sou latè. Men Bondye te chwazi yon etab kote bèt yo abite kòm kote pou

Sonje pou ou toujou gen Bib ou vizib lè w ap anseye yon istwa Bib la. Kòm yon aktivite ki amizan, mete yon mak nan kote istwa Bib la jodi a jwenn (pou leson sa a, Lik 2). Si ou gen ti klòch pou timoun yo souke pandan tan Lwanj ak Adorasyon an, kenbe youn epi souke li. Si ou pa itilize klòch, jwe yon chante Nwèl ki anrejistre epi fè timoun yo pase Bib ou ki fèmen an nan sal la youn apre lòt. Nan yon sèten moman, sispann mizik la (oswa klòch la), epi nenpòt moun ki kenbe Bib la nan moman sa a gen dwa louvri li nan kote yo te make a epi pote li bay pwofesè a.

li fèt. (Lonje men de bò pou klas la di: “Se pa sa mwen te atann!”) Ou ka panse ke Bondye t ap chwazi yon manman ak yon papa ki rich oswa ki gen pouvwa pou leve Pitit li a. Olye de sa, Bondye te chwazi yon fanm pòv yo rele Mari ak mari li yo rele Jozèf, ki te fè bagay ak bwa. (Lonje men de bò pou klas la di: “Se pa sa mwen te atann!”) Bondye te deja di Mari ak Jozèf ke Mari t ap fè ti bebe sa a nan yon fason byen espesyal, epi yo te dwe rele ti bebe espesyal sa a JEZI. Pitit Bondye a te fèt. Non li te Jezi. Mari ak Jozèf te renmen Bondye anpil. Yo te li Pawòl Bondye epi yo te konnen sa te yon gwo onè. Sa te yon moman ki te tèlman eksitan! Jis panse sou li: Bondye te ap pwomèt pandan plizyè santèn ane ke Mesi a t ap vini yon jou, epi kounye a jou sa a te rive!! Kiyès ou panse ki t ap premye moun pou tandè bon nouvèl la? Kite timoun yo devine kèk. Petèt prezidan oswa wa peyi a? Petèt chèf vilaj la? Non menm! Yon gwoup bèje nan yon jaden. (Lonje men de bò pou klas la di: “Se pa sa mwen te atann!”) Pa sèlman sa, men Bondye te voye yon gwo gwoup ZANJ ki soti nan syèl la pou di bèje yo. (Lonje men de bò pou klas la di: “Se pa sa mwen te atann!”) Natirèlman, bèje yo te pè anpil pou wè zanj sa yo k ap chante nan mitan lannwit. Men yon fwa zanj yo te retounen nan syèl la, yo te reyalize ke yo te resevwa BÈL nouvèl yo te bezwen pataje. Konsa, yo te ale nan vil ki te pre a epi yo te di tout moun yo te ka jwenn bon nouvèl la!



Vèsè pou Sonje

Lik 2:11 - Jodi a, yon Sovè fèt.



Lwanj ak Adorasyon

“Christmas Bells” - sou melodi “Jingle Bells”

Klòch Nwèl, klòch Nwèl,

Sonnen yo tout lajounen.

Di monn nan ke Jezi te vini

Pou wete peche nou yo!

Klòch Nwèl, klòch Nwèl,

<https://youtu.be/M9gfgqPmdUyA>

Aktivite Memwa Bib

Itilize metòd “tou pa m, t ou pa ou” a. Eksplike timoun yo: Premyèman se tou pa m (lonje men de bò sou tèt ou), apre sa se tou pa ou (lonje men de bò sou ou klas la). Di “Jodi a, yon n Sovè” (lonje men sou tèt ou pandan ou di sa, apre sa fè timoun yo repete pandan ou lonje men sou yo), apre sa di “fèt”. Apre e kèk fwa, mete fraz yo a nanm ak menm pwosedi a (tou pa m, tou pa ou).

Lwanj ak Adorasyon

Si sa posib, gen kèk ti klòch pou timoun yo sonnen pandan w ap chante chante ante sa a.



4) Repase Leson an

Ann sonje kèk nan bagay ki te diferan de sa ou ta ka atann sou nesans Jezi a. Leve men ou si w ap panse ak yon bagay. Rele yon timoun pou bay yon repons. Apre sa di: “Si ou t ap panse ak menm bagay la, kanpe.” Kiyès ki ka di m yon lòt bagay ki te diferan de sa ou ta atann sou nesans Jezi a? Swiv menm modèl la jiskaske tout egzanp nan istwa a fin enkli.

Èd pou Pwofesè a

Timoun lekòl matènèl yo jeneralman aksepte tout sa pwofesè yo di fasil. Se pandan, ka gen yon timoun un 4 oswa 5 zan nan klas ou ki ase gran pou poze kèk kesyon difisil. Pa egzanp: “Kijan Bondye ka yon ti bebe?” oswa: “Kijan Bondye ka sèl vrè Bondye a men Jezi se Bondye tou?” Pa pè di yo: “Gen kèk bagay ki byen difisil pou nou konprann. Gen kèk bagay menm gran moun pa ka konprann sou Bondye. Si Bondye te a se fò epi ase saj pou kreye monn nan ak tout sa ki ladan l, li sètènman merite konfyans nan bagay sa yo.”



5) Aplike Leson an

Poukisa ou panse Bondye te chwazi yon kote byen òdinè ak moun byen òdinè pou akeyi Pitit li a nan monn nan? Bondye se kreyatè tout monn nan! Li te ka chwazi nenpòt kote li te vle, ak nenpòt moun li te vle. Mwen panse Bondye vle pou tout moun konnen ke lanmou li se pou TOUT moun. Pa sèlman moun ki rich, oswa selèb, oswa ki gen pouvwa. TOUT moun! Moun tankou OU!

Lapriyè, remèsye Bondye pou bèl plan li te genyen pou voye Jezi ban nou. Remèsye li pou gwo lanmou li pou TOUT moun. Remèsye li pou lanmou li pou chak ti gason ak ti fi nan klas ou a.

Avanti Nimewo 28

Lik 2:1-14, Matye 1:1-2, 18-25

Pitit Bondye a te fèt. Non li te Jezi.

Kòmanse pa repase vèsè pou sonje a ak chante a. Lè w ap repase vèsè a, eseye metòd sa a: Bese byen ba jis atè epi di vèsè a byen dousman. Tikras pa tikras, leve, sèvi ak yon vwa yon ti jan pi fò chak fwa ou monte yon ti kras. Lè ou fin kanpe nèt, ou ta dwe ap sèvi ak pi fò “vwa anndan” ou. Fè menm bagay la nan sans ranvèse, vin pi dou pandan w ap desann, jiskaske ou nan chwichwi nan dènye repetisyon an.

Pou repase istwa a semèn sa a, antre nan yon ti plis detay sou sèn nan Betleyèm. Rakonte kijan Mari ak Jozèf te oblije vwayaje soti nan vil natal yo pou siyen yon papye enpòtan (resansman an). Pale sou jan yo te dwe fatige pandan yo t ap ale. Apre sa lè yo te rive Betleyèm, yo te chèche yon kote pou rete, men pa t gen plas. Kisa yo t apral fè? Finalman, yon nonm janti te di yo te ka rete cho nan etab li a. Sa te pwobableman sèl bagay li te gen pou ofri. Yon lè nan lannwit lan, Jezi te fèt. Sa te yon evènman tèlman espesyal, ke Bondye te voye yon koral zanj pou anonse li! Eseye ede timoun yo santi jan bèje yo te dwe sezi epi pè. Bondye t ap kenbe pwomès li te fè Adan ak Èv lan lontan nan kòmansman an, lè li te di ke yon jou yon Sovè ta vini epi ta kraze Satan. Ti bebe sa a se te Sovè sa a. Li te sanble nenpòt lòt ti bebe, men li te byen diferan. Li te Bondye.

Apre ou fin rakonte istwa a semèn sa a, kite yo jwe wòl li. Selon konbyen timoun w ap anseye, ou ka bay plizyè timoun menm wòl yo, oswa gen yon gwo gwoup bèje ak zanj. W ap bezwen “antrene” yo nan chak pati.

Pale ak timoun yo sou kijan pwofèt Ezayi te ekri non egzak vil kote Jezi te fèt la 700 ane anvan. Kijan li te ka konnen sa? Fasil: Bondye te di l. Sonje ke Bondye te an chaj tout plan an. Se te plan li pou sove moun anba peche ak tristès yo si yo ta fè konfyans nan li.

Raple yo ke nesans Jezi a se rezon ki fè yo te kòmanse selebre Nwèl. Moun te ajoute bagay tankou Papa Nwèl ak ren, men vrè rezon pou selebre Nwèl la se sa: “Pitit Bondye a te fèt. Non li te Jezi.”

Lapriyè, remèsye Bondye ankò pou bèl plan li pou voye Jezi pou sove nou anba peche ki nan chak nan nou. Remèsye li paske li renmen chak moun nan monn nan tèlman ke Jezi te dispoze kite syèl la epi vini isit la kòm yon ti bebe nan premye Nwèl sa a.

Avanti 27 ak 28: Pitit Bondye a te fèt.

Non li te Jezi.



Jezi te byen espesyal depi lè li te fèt.



1) Etidye Leson an (anvan klas)

- Bondye te di Simeyon ke li t ap wè konsolasyon Izrayèl la. Konsa, lè Jezi te ase gran, Mari ak Jozèf te mennen l nan tanp lan. Lè Simeyon te wè yo, li te pran ti bebe Jezi a nan bra li epi li te beni l. Simeyon te deklare ke li te ka mouri an pè kounye a apre evènman sa a.
- Àn te yon vèv aje, 84 an. Li te yon vèv pandan pifò nan lavi li. Yo te rele l yon pwofèt, sa ki montre ke li te eksepsyonèlman pre Bondye. Li te rete nan tanp lan regilyèman, li t ap adore, fè jèn, epi louwe Bondye. Menm jan ak Simeyon, Àn te konnen ke Jezi se te redanmsyon Izrayèl la. Li se te Mesi yo te pwomèt la.
- Paske Àn ak Simeyon te viv nan yon kilti ki te bay granmoun valè, pwofesi yo te pote menm plis siyifikasyon.
- “Lalwa te kòmande yon jenn towò oswa yon ti mouton pou paran ki te ka peye yon ofrann konsa. Men pòv yo te gen dwa pote de jenn zwazo. Jozèf ak Mari te ofri sèlman sakrifis pòv yo a.”
- Pita, lè Jezi te gen 12 an, manman l ak papa l te ale ankò nan tanp lan pou adore, ansanm ak lòt moun. Nan tanp lan, li te kòmanse yon konvèsasyon byen sofistike ak save tan an yo nan tanp lan. Lè paran l yo te kite tanp lan, yo pa t reyalize Jezi pa t avèk gwo gwoup sa a. Anjeneral, fanm ak timoun te vwayaje devan yon gwo gwoup epi gason yo te dèyè. Jezi te ka vwayaje ak nenpòt nan de gwoup yo kòm yon ti gason 12 an.



2) Kòmansman Leson an

Nan kòmansman Bib la nèt, nou aprann ke Bondye se Sila a ki fò, ki pwisan. Ki kèk fason Bondye montre nou gwo pouvwa li? (Kreyasyon, inondasyon an, sove pèp li a soti nan Lejip) Kisa Bondye te bay kòm yon rapèl ke li TOUJOU kenbe pwomès li yo? (Lakansyèl) Ki kèk lòt fwa Bondye te fè yon pwomès epi li te fè sa li te di li t ap fè a? (Pitit Abraram ak Sara yo te pwomèt la, Izarak, tè pwomèt pou pèp li a, pa janm inonde latè ankò, pinisyon pou peche, gerizon ak sèpan an kwiv la, Mesi yo te pwomèt la)

Èd pou Pwofesè a

Imaj ki ale ak Avanti 29 ak 30 yo ka jwenn apre Avanti 30.

Pou aktivite sa a, jwe yo n jwèt yo rele “popkòn”. W ap poze yon kesyon, e pi si yon timoun konnen repons lan, li ta dwe “sote” leve nan chèz li a — ji s tankou popkòn! Enstwi timoun yo ke yo dwe tan n jiskaske ou fin poze ke syon an anvan yo ka sote leve. Pandan w ap jwe jwèt sa a, asire w ke ou luwe efò timoun ki bay yon repons yo, menm si li pa kòrèk. Olye di “Non, sa pa kòrèk,” ou ka di “Sa se yon bon eseye, èske gen lòt moun ki gen yon lòt lide?”



3) Anseye Leson an



Rakonte Istwa a

Mwen panse youn nan pi bèl pwomès Bondye te janm fè se ke yon jou Mesi a t ap vini epi li t ap bat Satan, twonpè a. Jezi se te Mesi yo te pwomèt la! Depi nan moman li te fèt, li te byen espesyal. Èske ou sonje sa ki te rive nan jaden ki te pre Betleyèm yo nan lannwit Jezi te fèt la? (Zanj te parèt devan bèje yo.) Bib la di nou tou ke te gen de moun Bondye te bay yon pwomès espesyal. Youn se te yon nonm yo rele Simeyon, epi lòt la se te yon fanm yo rele Àn. Yo te renmen Bondye anpil, epi yo te travayè nan tanp lan. Se te kote moun te vin adore Bondye. Bondye te pwomèt yo toulède ke yo t ap kapab wè Mesi yo te pwomèt la anvan yo mouri. Lè Jezi te fèt, yo toulède te byen granmoun. Èske ou panse yo te kwè ke Bondye t ap kenbe pwomès li te fè yo a? Lè Jezi te gen 8 jou, Mari ak Jozèf te mennen l nan tanp lan pou premye fwa. Se te lè pou ofri yon sakrifis, jis tankou pèp Bondye a te toujou fè nan tan sa yo. Devine ki tanp yo te ale a? Natirèlman, sila a kote Simeyon ak Àn t ap travay la! **BONDYE TOUJOU KENBE PWOMÈS LI YO!!** Yo te konnen lapoula ke sa se te Mesi yo te pwomèt la.

Lè Jezi te pi gran, anviwon 12 an, fanmi li te fè yon vwayaj nan Tanp lan nan Jerizalèm ansanm ak anpil lòt moun. Yo t ap ale la pou selebre Pak la. Te gen anpil matant, tonton, kouzen, ak zanmi ki t ap vwayaje ansanm. Li te pran plizyè jou pou yo mache soti lakay yo nan Nazarèt pou rive Jerizalèm. Sou wout lakay yo apre selebrasyon an, Mari ak Jozèf pa t ka jwenn Jezi okenn kote pami kouzen, matant, ak tonton li yo! Kote li te ye? Èske li te pèdi? Yo t ap chèche toupatou, men pèsonn pa t konnen kote pou jwenn Jezi. Mari ak Jozèf te tèlman enkyè ke yo te retounen tout wout la jis Jerizalèm, pou wè si li te la. Devine kote yo te jwenn li. Li te toujou nan Tanp lan! Jezi te mande: “Èske ou pa t konnen ke mwen t ap la, nan kay Papa m nan?” Li t ap pale sou Papa li ki nan syèl la — Bondye. Wi, Jezi pa t yon ti bebe, ti gason, oswa nonm òdinè. Li te BONDYE!!

Èd pou Pwofesè a

Aktivite Memwa Bib
 Itilize metòd “tou pa m, t ou pa ou” a. Eksplike timoun yo: Premyèman se tou pa m (lonje men de bò sou tèt ou), apre sa se tou pa ou (lonje men de bò sou klas la). Di “Jezi te grandi” (lonje men sou tèt ou pandan ou di sa, apre sa fè timoun yo repete pandan ou lonje men sou yo), apre sa di “an sante epi fò”. Apre kèk fwa, mete fraz yo ansanm ak memwa pwosedi a (tou pa m, tou pa ou).



Vèsè pou Sonje

Lik 2:40 - Jezi te grandi an sante epi fò.



Lwanj ak Adorasyon

“God Sent Jesus” (sou melodi “Baa baa black sheep”)

Bondye te voye Jezi, sèl Pitit li a

Li t ap vini jan Bondye te di

Li te obeyi manman l ak papa l

Li te grandi wo, fò, epi bon

Bondye te voye Jezi, sèl Pitit li a

Wi li te vini jan Bondye te di.

Si ou ta renmen tande melodi chante sa a, kopye lyen sa a epi kole li nan navigatè ou: <https://youtu.be/RScYH8o29ZM>

Lwanj ak Adorasyon
 Paske ritm melodi a ak mo yo te orijinèlman fèt an anglè, si w ap anseye nan yon lòt lang, ou pwobableman pral bezwen chanje mo yo pou yo mache ak ritm melodi a. Yon lòt lide se chwazi yon melodi konplètman diferan epi kreye pwòp chante ou!



4) Repase Leson an

Èske ou sonje de moun yo te bay yon pwomès ke yo t ap wè Mesi a anvan yo mouri yo? Kijan ou panse Simeyon te santi lè li te wè Jezi? Tigason yo, ann fè konsa nou se Simeyon. M ap di ou lè Jezi ap antre nan Tanp lan epi nou wè l pou premye fwa. Montre m sa ou panse Simeyon te ka fè. (Pare pou modèl eksitasyon, lwanj bay Bondye, lajwa.) Kounye a, tifi yo, ann fè konsa nou se Àn. M ap di ou lè Jezi antre nan Tanp lan. Montre m sa ou panse Àn te ka di oswa fè.

Èd pou Pwofesè a

Davans, prepare imaj kèk bagay ou te anseye sou yo o ki raple nou fidelite Bondye. Kèk lide: yon lakan syèl, solèy nan syèl la, yon bagay pou reprezante e sezon kote ou rete a, yon gwo batiman pou reprezante inondasyon an, yon ti bebe (Jezi). Mete imaj yo fas anba devan sal la. Chwazi yon timoun pou vin chwazi youn nan papye yo. Mande l pou l kenbe li byen wo pou tout moun ka wè l. Mande: “Èske gen yon moun ki ka di m yon ti kras sou poukis a sa raple nou fidelite Bondye?” Kite youn oswa plizyè timoun rakonte yon pati nan istwa a. Ou ka bezwen demare yo ak kèk endis. Si pèsonn pa sonje, lè sa a pwofesè a ta dwe bay yon ti deklarasyon kout sou rapèl sa a ki soti nan lesan pase yo.



5) Aplike Leson an

Kijan Simeyon ak Àn te konnen ke Bondye t ap kenbe pwomès li te fè yo a? (Pawòl Bondye te di yo istwa sou Bondye; pandan lavi yo, yo te wè Bondye kenbe anpil pwomès) Kijan OU konnen ke Bondye ap toujou kenbe pwomès li yo? (Lakansyèl nan syèl la; aprann anpil istwa nan Bib la ki rakonte pwomès li te kenbe; obsève sezon yo; wè solèy la leve chak jou)

Lapriyè ak klas ou a, remèsye Bondye paske li te voye Jezi pou sove nou anba Satan ak peche. Remèsye Bondye paske li toujou kenbe pwomès li yo, kèlkeswa sa ki rive. Mande: “Èske gen lòt moun ki ta renmen remèsye Bondye pou youn nan pwomès li deja kenbe yo?” Sijere yon lapriyè konsa: “Mèsi, Bondye, pou lakansyèl la ki raple nou ke Ou p ap janm inonde latè ankò.” Oswa pou yon timoun ki pi piti ou ka sijere yon lapriyè byen senp: “Mèsi Bondye pou lakansyèl la.”

Timoun lekòl matènèl yo pafwa ezite eseye nouvo bagay, sitou devan yon gwoup. Lapriyè ansanm se yon bon fason pou prezante yo lide pou priye awo twa. Pwofesè a ta dwe eksplike ke li pral di kèk mo, epi nenpòt moun ki vle ka priye menm mo sa yo bay Bondye. Pa janm fè yon timoun santi l fòs e pou priye. Kominikasyon ak Bondye dwe toujou soti nan yon kè ki vle.

Avanti Nimewo 30

Lik 2:22-52


Jezi te byen espesyal depi lè li te fèt.

Kòmanse tan klas ou a pa repase vèsè pou sonje a ak chante a. Pou repase vèsè pou sonje a, divize klas la an gwoup tigason ak tifi. Chwazi yon ekip pou ale anvan. Kite yo di vèsè a ansanm, apre sa bay lòt ekip la yon tou. Gade kiyès ki ka fè li pi byen, pi vit, pi dousman, epi pi fò.

Raple timoun yo ke Jezi te byen espesyal depi nan moman li te fèt (epi pandan tout lavi li sou Latè) paske li te BONDYE. Pou tan istwa a, fè timoun yo jwe de sèn yo. Kòmanse ak pwomès Bondye te fè Simeyon ak Àn. Mwen mande kijan Bondye te pale ak yo. Nenpòt jan li te ye, yo toulède te konnen sètènman ke yo t ap wè Mesi a anvan yo mouri. Ane apre ane yo te tann. Pandan yo t ap vin pi granmoun, sa te dwe difisil pou yo pasyan pandan yo t ap tann Bondye kenbe pwomès li a. Èske ou panse yo te janm mande tèt yo si Bondye t ap fè sa li te di a? Mwen espere non, paske nou tout konnen yon bagay sètènman: BONDYE TOUJOU KENBE PWOMÈS LI YO! Kite tout tigason yo fè konsa yo se Simeyon epi tout tifi yo fè konsa yo se Àn. Ede yo santi emosyon pou wè epi kenbe Mesi yo te pwomèt la nan pwòp bra yo apre tèlman ane ap tann. Apre istwa sa a, Bib la pa di nou anyen lòt sou ane Jezi t ap grandi yo, jiskaske li te gen 12 an. Si ou te la pou dènye istwa nou an, èske ou sonje kote Mari, Jozèf, Jezi ak fanmi yo ak zanmi yo t ap ale? (Nan Jerizalèm pou selebre Pak la) Kisa ki te rive sou wout lakay yo? Fè konsa n ap fè yon long mache ansanm. (Mache sou plas.) Vizite Tanp lan, apre sa di: “Tout moun, li lè pou n ale lakay!” Kòmanse vwayaj retou nan Nazarèt la. Fè konsa n ap kanpe pou premye nwit lan, mache ankò. Kanpe pou dezyèm nwit lan, mache ankò. Sou twazyèm jou a, eseye jwenn Jezi. A o non! Kote li te ka ye?!? Deside retounen Jerizalèm. Repete aksyon mache ak dòmi yo pou yon vwayaj twa jou. Finalman, ou rive Jerizalèm epi ou antre nan Tanp lan. La ou jwenn Jezi. Li mande: “Èske ou pa t konnen mwen t ap nan kay Papa m nan?” Wi, Jezi te yon moun byen espesyal. Poukisa? Li te BONDYE!!

Lapriyè, remèsye Bondye pou bèl istwa ki ekri nan Pawòl li yo ki anseye nou kijan li ye. Remèsye li pou gwo lanmou li pou tout moun. Ankouraje timoun yo pou priye tou. Fè yon lapriyè “repete apre mwen”. Di: “Si ou ta renmen priye epi remèsye Bondye pou Pawòl li ak pwomès li yo, ou ka repetè lapriyè sa a pandan m ap priye.” Menm jan yo aprann nouvo vèsè Bib yo (Tou pa m, tou pa ou) priye an fraz kout epi kite nenpòt timoun ki vle, repetè lapriyè a apre ou di chak fraz. Raple yo ke lapriyè se fason nou pale ak Bondye. Se pa mo flamboyan. Ou ka priye nenpòt kilè, nenpòt kote.

Avanti 29 ak 30: Jezi te byen espesyal depi lè li te fèt.



Avanti Nimewo 31

Matye 4:1-11

Satan te tante Jezi. Jezi pa t peche.



1) Etidye Leson an (anvan klas)

- Apre Jezi te batize, Lespri Bondye te mennen Jezi nan dezè a kote li te fè jèn pandan 40 jou.
- Apre Jezi te fè jèn pandan 40 jou, dyab la te tante l twa fwa diferan.
- Twa eprèv yo te demontre ke Jezi te san peche epi li pa t ka peche.
- Premye eprèv la, vèsè 3-4, se te yon eprèv sou kalite Pitit li a. Li te grangou epi dyab la te eseye konvenk li ke si li te Pitit Bondye, li te dwe chanje wòch yo an pen. Se te volonte Bondye pou li te grangou nan moman sa a. Jezi te reponn ak Pawòl Bondye lè li te di ke moun ta dwe viv pa chak pawòl ki soti nan bouch Bondye (Detewonòm 8:3). Lè Jezi te site Detewonòm, li t ap rekonèt enfayibilite Bib la.
- Nan dezyèm eprèv la, vèsè 5-7, Satan te tante Jezi ak popilarite. Satan te site Sòm 91:11-12 yon fason ki pa kòrèk kote li di ke zanj yo t ap pwoteje l. Sepandan, Satan te kite deyò “nan tout chemen ou yo.” Sa te yon erè evidan Satan te fè epi Jezi te ankò reponn tantasyon an ak Ekriti a. Jezi te site Detewonòm 6:16, li te di Satan ke li pa t ap kòrèk pou eseye tante Bondye.
- Twazyèm eprèv la, vèsè 8-11, se te yon eprèv sou otorite Jezi. Si Jezi te bese devan Satan, li pa t ap te Ranplasan san peche a sou kwa a. Sa t ap te demontre soumisyon bay Satan. Ankò yon fwa, Jezi te reponn ak Ekriti a (Detewonòm 6:13 ak 10:20) lè li te di ke se Bondye sèl pou yo adore epi sèvi.



2) Kòmansè Leson an

Èd pou Pwofesè a

Èske gen yon moun ki sonje kiyès ki te tante Adan ak Èv lè yo te nan bèl jaden Bondye te fè pou yo a? (Satan) Kijan li te fè yo peche? (Li te bay manti, li te vle yo doute sou bonte Bondye) Èske ou ka panse ak yon lòt istwa nou te aprann kote Satan te tante moun pou yo peche? (moun nan tan Noe yo, nan dezè a lè yo te plenyen epi sèpan te mòde yo) Ebyen, ou pa ka prèske imajine sa, men Satan te panse li te ka menm fè Jezi peche!

Si sa posib, pote yon imaj (ki soti nan liv koloraj la) soti nan leson #7, 11, ak 21 pou montre timoun yo pandan w ap pale sou chak istwa nan “Kòmansè Leson an.”



3) Anseye Leson an

Imaj ki ale ak Avanti 31 ak 32 yo ka jwenn apre Avanti 32.



Rakonte Istwa a

Bib la pa di anyen sou ane Jezi t ap grandi yo depi lè li te gen 12 an epi li t ap poze pwofesè yo nan tanp lan kesyon, jiskaske li te yon nonm granmoun (anviwon 30 an). Jezi te batize pa yon nonm yo rele Jan, ki te yon disip sèl vrè Bondye a. Jezi te fè sa pou montre ke li te yon disip sèl vrè Bondye a tou. An reyalyte li TE Bondye! Men lè Jezi te batize, yon bagay byen espesyal te rive; Bondye li menm te pale soti nan Syèl la! Ou wè, sèl vrè Bondye a gen twa fason pou montre tèt li bay moun: Bondye Papa a, ki nan Syèl la, Bondye Pitit la, ki se Jezi, ak Bondye Lespri a, ki nan kè tout moun ki kwè nan li. Kounye a, finalman, tout moun t ap wè ke sa se te vrèman sèl vrè Bondye a. Li te vini sou latè kòm Pitit Bondye a pou montre moun kiyès Bondye te ye epi pou anseye yo sou li. Apre Jezi te batize, li te ale nan dezè a pou kont li. Li te pase tout tan li ap priye Bondye, ki se menm jan ak pale ak Bondye sou nenpòt sa ou ta renmen. Li te tèlman okipe ap priye epi jwi zanmitay Bondye, ke li pa t menm manje okenn manje pandan 40 jou. Wow! Sa se yon long tan pou pase san manje. Nan fen 40 jou sa yo, natirèlman li te grangou ANPIL. Se te nan moman sa a ke Satan te panse: “Jezi dwe ap santi l fèb epi malad paske li pa t manje. Petèt kounye a se yon bon moman pou eseye fè l peche.” Satan te konnen ke Bondye te pi fò pase l anpil, kidonk li te vle eseye atake Jezi lè li te fèb paske li pa t manje. Èske sa jis? Non!! Men sonje, dyab la rize

Sonje pou ou toujou gen Bib ou vizib lè w ap anseye yon istwa Bib la. Kòm yon aktivite ki amizan, mete yon mak nan kote istwa Bib la jodi a jwenn (pou leson sa a, Matye 4: 1-11). Jwe kèk mizik epi fè timoun yo pase Bib ou ki fèmen an nan sal la yon apre lòt. Nan yon sèt en moman, sispann mizik la, epi nenpòt moun ki kenbe Bib la nan moman sa a gen dwa louvri li nan kote yo te make a epi pote li bay pwofesè a.

epi mechan. Li pa pran swen sou sa ki jis. Konsa Satan te vin kote Jezi epi li te di: “Si ou se vrèman Bondye, fè kèk wòch chanje vin pen. Konsa ou ka gen yon bagay pou manje.” Satan t ap eseye fè Jezi obeyi l. Jezi te di: “Pawòl Bondye se sa ki pi enpòtan, se pa pen.” Satan te eseye ankò. Li te di: “Ou ta dwe pwouve tout moun ke ou se Bondye lè ou sote desann soti nan gwo batiman an epi gade zanj yo sove ou.” Jezi te konnen ke gwo pouvwa li pa t fèt pou fè parad devan moun, kidonk li te refize fè sa Satan te di. Satan te gen yon lòt lide ankò. Li te di: “M ap ba ou tout wayòm monn nan si ou senpleman adore m.” Kisa!?!? Adore Satan? Jezi te di: “Soti isit la, Satan! Pawòl Bondye di ke se sèlman Bondye pou yo adore, se pa okenn lòt bagay oswa okenn lòt moun.” Èske ou sonje tout lòt moun nou te pale sou yo nan kòmansman klas la? (Adan, Èv, zanmi Noe yo, pèp Bondye a) Yo tout te fè move chwa a lè Satan te tante yo. Jezi te fè bon chwa a! Li te montre nou ke li posib pou di non bay Satan.



Vèsè pou Sonje

Matye 4:4 - Jezi te di, moun dwe viv pa pawòl Bondye.



Lwanj ak Adorasyon

“The Devil Is A Sly Old Fox”

Ou ka envante pwòp melodi ou pou ale ak mo sa yo:

Dyab la se yon vye rena rize! (Fè yon figi mechan.)

Mwen ta renmen kenbe l epi mete l nan yon bwat. (Trase yon fòm bwat ak men ou)

Fèmen pòt la (fè mouvman sa a) epi voye kle a jete (voye l jete!)

Pou tout twonpri li te jwe sou mwen! (Mete men sou ranch ou, fè yon figi!)

(Bat men pandan w ap chante)

M ap obeyi sa Bondye di, m ap obeyi sa Bondye di, m ap obeyi sa Bondye di,

paske li te renmen m anvan.

Aktivite Memwa Bib
 Itilize metòd “tou pa m, t ou pa ou” a. Eksplike tim oun yo: Premyèman se tou pa m (lonje men de bò sou tèt ou), apre sa se tou pa ou (lonje men de bò s ou klas la). Di “Jezi te di ” (lonje men sou tèt ou p andan ou di sa, apre sa fè timoun yo repete pandan ou lonje men sou yo), apre sa di “moun dwe viv”. Apre kèk fwa, mete fraz yo ansanm ak menm pwo sedi a (tou pa m, tou pa o u).



4) Repase Leson an

Kounye a, nou wè ke Jezi te fè bon chwa a lè li te di “NON” bay tantasyon Satan yo. Ki kèk fason Satan tante OU pou peche? Ou ka bezwen demare timoun yo lè ou bay kèk lide. (Vin egois, pa obeyi manman oswa papa, bay manti, oswa vin mechan) Chwazi kèk lòt egzantp klas ou a ka gen difikilte avèk yo. Ede timoun yo wè ke yo gen yon chwa sou sa yo pral fè. Menm si yo santi yo anvi fè yon bagay ki mal, yo ka toujou chwazi fè sa ki dwat, jis tankou Jezi te fè.

Èd pou Pwofesè a

Timoun lekòl matènèl yo bezwen kapab deplase c hak kèk minit. Kòm yon pwofesè timoun piti, plan ifye tan klas ou a pou en kli yon varyete aktivite. Altène tan “tande” ak pat i ki pi aktif. Plis elèv ou yo piti, plis tan atansyon yo ap kout. Anjeneral li v re ke yon timoun ka chita trankil epi koute yon ba gay pou 1 minit pou chak ane laj li. Si ou gen yon klas timoun kat ak senk a n ou ka atann yo koute p ou anviwon senk minit al afwa. Si ou santi klas ou a ap vin ajite, gide yo na n yon ti “poz pou detire.” Di: “Tout moun kanpe. Kounye a lonje men ou a nlè otank ou kapab. Bese epi manyen planche a. S ote anlè 2 fwa. Vire touto tou. Bat men ou 3 fwa. C hita.” Apre sa retounen d irèkteman nan sa ou t ap anseye a.



5) Aplike Leson an

Lapriyè, mande Bondye pou ede nou tout di “NON” bay tantasyon Satan yo. Remèsye li pou egzantp Jezi te bay nan reziste tantasyon pou peche. Remèsye li pou lanmou li ak padon li lè nou peche.

Jwe yon jwèt yo rele “Blòk pou Konstwi.” Pote yon sak ki plen ak nenpòt kalite blòk. Yo ka an bwa, an plastik, an katon, oswa ou ka menm fè pa ou. Di timoun yo ke ou pral gade ki wotè ou ka bati tou ou a. Chak blòk ap reprezante yon moun yo te mansyone nan istwa jodi a. (Jezi, Jan, Satan, Bondye, Adan, Èv, Noe, zanmi Noe yo, Moyiz, pèp Bondye a) Chak fwa yon timoun panse ak yon moun, mete yon lòt blòk sou tou a. Gade ki wotè li ka ye. Jwe ankò, fwa sa a nonmen tout bagay ki te rive nan istwa a. Asire w ke chak timoun rakonte sèlman yon ti pati nan istwa a. Ou vle gen yon gwo tou.

Avanti Nimewo 32

Matye 4:1-11

Satan te tante Jezi. Jezi pa t peche.

Kòmanse tan klas ou a pa repase vèsè pou sonje a ak chante a. Pou repase vèsè pou sonje a, divize klas la an de gwoup. Fè yon gwoup di vèsè a, apre sa lòt gwoup la. Fè yo di vèsè a kanpe, apre sa chita. Gade ki fason yo di li pi byen.

Pou repase leson an, kite timoun yo di sa yo sonje sou batèm Jezi a. (Sa se premye fwa yo ekri sou Jezi depi lè li te gen 12 an, nan tanp lan. Li te batize pa Jan. Li te Bondye Pitit la. Nan batèm li, Bondye te pale soti nan syèl la.) Pote yon bòl oswa yon panye nan klas la ki plen ak wòch. Kouvri wòch yo ak yon twal, kòm si se te yon panye pen. Kenbe l kouvri jiska pati istwa a kote w ap pale sou tantasyon an. Apre Jezi te batize, li te soti pou priye (pale ak Bondye Papa a). Èske gen yon moun ki sonje sa li PA T fè pandan 40 jou li t ap pale ak Bondye yo? (Manje). Eseye ede timoun yo panse sou kijan li t ap ye pou pase san manje. Mande: “Konbyen nan nou ki gen yon bagay deja pou manje jodi a? Èske ou pwobableman pral manje yon lòt bagay anvan ou al dòmi aswè a? Kijan ou panse ou t ap santi w si ou pa t gen anyen menm pou manje pou yon jou antye? Apre sa pwochen jou a ou pa t gen anyen pou manje? Epi yon lòt jou ankò? E si ou te fè sa pandan 40 jou?!?” Apre sa, e si yon moun te pote yon panye plen ak pen fre, fèt lakay? Montre panye ou te pote a, toujou kouvri ak twal la. Bati antisipasyon pou pen delisye ou ta ka jwenn nan panye a! Ak yon jès dramatik, retire twal la pou montre... Wòch! A o non! Ou tèlman grangou, epi ou te panse ou t ap gen pen, men tann! E si ou te gen kapasite pou chanje wòch yo an pen pa mèvèy? Se konsa li te ye lè Satan te tante Jezi. Malgre Jezi te grangou anpil, li te konnen ke te gen kèk bagay ki pi enpòtan pase pen — pawòl Bondye yo. Satan te eseye tèlman fò pou fè Jezi peche, men Jezi se Bondye, kidonk li pa t ap janm fè sa Satan t ap di. Kounye a ann pale sou pwòp tantasyon pa nou yo. Ou ka pa t panse sou sa anvan, men lè w ap panse fè yon bagay ki mal, se Satan k ap tante ou. Bondye ap ede ou di “NON” bay tantasyon Satan yo si ou mande li. Pandan tan an pèmèt, fè timoun yo jwe wòl sitiyasyon ki ta ka tantasyon pou yo. Egzanp: pataje jwèt oswa vin tante pou refize pataje yon fason egois; obeyi paran yo oswa vin tante pou fè sa yo vle olye pou yo obeyi; kontante ak sa yo genyen oswa pran yon bagay ki pa pou yo. Santi w lib pou ajoute sitiyasyon ki aplikab pou elèv ou yo.

Lapriyè, remèsye Bondye paske li ede nou lè nou tante pou peche. Mande Bondye pou ede nou fè bon chwa a menm lè li difisil. Remèsye li pou lanmou li ak padon li lè nou peche.

Avanti 31 ak 32: Satan te tante Jezi.

Jezi pa t peche.



Avanti Nimewo 33

Matye 14:22-27 ak Mak 4:35-41

Jezi te montre pouvwa li lè li te kalme yon tanpèt.



1) Etidye Leson an (anvan klas)

- Lanmè Galile a se aktyèlman yon lak ki 680 pye anba nivo lanmè. Li antoure ak ti mòn ak gwo mòn. Anviwònman sa a souvan pèmèt gwo loraj vyolan.
- "Lòt bò lak la" te anviwon sis mil oswa anviwon 9.66 kilomèt. Dlo a gen anviwon 150-200 pye (46-61 mè) pwofondè.
- Disip Jezi yo te pechè ki te gen anpil eksperyans, men lè tanpèt sa a te leve, yo te panike.
- Mak ekri yon seri parabol, apre sa yon seri zèv Jezi te fè. Zèv Jezi yo te konfime pawòl Jezi yo. Avèk kat eksepsyon, tout mirak Jezi yo ekri anvan Mak 8:27. Pati sa a nan levanjil Mak la montre pouvwa Jezi sou lanati (4:35-41), sou moun ki gen move lespri (5:1-20), sou maladi fizik ki pa ka geri (5:25-34), ak sou lanmò (5:21-34).
- Apre yon jounen byen chaje ap anseye, Jezi te dòmi nan dèyè kannòt la. Douz apot yo te avè l nan kannòt la. Lòt kannòt te akonpaye yo.
- Disip yo te rele l "Mèt", men yo pa t aksepte ansèyman li nèt. Disip yo pa t konprann ke Jezi te gen pouvwa sou van ak vag yo. Jezi te reprimande yo pou "lapè kapon" yo te genyen.
- Repons yo "Ki moun sa a ye?" te montre ke yo poko te konprann ki moun Jezi te ye. Jezi te reponn: "Èske nou poko gen lafwa?" Sa te endike ke li te konnen yo poko te konprann pouvwa ak otorite li.



2) Kòmanse Leson an

Èd pou Pwofesè a

Dekri pou klas la youn nan moman ke ou te vrèman pè. Kite klas la pataje moman lè yo menm te pè tou. Di klas la ke leson sa a pale sou lapè. Men sa ki pi enpòtan, li pale sou pouvwa Jezi. Nan leson sa a, nou pral aprann plis sou pouvwa Jezi.

Foto ki ale ansanm ak Avanti 33 ak 34 ka jwenn apre Avanti 34.



3) Anseye Leson an



Rakonte Istwa a

Jezi t ap anseye yon gwo gwoup moun sou Bondye tout lajounen. Pwobableman li te fè cho, e Jezi te byen fatige paske li te kanpe la ap anseye. Nan fen jounen an, li te di zanmi li yo, ki rele disip yo, pou yo antre nan yon kannòt epi travèse pou ale lòt bò lak la. Jezi te tèlman fatige ke li te ale nan dèyè kannòt la epi li te kouche pou repoze. Byento li t ap dòmi. Kèk nan moun sa yo te pechè. Sa te travay yo chak jou anvan yo te kòmanse swiv Jezi. Konsa, yo te konnen kijan pou yo gide yon kannòt, menm nan dlo ajite, kote te gen anpil vag. Men nan nwit sa a, yon gwo tanpèt te leve pandan yo te nan mitan lak la. Vag yo te tèlman wo ke yo te pè kannòt la t ap koule. Yo te pè yo tout t ap mouri nan dlo a! Yo te gade toupatou pou jwenn Jezi, epi yo te wè ke li t ap dòmi. Yo te leve l epi yo te mande: "Jezi, èske ou pa pran swen ke nou tout pral neye nan tanpèt sa a?"

Si ou pa gen yon bon istwa sou lè ou te pè, ou ka pataje pa mwen! Pi bonè souvni mwen se lè mwen te gen 2 zan. Mwen te dwe fè yon operasyon nan je m. Souvni mwen se lè m t ap kite lopital la. Nat irèlman tou de je m te vlope, epi pandan papa m t ap pote m soti nan lopital la, mwen te ka tande machin yo k ap pase nan lari a ki te chaje. Mwen sonje yon moman lapè, m te santi danje machin yo k ap pase yo. Menm lè mwen te santi lapè sa a, mwen te sonje ke se papa m ki t ap kenbe m, epi mwen te konnen mwen te an sekirite. Mwen renmen pataje istwa sa a paske li se yon bèl konparezon ak fason ke sonje ke Jezi kenbe nou pre kè l ap chas e lapè.

neye nan tanpèt sa a?" Jezi te leve epi li te pale ak tanpèt la. Kisa? Kijan yon moun ka pale ak yon tanpèt? Enben, se Jezi ki te fè dlo a, konsa menm dlo a obeyi l! Li te di: "Rete trankil! Pe!" epi konsa, nan menm minit la, tanpèt la te sispann. Apre sa Jezi te pale ak zanmi li yo, disip yo. Li te mande yo: "Poukisa nou pè? Èske nou pa kwè m ap pran swen nou?" Disip li yo te toujou ap eseye konprann tout bagay sa yo, konsa yo te di youn ak lòt: "Ki kalite moun sa a ye? Menm van ak vag yo obeyi l!"



Vèsè pou Sonje

Mak 4:40 — "Poukisa nou pè? Èske nou pa fè m konfyans?"



Lwanj ak Adorasyon

"Bondye Bon Anpil."

Si ou pa konnen melodi chante sa a, ou ka envante pa ou, oswa sèvi ak yon melodi yon lòt chante ki ale ak pawòl yo. Remake ke gen 2 nouvo kouplè ki ale ansanm ak lesan sa a.

Bondye bon anpil. Bondye bon anpil. Bondye bon anpil, li bon anpil avè m.

Li pran swen mwen. Li pran swen mwen. Li pran swen mwen, li bon anpil avè m.

Li kalme tanpèt la. Li kalme tanpèt la. Li kalme tanpèt la, li bon anpil avè m.

Mwen renmen l konsa, mwen renmen l konsa. Mwen renmen l konsa, li bon anpil avè m.

Si ou ta renmen tande melodi chante sa a li ka jwenn isit la:

<https://youtu.be/eg3bvbDVUTg>.

Aktivite Memwa Bib
Sèvi ak metòd "tou pa m, tou pa w" la. Eksplike ti moun yo: Premyèman se tou pa m (lonje de men ou nan direksyon ou menm), epi apre se tou pa w (lonje de men ou nan direksyon klas la). Di "Pouki sa nou pè" (lonje dwèt nan direksyon ou menm pa ndan w ap di sa, apre yo repete sa pandan w ap lonje dwèt nan direksyon yo), apre sa, "èske nou pa fè m konfyans?" Apre kèk fwa, mete fraz yo ansanm avèk menm pwosis la. (tou pa m, tou pa w)



4) Repase Leson an

Èd pou Pwofesè a

Ki kalite bagay ki fè ou santi w pè? Kite plizyè timoun reponn. Kisa ki ka fè ou santi w mwens pè? (konnen ke Jezi ap avè w) Sonje ke nan istwa Bib la jodi a, Jezi te kite disip li yo nan tanpèt danjere a. Pafwa gen bagay nan lavi nou ki fè nou pè. Men sonje, Jezi te la menm avèk yo nan kannòt la. Li pral avè w tou, menm si ou gen bagay ki fè pè nan lavi w. Èske ou sonje istwa nou te genyen pi bonè sou Wa David? Li te ekri anpil chante sou Bondye ke moun te chante lè yo t ap adore Bondye ansanm. Yo rele yo Sòm nan Bib la. Youn nan Sòm David te ekri yo di konsa: "Lè mwen pè, mwen pral fè Ou konfyans, Bondye." (Sòm 56:3) Kijan David te ka fè Bondye konfyans lè li te pè? Li te renmen Bondye ak tout kè l, konsa natirèlman li te fè l konfyans. Lè ou panse sou tout bèl bagay Bondye te fè yo, ak gwo pouvwa li, sa fè ou vle renmen l plis an plis. Plis ou renmen l, plis w ap fè l konfyans.

Timoun lekòl matènèl yo gen yon santiman k ap g randi ke Bondye trè espe syal e reyèl olye li imajin è. Akoz sa, ede timoun y o panse sou fè l konfyans menm jan yon mouton f è bèje a konfyans. Fè ata nsyon pou ou pa sèvi sèl man ak egzanp sou fè Bo ndye konfyans menm jan ou fè paran ou yo konfy ans. Gen sansiblite pou ti moun ki soti nan fwaye k i kraze oswa ki pa gen pa ran ki gen lanmou.

Sitou, kite timoun yo kon nen ke Bondye renmen y o e li pran swen yo. Men m si moun pafwa ap dese vwa nou, Bondye ap touj ou renmen nou e pran sw en nou.



5) Aplike Leson an

Lapriyè, di Bondye mèsè paske li toujou avèk nou, menm nan moman ki fè pè nan lavi a. Mande Bondye pou ede nou fè l konfyans. Di l mèsè pou anpil istwa yo te ban nou nan Bib la ki kite nou wè gwo pouvwa Bondye ak fidelite li pou kenbe pwomès li.

Fè yon "repasyon ak blòk konstriksyon". Gade konbyen egzanp klas ou a ka sonje soti nan leson anvan yo sou moman lè Bondye/Jezi te montre gwo pouvwa li. Pou chak youn ki nonmen, mete yon lòt blòk sou tou ou a.

Avanti Nimewo 34

Matye 14:22-27 ak Mak 4:35-41

Jezi te montre pouvwa li lè li te kalme yon tanpèt.

Kòmanse lè ou repase vèsè pou sonje a ak chante a. Apre nou fin repase vèsè a tout ansanm, mande si gen yon moun ki ta renmen di l pou kont li. Kite volontè yo eseye. Louwe efò yo, menm si li pa pafè.


Sa a se yon bèl istwa pou jwe wòl tankou yon dram. Bay wòl pou foul la ak disip yo. Fè yon lidè jwe wòl Jezi. Men kèk sigjesyon pou ankadre timoun yo nan dram istwa a.

Kòmanse ak foul la ak disip yo ki chita sou yon ti mòn ap koute Jezi anseye. Apre sa foul la ka gade aksyon an nan kannòt la. Deziyen yon zòn pou se kannòt la. Jezi pral monte nan kannòt la epi kouche pou dòmi. Fè disip yo antre nan kannòt la epi kòmanse ranme. Apre yo fin ranmen pou kèk minit, yo reyalize vag yo ap vin ajite. Ede yo wè tanpèt la k ap vini! Montre yo kijan pou demontre lapè pandan yo ap eseye anpeche kannòt la koule. Petèt yo te pale youn ak lòt, ap eseye deside kijan pou mennen kannòt la an sekirite jouk sou rivaj la. Fè "disip yo" panche soti yon bò ale lòt bò, kòm si yo te nan yon kannòt. Finalman, nan dezespwa, yo chèche Jezi. Sanble yo fache avè l pandan yo akize l ke li pa pran swen ke yo te prèt pou neye. Jezi leve epi li reprimande tanpèt la. Li te di: "Vag yo, pe. Van an, rete trankil." Imedyatman, tanpèt la te ale. Apre sa Jezi te pale ak disip yo. Li te di: "Poukisa nou te pè? Èske nou pa fè m konfyans?" Men lesou ou vle timoun ou yo aprann: Lè w ap fè Jezi konfyans pou li avè w, ou pa bezwen pè menm si ou nan yon moman difisil. Èske ou sonje istwa m sou kite lopital la? Machin yo te toujou la. Danje a te reyèl, men mwen te sonje ki moun ki t ap kenbe m, epi mwen te konnen mwen te an sekirite. Ezayi 40:11 di "Li pote ti mouton yo nan bra l, li kenbe yo pre kè l." Si sa posib, montre yon foto yon bèje k ap kenbe yon ti mouton nan bra l. Di timoun yo: "Pwochè fwa ou santi w pè pou yon bagay, panse a tèt ou tankou ti mouton an ak bèje a tankou Jezi. Menm si bagay difisil pafwa rive, Jezi toujou avè w, menm jan li te avèk disip yo nan tanpèt la."

Aktivite: Jwe yon jwèt ki rele "Bondye dou, Bondye fò". Pou jwèt sa a w ap bezwen 2 fèy papye blan ak foto pou kolorye soti nan tout lesou anvan yo. Sou youn nan papye blan yo ekri mo a FÒ. Sou lòt papye a ekri mo a DOU. Mete 2 pankat sa yo nan 2 kote diferan nan espas ansèyman ou a. Bay chak timoun youn nan foto pou kolorye yo. Youn alafwa, fè chak timoun leve foto yo a. Mande klas la pou deside si chak foto montre pouvwa Bondye oswa dousè li. Kèk lesou montre tou de! Timoun ki kenbe foto sa a pral kanpe toupri papye ki make FÒ oswa DOU. Pale ak timoun yo sou karaktè Bondye. Li FÒ E li dou tou.

Lapriyè, di Bondye mèsi pou gwo pouvwa li, menm sou tan an. Di l mèsi paske li toujou avèk nou. Mande Bondye pou ede chak moun nan klas la fè l konfyans.

Avanti 33 ak 34: Jezi te montre pouvwa li
lè li te kalme yon tanpèt.



Avanti Nimewo 35

Jan 9:1-41

Jezi te geri yon avèg.



1) Etidye Leson an (anvan klas)

- Ezayi te pwofetize ke Mesi a t ap louvri je avèg yo (Ezayi 42:7). Nan Jan chapit 8, Jezi te pwoklame tèt li kòm "limyè monn lan". Gerizon sa a enpòtan paske Jezi te pote limyè bay nonm sa a.
- Disip yo te gen yon pwoblèm teyolojik. Yo te kwè ke tout soufrans te koze pa peche. Yo te oblije panse swa nonm sa a te peche nan vant manman l swa paran l yo te peche. Jezi te eksplike ke ni youn ni lòt pa t peche. Avègleman fizik nonm lan pa t koze pa peche.
- "Jou" te vle di tan Jezi te resevwa pou fè volonte Papa a. "Nwit" se limit tan ki fikse pou Jezi fè volonte Papa a. Nan ka sa a, se te lanmò Jezi ki t ap pwoche ki te "nwit".
- Lè Jezi te mete labou, ki te fèt ak krache, sou je nonm lan, sa te ka fè lòt moun sonje ke moun te fòme ak pousyè tè a. Jezi te pwobableman sèvi ak labou a kòm yon èd pou devlope lafwa nonm lan, pa kòm yon medikaman. Apati la, nonm lan te ale nan Pisin Siloe ki sou bò sidwès Jerizalèm. Nan pisin sa a, nonm lan te resevwa vizyon konplè.
- Farizyen yo te santi ke Jezi te vyole Saba a paske li te geri nan jou patikilye sa a. Yo menm te akize Jezi ke li te yon pechè.
- Farizyen yo te divize nan opinyon yo sou Jezi. Nonm ki te geri a te panse Jezi te yon pwofèt. Paran nonm lan te pè pou sijere okenn repons sou gerizon an oswa sou Sila ki te geri a.
- Farizyen yo te atake lafwa nonm lan, fanmi nonm lan, epi yo te joure l.



2) Kòmanse Leson an

Mande timoun yo: "Ki kèk moun ke tout moun konnen ki trè enpòtan?" Kite yo reponn, men prepare w pou ofri kèk sigjesyon tou. Kèk repons posib se lidè politik, moun rich, moun ki gen gwo otorite, moun ki popilè. Kisa ki fè yon moun enpòtan pou Bondye? Pa youn nan bagay sa yo! Bondye renmen TOUT moun paske chak moun te kreye pou vin zanmi espesyal li.

Èd pou Pwofesè a

Foto ki ale ansanm ak A vanti 35 ak 36 ka jwenn apre Avanti 36.

Pandan timoun yo ap kol orye foto a, pale ak yo so u sa y ap kolorye. Poze y o kesyon sou foto a. Sa a se yon bon moman pou r anfòse sa w ap anseye, p a sèlman yon aktivite san sans.



3) Anseye Leson an



Rakonte Istwa a

Yon jou Jezi ak zanmi li yo, disip yo, t ap mache nan yon vil. Yo te rive bò kote yon nonm ki pa t ka wè, ki te chita bò wout la. Lè yon moun pa ka wè, yo rele l yon avèg. Paske nonm lan te avèg, pèsonn pa t vle l travay pou yo. Te gen twòp bagay ki te difisil pou li fè. Li pa t gen okenn fason pou fè lajan, konsa li te chita bò wout la pou wè si yon moun t ap ba l yon ti moso oswa de manje pou manje. Jezi te vle bay avèg la yon bagay ki pi bon anpil pase manje. Èske ou ka devine kisa li te ye? Jezi te vle bay avèg la kapasite pou wè! Èske Jezi te yon doktè ki te ka ba li kèk medikaman espesyal? Non, Jezi te Bondye! Sèl vrè Bondye a. Paske li te kreye tout bagay, menm je moun, li te ka fè yo wè. Men Jezi te vle konnen si nonm lan t ap obeyi Bondye anvan, konsa Jezi te fè yon melanj labou, li mete l sou je nonm lan, epi li di l pou ale lave l nan yon pisin ki tou pre. Èske nonm lan t ap obeyi? Wi!! Li dwe te konnen ke Jezi te trè espesyal, paske li te fè konfyans sa Jezi te di, epi li te obeyi l egzakteman. Depi li te lave labou a sou je l jan Jezi te di l fè a, li te ka wè! Ann nou tout kouvri je nou pou yon minit. Li t ap tèlman difisil pou gen je ki pa janm ka wè anyen. Monn ou a t ap toujou nan fènwa, san limyè. Bib la di nou ke nonm sa a te avèg tout lavi l, depi premye jou li te fèt. Lè li te geri de avègleman li, natirèlman li te vle di tout moun gwo bon nouvèl la! Li te kwè san dout ke tout moun t ap kontan ke li te ka wè! Pifò moun te trè kontan pou li, men te gen kèk moun ki pa t

Pandan w ap rakonte pati istwa sa a, pretann ke se ou ki avèg la. Chita, man de charite, rankontre Jezi , resevwa labou pou je w, ale nan yon lòt pati nan chanm nan pou reprezant e pisin lan, epi lave labou a sou je w. Eseye imajin e sipriz ak lajwa pou w k a WÈ pou premye fwa na n lavi w!!

renmen Jezi paske li te toujou ap di yo sou peche nan lavi yo. Moun sa yo te di ke Jezi pa t dwe ede nonm sa a paske se te jou yo te konn ale adore Bondye ansanm. Jezi te konnen ke li te pi enpòtan pou ede yon moun pase pou swiv tout règ moun sa yo te envante. Jezi pa t regrèt sa li te fè, paske se te bon bagay pou fè a, menm si kèk lòt moun pa t renmen l. Se sèlman Bondye ki te ka fè yon avèg wè! Jezi se sèl vrè Bondye a, epi li te pwouve sa ankò nan jou sa a. Jezi te di: "Menm jan nonm sa a te konn gen yon monn ki te fènwa sèlman, mwen ba li limyè pou li ka wè."

Èd pou Pwofesè a

Aktivite Memwa Bib
Sèvi ak metòd "tou pa m, tou pa w" la. Eksplike ti moun yo: Premyèman se tou pa m (lonje de men ou nan direksyon ou men m), epi apre se tou pa w (lonje de men ou nan direksyon klas la). Di "Jezi t e di" (lonje dwèt nan direksyon ou menm pandan w ap di sa, apre yo repete sa pandan w ap lonje dwèt nan direksyon yo), apr e sa, "Mwen se limyè". Apre kèk fwa, mete fraz yo ansanm avèk menm p wosisis la (tou pa m, tou pa w).



Vèsè pou Sonje

Jan 8:12 — Jezi te di: "Mwen se limyè monn lan."



Lwanj ak Adorasyon

"Chante Avèg la" Sou melodi "Twinkle Twinkle Little Star"
Mwen te avèg, mwen pa t ka wè. Mwen te mande manje san sekou.
Jezi te vin jwenn mwen yon jou, li te pran tout fènwa m ale.
Kounye a mwen viv epi mache nan limyè, Jezi te fè tout bagay byen.
Si ou ta renmen tande yon demonstrasyon chante sa a, li ka jwenn isit la:
<https://youtu.be/yCjJyiqpAuU>

Lwanj ak Adorasyon
Paske rit melodi a ak pa wòl yo te fèt orijinèlman an angle, si w ap anseye nan yon lòt lang, ou pral pwobableman bezwen chanje pawòl yo pou yo ma tche ak rit melodi a. Yon lòt lide se chwazi yon melodi konplètman diferan, epi kreye pwòp chante w !



4) Repase Leson an

Jwe yon jwèt ki rele "Pous anlè". Fè yon deklarasyon sou istwa Bib la jodi a. Di timoun yo pou ba ou "pous anlè" si se yon vrè reyalite, oswa "pous anba" si li pa vre. Si li pa vre, chwazi yon timoun pou di tout moun sa li ta dwe di pou li vre. Apre sa repete deklarasyon vre a pou "pous anlè".

1. Istwa a te sou yon nonm ki pa t ka tande anyen. (Pous anba)
Nonm lan pa t ka wè anyen. (Pous anlè)
2. Jezi pa t renmen nonm lan paske li te avèg. (Pous anba)
Jezi renmen tout moun! (Pous anlè)
3. Jezi te mete labou sou je nonm lan. (Pous anlè)
4. Jezi te di nonm lan pou ale lakay li epi dòmi ak labou sou je l. (Pous anba)
Yo te di l pou lave labou a nan yon pisin ki tou pre. (Pous anlè)
5. Se sèlman sèl vrè Bondye a ki te ka fè yon moun wè san okenn medikaman. (Pous anlè)

Lè w ap lapriyè pou elèv ou yo, mande Bondye pou u "louvri je kè yo". Lapriyè se yon pati enpòtan nan ministè ou pou timoun ke Bondye konfyè ou yo. Ou ka se sèl moun nan tout monn lan ki lapriyè pou yo regilyèman. Se sèl man letènite ki pral revele diferans w ap fè nan jè n lavi sa yo!



5) Aplike Leson an

Ann panse sou istwa nou sot tande a. Jezi te ban nou yon bèl egzanp sou kijan pou renmen tout moun, kit yo menm jan ak nou, kit yo diferan nan kèk fason. Kijan nonm nan istwa sa a te diferan? (Li te avèg.) Èske Jezi te inyore avèg la paske te gen yon bagay ki pa t bon avè l? Non! Jezi te konnen ke li te ka retire avègleman an ak gwo pouvwa li. Men ou menm? Ou ka pa gen yon pwoblèm ak je w, men nou tout gen yon pwoblèm ki pi gwo toujou pase sa. Se pwoblèm peche a. Chak moun ki te janm fèt (eksepte Jezi) gen yon gwo pwoblèm ak peche. Ou wè, nou tout fè bagay ki mal. Ki moun ki ka padone nou pou move bagay nou fè yo? Se sèlman Jezi. Epi èske ou konnen kisa? Li pral padone nenpòt moun ki mande l, kèlkeswa moun ou ye.

Lapriyè, di Bondye mèsè pou gwo lanmou li pou tout moun. Di l mèsè pou konpasyon ak pouvwa li te montre pou geri avèg la. Sitou, di l mèsè paske li te soti nan syèl la vin sou tè a pou sove nou de peche nou.

Timoun lekòl matènèl yo pral renmen tande (epi repete) istwa Bib pi renmen yo ankò e ankò. Lè yo n timoun rive bonè nan klas, mande l pou di w istwa Bib li pi renmen an. Ou ka sezi konbyen deta y kèk nan yo ka sonje. Ou ka sezi tou tande sa yo te PANSE ou t ap di!

Avanti Nimewo 36

Jan 9:1-41

Jezi te geri yon avèg.

Kòmanse lè ou repase vèsè pou sonje a ak chante a. Pou repasyon vèsè a, sèvi ak vwa diferan chak fwa ou di vèsè a. Di timoun yo pou koute byen kijan ou di vèsè a, apre sa eseye fè menm jan an yo menm. Premyèman, di l dousman tankou yon chwichwi, apre sèvi ak yon vwa nòmral, apre yon vwa fò (evite rele). Eseye l ak yon vwa k ap chante, oswa separe chak mo nan yon stil kout, detache. Sèvi ak kreyativite ou pou jwenn plis lide pa ou.


Kite timoun yo ede w pandan w ap rakonte istwa avèg la ankò. Lè ou fin fè repasyon istwa a, fè aktivite ki vini apre a. Pote yon kat monn lan oswa yon kat peyi ou a. Si ou pa ka pote yon kat, desine yon kat sou yon gwo moso papye. Prepare davans plizyè ti moso papye wouj oswa twal. Gen kèk tep, oswa yon lòt adezif pou yo ka kole sou kat la. Fè youn nan moso wouj yo nan fòm yon kè, e pi gwo anpil pase rès yo. Di timoun yo ke menm jan avèg la te gen yon pwoblèm, gen anpil moun nan monn nou an k ap souffri yon fason oswa yon lòt. Gen kèk ki pa gen okenn manje pou manje, gen kèk ki malad, gen kèk ki rete nan yon kote kote toujou gen batay ak lagè. Pandan w ap mansyone chak pwoblèm, mete yon moso twal wouj oswa papye sou kat la yon kote. Monn nou an gen pwoblèm sa yo akòz peche. Mete gwo kè wouj la nan mitan kat la. Peche gate tout bagay! Menm jan nonm nan istwa a te viv nan yon monn fènwa paske li te avèg, moun ki pa kwè nan sèl vrè Bondye a nan yon lòt kalite fènwa. Yo pa menm konnen poukisa yo santi yo tris e vid anndan yo. Sa fè Jezi tris pou wè moun k ap souffri. Menm jan Jezi te renmen avèg la, li renmen chak moun nan monn lan jodi a. Li te vini pou sove tout moun ki kwè nan li.

Kijan ou ka montre lanmou bay yon moun ki bezwen l? Si ou wè yon moun ki grangou, mande manman ou oswa papa ou si ou ka pataje kèk manje ak yo. Retire youn nan pwen wouj yo pandan w ap di sa. Si zanmi ou ap jwe epi li tonbe, ou ka ede l leve. Retire yon lòt pwen wouj. Si yon moun pa janm tande sou lanmou Bondye, ou ka di yo kèk nan istwa Bib ou te aprann yo. Retire yon lòt pwen. Li vle chak nan nou gaye lanmou li bay tout moun lè nou janti menm jan Jezi te ye. Mande timoun yo si gen yon moun yo konnen k ap souffri nan yon fason. Ekri non ak bezwen moun yo enkyete pou yo.

Lapriyè, di Bondye mèsi pou gwo pouvwa li ki ka fè yon avèg wè. Di l mèsi pou gwo lanmou li pou tout moun. Lapriyè pou demann ki te pataje nan klas ou a.

Sonje pou mande timoun yo nan jou ak semèn ki vini yo kijan moun ou te lapriyè pou li a ye. Kontinye lapriyè pou bezwen elèv ou yo ak moun yo renmen yo.

Avanti 35 ak 36: Jezi te geri yon avèg.



Jezi te padone yon pitit gason dezobeyisan ak yon frè egoyis.



1) Etidye Leson an (anvan klas)

- Istwa "pitit gason gaspiyé a" se vrèman yon istwa sou de pitit gason. Youn te yon pechè epi lòt la te gen yon jistis pa l. Pi move nan pechè yo te wè tèt yo nan pitit gason "meprizan" an epi pi bon nan pechè yo te wè tèt yo nan pitit gason "jis" la. Tou de te bezwen repantans ak padon.
- Pitit gason ki pi jèn nan ilistre tandans natirèl nou yo nan yon lavi peche ak plezi pwòp tèt nou. Gran frè a ilistre yon lavi jistis pwòp tèt ou ak moun ki panse yo merite plis.
- Lè pitit gason ki pi jèn nan te fin depanse lajan li, li te ale travay ak kochon yo. Jwif yo te panse kochon t ap kontamine yo epi yo pa t menm vle manyen yo. Konsa, lè pitit gason ki pi jèn nan te pran swen kochon, sa te endike ke li te rive nan yon pwèn ki ba anpil nan lavi l. Antan ke yon Jwif, li pa t ka desann pi ba pase sa.
- Pitit gason ki pi jèn nan te fin depanse lajan, li te vin reflechi, li te retounen bò kot papa l nan repantans, epi li te konplètman atann pou anboche kòm yon sèvitè lè li te retounen bò kot papa l. "Papa a" mansyone omwen douz fwa epi se figi santral nan pasaj sa a.
- Gran frè a te gen anpil difikilte pou akeyi frè l la. Sepandan, papa a, te plen konpasyon epi li te akeyi pitit gason l konplètman. Li menm te fè yon gwo fèt pou pitit gason ki pi jèn nan.
- Bi istwa sou pèseptè kontribisyon an ak Farizyen an se ke pèsonn pa ta dwe fè konfyans nan pwòp jistis li epi pèsonn pa ta dwe meprize lòt. Bondye akeyi pechè ki repanti a, kèlkeswa pozisyon yo nan lavi a. Bondye se estanda pou jistis.



2) Kòmanse Leson an

Ann ale nan yon vwayaj pou pretann. Nou pral pretann ke ou menm ak yon zanmi ap ale lakay ou. Nou pral lakay ou paske manman ou te di ke ou te ka envite yon zanmi vini Samdi pou jwe tout aprèmidi a. Ou te eksite sou avanti sa a tout semèn nan. Annik panse sou li; ou ka jwe nenpòt sa ou vle ak zanmi ou. Ou ka chwazi jwe ansanm ak boul ou a, oswa konstwi ak kèk blòk, oswa jwe ak poupe ou yo. Pou fè aprèmidi a vin pi espesyal toujou, manman ou ap fè kwit kolasyon ou pi renmen an. Kisa ki kolasyon ou pi renmen an? Petèt l ap fè kèk bonbon. Pretann ke pandan w ap jwe ak zanmi ou, ou ka santi sant bonbon yo k ap kwit soti nan kwizin nan. Manman ou antre nan chanm kote w ap jwe a, epi li di ou: M ap ale lakay vwazen an pou anviwon 10 minit. Pa manje okenn bonbon jouk mwen tounen. Depi li soti, zanmi ou di: "Ann antre eseye yon bonbon. Manman ou p ap remake si gen sèlman 2 ki manke." Ou pa vrèman vle dezobeyi, men ou deside fè sa zanmi ou di a kanmenm. Pandan w ap lonje men pou pran yon bonbon, pòt la louvri epi men manman ou! O non! Li wè w ap pran yon bonbon nan plat la, epi ou ka wè desepsyon sou figi l. "Poukisa ou dezobeyi m? Mwen te fè tout sa pou ou jwi, men ou pa t menm vle tann kèk minit jan mwen te di ou fè a." Kijan ou santi w kounye a? (tris, pè, koupab)

Èd pou Pwofesè a

Foto ki ale ansanm ak Avanti 37 ak 38 ka jwenn apre Avanti 38.



3) Anseye Leson an



Rakonte Istwa a

Istwa Bib nou an jodi a se sou yon jèn gason ki te fè kèk move bagay ki te fè l santi l trè tris, pè, e koupab. Li pa t kòmanse konsa. Li te grandi nan yon fanmi ki te gen anpil lajan. Papa l te gen yon gwo jaden ak anpil moun k ap travay pou li. Li te gen de pitit gason ki te ede nan jaden an tou. Yo te toujou gen anpil manje pou manje. Lè papa yo te vann bagay anplis nan jaden an ke fanmi an pa t bezwen, yo te gen lajan pou peye travayè yo. Yo te menm gen ase pou achte lòt bagay yo te bezwen oswa vle. Yon jou lè de gason yo te fin grandi, pitit gason ki pi jèn nan te vin jwenn papa l epi li di sa: "Lè ou mouri, tout lajan ki soti nan jaden sa a pral pataje ant frè m ak mwen. Mwen vle gen pati m nan lajan sa a kounye a!"

Sonje pou toujou gen Bib ou vizib lè w ap anseye yon istwa Bib. Kòm yon aktivite ki amizan, mete yon mak liv kote istwa Bib jodi a jwenn (Pou lesou sa a Lik 15:11-32). Jwe yon anrejistreman chant e jodi a, epi fè timoun yo pase Bib ou fèmen an nan chanm nan youn apre lòt. Nan yon moman, sispann mizik la, epi sila ki kenbe Bib la nan moman sa a ka louvri l nan plas m ak liv la, epi pote l bay pwofesè a.

Kisa? Sa te yon bagay byen mechan pou di. Papa l te trè tris, men li te bay pitit gason l lajan an. Kounye a li te gen sèlman yon pitit gason pou ede ak jaden an. Pitit gason ki pi jèn nan te ale nan yon peyi byen lwen. Li te gaspiye tout lajan yo te ba li a. Lè lajan an te fin depanse nèt, li pa t menm gen anyen pou manje. Li te ale travay pou yon kiltivatè nan peyi sa a, men li te tèlman pòv ke li te menm swete li te ka manje kèk nan manje li t ap bay bèt jaden yo! Li te konnen ke menm travayè papa l yo te pi byen pase l. Li te deside ale lakay li epi sipliyè papa l pou kite l vin youn nan travayè nan jaden l. Li te konnen li pa t ka janm atann pou papa l padone l. Li te tèlman akapare e egoyis ak lajan papa l. Konsa li te retounen nan pwòp peyi l ak nan pwòp fanmi l. Lè papa l te wè l ap vini, li te tèlman kontan! Ou wè, papa a te toujou renmen pitit gason l li menm si li te tèlman move. Li te wè ke pitit gason l te trè regrèt pou move bagay li te fè yo, konsa papa a te akeyi pitit gason l epi li te fè yon gwo fèt pou selebre retou li. Gran frè a te vrèman fache paske li pa t panse li te jis. Li pa t vle padone frè l la. Papa l te di: "Nou dwe selebre jou kè kontan sa a. Frè ou te pèdi, men kounye a li jwenn ankò!"



Vèsè pou Sonje

Lik 15:10 — Gen kè kontan pou yon sèl pechè ki repanti.



Lwanj ak Adorasyon

Chante sa a ka chante sou melodi "The Farmer in the Dell"
 Si ou pa konnen melodi sa a, chwazi yon lòt ou abitye avè l. Santi w lib tou pou chanje pawòl yo pou yo ale ak melodi a, si sa nesèsè.
 Papa a te renmen gason l yo, papa a te renmen gason l yo.
 Yo te konn ede l chak jou, papa a te renmen gason l yo.
 Pi jèn frè a te vini, pi jèn frè a te vini.
 Li te di ban mwen mwatye jaden an, pi jèn frè a te vini.
 Li te ale lwen lakay li, li te ale lwen lakay li.
 La li te gaspiye tout sa li te genyen, li te ale lwen lakay li.
 Li te konnen li te gen tò, li te konnen li te gen tò.

Aktivite Memwa Bib
 Sèvi ak metòd "tou pa m, tou pa w" la. Eksplike ti moun yo: Premyèman se tou pa m (lonje de men ou nan direksyon ou menm), epi apre se tou pa w (lonje de men ou nan direksyon klas la). Di "Gen kè kontan" (lonje dwèt nan direksyon ou menm pandan w ap di sa, apre yo repete sa pandan w ap lonje dwèt nan direksyon yo), apre sa, "pou yon sèl pechè", apre sa, "ki repanti". Apre kèk fwa, mete 3 fraz yo ansanm avèk menm pwosesis la (tou pa m, tou pa w).

Èske papa a pral pran l tounen? Li te konnen li te gen tò.

Papa a te akeyi l, papa a te akeyi l.

Tout lanmou li pa t janm chanje, papa a te akeyi l.

Si ou ta renmen tande melodi chante sa a, li ka jwenn isit la:
<https://youtu.be/E-krsNziXEw>



4) Repase Leson an

Èske ou sonje vwayaj pou pretann nou te fè nan kòmansman klas nou an? Kite kèk timoun fè lòt yo sonje vwayaj imajinè a. Kijan ou ta santi w si sa te vrèman rive? Èske ou panse jèn gason nan istwa Bib nou an te santi menm jan an?



5) Aplike Leson an

Istwa Bib sa a se yon istwa ansèyman ke Jezi te envante pou anseye moun sou Bondye. Ou wè, Bondye se tankou papa a nan istwa a. Li renmen w tèlman ke li pral toujou padone w, menm si ou fè erè epi ou deseewa l. Nou tout fè erè epi nou fè move bagay. Sa se paske nou tout gen kè ki gen peche. Bondye konnen tout sa nou fè men li renmen nou kanmenm.

Ann nou lapriyè ansanm epi di Bondye mèsi pou lanmou li ki PA JANM sispann oswa bay vag, kèlkeswa sa! Mennen timoun yo nan yon lapriyè senp lè ou sèvi ak fraz kout. "Chè Bondye," (yo repete sa), "Mèsi pou lanmou ou ki pa janm fini." (yo repete sa) "Mèsi paske ou voye Jezi sou tè a pou anseye nou sou Ou." (yo repete sa) "Amèn."

Sa a se yon leson fondamantal nan konpreyansyon timoun ou yo sou kijan Bondye ye. "Bondye se l anmou" sanble se yon de klarasyon senplis. Sepandan, gen tèlman bagay de yè mo "lanmou" a. Timo un lekòl matènèl yo bezwen konnen ke lanmou Bondye diferan de sa nou souvan wè nan monn nou an. Li pa baze sou merit. (Women 3:23) Li se yon pati entegral nan ki moun Bondye ye. Li pa janm chanje, paske Bondye pa janm chanje. Li p ap janm ale.

Avanti Nimewo 38

Lik 15:11-32

Jezi te padone yon pitit gason dezobeyisan ak yon frè egoyis.

Kòmpanse lè ou repase vèsè pou sonje a ak chante a. Pandan w ap repase vèsè a, chanje fason ou kanpe chak fwa. Lonje men ou anlè pandan w ap di vèsè a. Bese desann jouk atè pandan w ap di vèsè a. Mete men ou sou tèt ou. Mete yon dwèt sou nen ou. Kanpe sou yon sèl pye. Panse a kèk lòt aksyon pou fè.

Pou tan leson an, envante kèk mouvman pou ale ak istwa a. Men kèk lide. Santi w lib pou ajoute kèk pa ou! W ap demontre chak aksyon epi ankouraje timoun yo fè chak youn avè w.

Lè ou pale sou papa a, leve 1 dwèt pou reprezante 1 papa.

Lè ou pale sou 2 pitit gason yo, leve 2 dwèt pou reprezante yo. Sèvi ak lòt men an pase sa ou te sèvi pou reprezante papa a. Sèvi ak dwèt endèks ou (li pi long) pou reprezante pi gran pitit gason an epi ti dwèt ou (li pi kout) pou reprezante pi jèn pitit gason an.

Lè ou pale sou pi jèn pitit gason an, leve sèlman ti dwèt ou. (Li pi kout pou montre ke frè sa a pi jèn pase lòt la.)

Lè li vin jwenn papa l pou mande l lajan eritaj li, lonje tou de men, kòm si w ap mande charite.

Lè li vwayaje nan peyi byen lwen an, fè 2 dwèt "mache" sou lòt bra ou. Sa reprezante vwayaj li te fè a.

Pandan li depanse lajan an, pretann w ap voye lajan jete san reflechi. Apre sa jwe wòl tristès ak grangou li. Finalman, montre sipriz sou figi w lè li reyalize sa li te fè.

Pandan li retounen lakay li, fè 2 dwèt "kouri" sou lòt bra ou. Li enpasyon pou rive lakay li! Pwoteje je ou ak men ou kòm si w ap chèche yon bagay nan lwen. Mande: "Ki moun ou panse moun sa a ye? Sa se papa a k ap chèche pitit gason l ki te pèdi a." Bay yon moun yon gwo akolad pandan papa a ak pitit gason an ansanm ankò. Kounye a, pou amizman, gade si timoun yo ka rakonte tout istwa a pou kont yo pandan w ap gide yo nan li lè ou fè sèlman menm pwogresyon mouvman yo. Ranfòse aplikasyon ki soti nan leson semèn pase a.

Lapriyè, di Bondye mèsi yon lòt fwa ankò pou gwo lanmou li pou nou. Mande l pou ede chak ti gason ak ti fi nan klas ou a reyalize ke Bondye renmen yo menm plis pase papa nan istwa sa a te renmen pitit gason l.

Avanti 37 ak 38: Jezi te padone yon pitit gason
dezobeyisan ak yon frè egoyis.



Avanti Nimewo 39

Lik 23:26-38

Jezi te mouri sou yon kwa pou peche nou yo.



1) Etidye Leson an (anvan klas)

- Krisifiksyon te yon fason komen pou touye yon kriminèl. Sepandan, se te yon metòd kriyèl epi anjeneral lant. Yon sitwayen Women pa t ka krisifye. Krisifiksyon te rezève pou pi move kriminèl yo.
- Simon, ki te soti nan nò Afrik, te fòse pote kwa a lè Jezi pa t ka fè l.
- Depi sizyèm èdtan an, midi, jouk nevyèm èdtan an, 3è nan apremidi, te gen fènwa sou tè a.
- Rido nan Tanp lan te chire an de, depi anwo jouk anba. Sa te senbolik, ki endike ke moun òdinè a kounye a te gen aksè lib nan prezans Bondye.
- Lik verifye ke Jezi te bay lavi li, yo pa t pran l de li. Plizyè fwa, Lik afime inosans Jezi. Nan youn nan referans yo, Pilat te rapòte ke Ewòd te jwenn Jezi inosan tou. Santenye a bò kwa a te deklare ke Jezi te inosan.
- Yon sòlda Women te rele Jezi yon nonm jis, epi li te montre ke Jezi pa t koupab de krim yo te akize l yo. Sòlda Women an te louwe Bondye.
- Lik remake ke anpil moun ki te obsève lanmò Jezi te kriye pou li.
- Pa gen okenn ekriven levanjil ki anrejistre okenn ka okenn fanm ki te opoze Jezi.
- Jezi te krisifye sou Gòlgota, ki te pwobableman yon mòn andeyò Jerizalèm bò yon wout prensipal.
- Powèt Women an Sisewon te ekri: "Krisifiksyon se pi kriyèl epi pi lèd nan tout tòti."



2) Kòmansè Leson an

Èd pou Pwofesè a

Nou te aprann nan dènye istwa nou an ke Jezi te anseye moun anpil bagay atravè istwa, mirak, ak lòt aksyon. Kèk moun te renmen Jezi ak ansèyman li yo, men kèk moun pa t vle yo di yo ke yo te pechè epi yo te bezwen mande Bondye pou padone yo pou peche yo. Yo te twò ògeye! Moun sa yo te vin rayi Jezi plis an plis pandan yo te tande l anseye e preche. Jezi te renmen yo kanmenm epi li te kontinye di sa Bondye te vle li di. Moun ògeye ki te rayi Jezi yo te finalman decide yo t ap anpeche l anseye pou toujou. Yo te envante yon plan pou touye l.

Foto ki ale ansanm ak Avanti 39 ak 40 ka jwenn apre Avanti 40.



3) Anseye Leson an



Rakonte Istwa a

Men kijan sa te rive: Sila ki te swiv Jezi yo (ki rele disip) te souvan manje ansanm. Yo te konn jwi yon repa espesyal pafwa pou sonje bagay enpòtan ki te rive. Lè move moun, moun ògeye ki te vle touye Jezi yo te fin fè plan yo, yo te mande youn nan disip Jezi yo pou ede yo. Èske ou ka kwè sa? Youn nan disip Jezi yo pa t vrèman yon moun ki te renmen Bondye. Li te annik ap pretann depi nan kòmansman. Non nonm sa a te Jida. Konsa Jida te ede move moun yo pran Jezi nan pyèj epi mennen l ale pou yo touye l. Move moun sa yo te mennen Jezi sou yon ti mòn epi yo te klouwe l sou yon bwa. Pou reponn kesyon sa a, ann reflechi sou kèk nan premye istwa nou te tande nan Bib la. (Pote foto pou kolorye soti nan Avanti 4, 5, 10, 11, ak 16.) Pandan w ap montre chak foto, di timoun yo kijan li gen rapò ak lanmò Jezi sou kwa a. Kounye a, poukisa Jezi te CHWAZI mouri lè li pa t oblije? Se paske depi Jezi pa t janm peche, li te ka pran pinisyon an pou peche PA NOU! Wi! Se vre! Jezi pa t ap resevwa pinisyon pou anyen li te fè mal. Li te konplètman pi e san peche. Li pa t janm fè anyen ki mal, men li te dispoze soufri tèrib epi mouri pou nou te ka jwenn padon pou peche nou yo. Waw!!! Bondye renmen w, ak ou, ak ou (lonje dwèt nan direksyon plizyè timoun youn pa youn). Sèvi ak non timoun yo si ou konnen yo. Li te tèlman renmen chak moun isit la ke li te dispoze wè pwòp pitit gason li

Pote foto pou kolorye soti nan Avanti 7, 9, 19, 21, ak 31. Jan sa endike nan "Rakonte Istwa a", montre chak foto, epi bay yon ti rapèl kijan chak youn gen rapò ak lanmò Jezi sou kwa a. #7 — Èv ak Adan te chwazi dezobeyi Bondye, nou tout fè peche. #9 — Peche toujou pote move rezilta. #19 — Bondye sen epi li gen règ pou tout moun obeyi. Peche se kase règ sa yo. #21 — Lè nou fè peche, Bondye bay yon fason pou jwenn padon e geri. #31 — Jezi te tante, men li pa t janm peche.

mouri yon lanmò terib pou ou menm ak mwen te kapab gen peche nou yo padonen. Wi, peche gen konsekans, men Jezi te kanpe ant nou ak pinisyon an. Bondye te kite l tonbe sou li pou nou te kapab jwenn padon epi pou nou te kapab avè l nan syèl la yon jou. Lè ou fin anseye, mete imaj yo deyò ankò. Si tan an pèmèt, kite timoun yo wè si yo kapab mete yo nan lòd kwonolojik. Ankouraje plasman ki kòrèk epi ede kote ki nesèsè. Yon lòt lide se mande yo pou yo ba ou ide prensipal chak istwa avèk imaj yo.



Vèsè pou Sonje

1 Pyè 3:18 — “Jezi te soufri pou peche nou yo.”



Lwanj ak Adorasyon

Sou melodi “Oh My Darling Clementine”

Jezi renmen mwen, Jezi renmen mwen, Jezi renmen mwen anpil anpil!

Li t ap anseye, li t ap geri, Jezi renmen mwen anpil anpil.

Genyen ki te kwè nan li, genyen ki te kwè nan li, genyen ki te kwè pawòl li yo te vre.

Lòt yo te rayi sa li te di yo. Yo te di mwen twò bon pou ou.

Aprè sa yo te pran l nan pèlen, aprè sa yo te pran l nan pèlen. Yo te di kounye a ou fini.

Jida te ede yo, Jezi te kite yo fè. Li te di mwen pral mouri pou ou.

Jezi renmen mwen, Jezi renmen mwen, Jezi renmen mwen anpil anpil!

Jezi te mouri paske li renmen mwen. Mwen menm tou mwen pral fè konfyans nan li epi renmen li.

Si ou ta renmen tande melodi chante sa a, ou ka jwenn li la:

<https://youtu.be/zNHFU5ZjfLU>

Aktivite Memwa Bib
 Itilize metòd “tou pa m, t ou pa w” la. Eksplike timoun yo: premye se tou pa m (pwente tèt ou ak de men), aprè se tou pa w (pwente klas la ak de men). Di “Jezi te soufri” (pwente tèt ou pandan ou di sa, aprè yo repete l pandan ou pwente yo), aprè sa, “pou peche nou yo”. Aprè kèk fwa, mete de fraz yo ansanm ak menm pwose sis la (tou pa m, tou pa w).



4) Repase Leson an

Èd pou Pwofesè a

Kesyon: Èske sa te yon jou tris oswa yon jou kè kontan pou zanmi Jezi yo? (Tris) Souvan nou itilize mizik pou ede nou eksprime santiman nou. Kijan ou panse yon chante tris ta sonnen? Èske li ta rapid ak anime? (Non, li ta dousman) Èske li ta fò tankou mizik fèt? (Non, li ta dousman e swa) Si sa posib, fè kèk enstriman ritm senp pou timoun yo itilize. Kèk egzanp se: chakchak (yon ti veso ki ranpli mwatye ak grenn pwa sèch, diri, oswa ti wòch), de ti baton ou ka frape youn kont lòt, yon ti plak metal oswa kouvèti ou ka frape ak yon baton, papye sable kole sou de ti blòk bwa ou ka fwote youn kont lòt. Nou pral fè kèk mizik ki sonnen tris ansanm pou montre kijan zanmi Jezi yo te ka santi yo lè yo te wè Jezi mouri. (Demontre ak chak kalite enstriman sa yo ta dwe fè pou kreye mizik “tris”) Lè mwen leve men mwen anlè, mwen vle nou fè kèk son dousman e swa. Lè mwen mete men mwen anba, se lè a pou nou kanpe. Si sa nesèsè, timoun yo ka pran chak yon tou ak enstriman yo pandan lòt yo ap chante yon melodi dousman e swa. Di: “Istwa sa a tris anpil men li pa fen istwa Bondye a. Byento nou pral aprann fen ki kè kontan anpil la!”

Timoun lekòl matènèl gen imajinasyon ki vivan anpil, epi yo ka pè fasil ak istwa ki bay laperèz. Lè w ap pale sou lanmò mechan Kris la te fè sou kwa a, fè atansyon konbyen detay ou bay. Pwen prensipal ou vle yo pran nan leson sa a se ke: Jezi se Pitit Bondye a ki san peche ki te pran pinisyon nou an sou li menm ak bon volontè. Pandan ane fòmasyon sa yo n ap chèche plante grenn lafwa ki kapab grandi.



5) Aplike Leson an

E si se te ou menm ki te pwofesè a? Èske ou ta ka rakonte m istwa a? Ann wè si nou ka travay ansanm pou rakonte istwa sa a yon lòt moun. (Chwazi plizyè volontè pou rakonte pati nan istwa a. Ba yo èd kote ki nesèsè. Felisite efò yo.)

Lapriyè, di Bondye mèsi paske li renmen nou tèlman li te dispoze voye Jezi isit la sou tè a. Di li mèsi paske li te dispoze fè tout sa jis pou mwen, menm lè li te konnen mwen pa t ap toujou fè sa ki bon.

Avanti Nimewo 40

Lik 23:26-38

Jezi te mouri sou yon kwa pou peche nou yo.

Kòmmanse lè w ap repase vèsè pou sonje a ak chante a. Pandan w ap repase vèsè a, eseye metòd sa a: akwoupi w byen ba sou tè a, epi di vèsè a byen dousman. Yon ti kras alafwa, leve, sèvi ak yon vwa ki yon ti jan pi fò chak fwa ou monte yon ti kras. Lè ou kanpe nèt, ou ta dwe sèvi ak “vwa anndan” ki pi fò ou. Apre sa fè menm bagay la alanvè, vin pi dousman pandan w ap desann, jouk ou ap chichote nan dènye repetisyon an.

Ann wè konbyen moun oswa gwoup moun nou ka site ansanm ki te yon pati nan istwa semèn pase a. Pandan timoun yo site yon moun, ekri non sa a sou yon tablo oswa papye tout moun ka wè. (Jezi, disip yo, moun Jezi te anseye yo, moun ki gen lògèy yo, Jida, Bondye, 10,000 zanj, de vòlè) Kounye a, ann pase nan lis sa a youn pa youn epi ou di m sa ou sonje sou chak nan yo.

- Jezi (Li te mouri sou kwa a kòm pinisyon pou peche nou yo, pa pou pa li.)
- Disip yo (Yo te tris pou wè Jezi mouri sou kwa a.)
- Moun Jezi te anseye yo (Genyen ki te kwè Jezi te toutbon Bondye.)
- Jida (Li te pretann li renmen Jezi men li te toujou ap fè sanblan depi nan kòmansman.)
- Bondye (Li te dispoze kite pinisyon nou an tonbe sou Jezi.)
- 10,000 zanj (Jezi te ka rele yo pou sove l sou kwa a.)
- De vòlè (Yo t ap mouri sou kwa kòm pinisyon pou move bagay yo te fè.)

Lè ou fin eksplike tout pèsonaj yo, timoun yo (avèk yon ti èd nan men ou) ap fin rakonte tout istwa a! Apre sa, mete senk imaj pou kolorye sa yo ki soti nan leson anvan yo: 4, 5, 10, 11, 16. Vire yo tout tèt anba sou yon tab. Mande: “Kijan istwa imaj sa a montre a anseye nou yon bagay sou Jezi k ap mouri sou kwa a? Jezi te mouri sou kwa a pou nou pa t oblije resevwa pinisyon pou pwòp peche nou yo.” Rele volontè pou vini chwazi yon imaj, apre sa di sa yo sonje sou kijan chak imaj gen rapò ak istwa Jezi k ap mouri sou yon kwa a. Si ou gen tan ak resous, koupe yon ti kwa nan papye epè oswa katon pou chak timoun kolorye. (Bwat katon yo te deja sèvi yo bon pou sa.)

Lapriyè, di Bondye mèsi pou lanmou li pou tout moun. Di li mèsi paske li te panse sa li te ka fè pou lòt moun menm lè sa te fè l mal anpil. Mande Bondye pou bay “ti piti sa yo” konprann lè yo pare.

Avanti 39 ak 40:

Jezi te mouri sou yon kwa pou peche nou yo.



Avanti Nimewo 41

Lik 23:39-43

Jezi te padone yon moun ki te koupab.



1) Etidye Leson an (anvan klas)

- Levanjil Lik la genyen mo “pechè” a plis pase tout lòt levanjil yo ansanm. Nan Matye li parèt senk fwa, Mak tou itilize “pechè” senk fwa, Jan itilize l kat fwa, men Lik itilize mo “pechè” a sèz fwa. Sou kwa a, te gen yon pechè ki te vle padon.
- De pechè te kloure sou kwa epi Jezi te sou yon kwa ant yo de a. Youn nan pechè yo te voye jouman mechan sou Jezi epi te blasfeme Jezi oswa te joure l.
- Lòt pechè a te rekonèt Jezi te Bondye, Lik 23:40. Pechè sa a, yon vòlè, te fè yon konfesyon estraòdinè. Epi la, sou kwa a, Jezi te ka montre sali pa rive paske yon moun bon. Aklè, pechè sa a pa t bon.
- Jezi te montre tou ke sali pa yon afè fè bon zèv. Pechè sa a aklè pa t gen tan ankò pou fè bon zèv epi li pa t ka merite gras Bondye a.
- Jezi te reponn vòlè a sou kwa a touswit. Jou sa a, vòlè a t ap ansanm ak Jezi nan glwa. Padon an te konplè e total. Li pa t merite.
- Jezi te ofri asirans li ke sa t ap rive. Se pa t senpleman yon repons jantiy pou yon demann moun k ap mouri. Se te asirans ke Bondye te kapab e te dispoze ofri padon lè nenpòt moun, tankou yon vòlè, ta sèlman mande epi mete lafwa li nan Jezi Kri.
- Istwa Lik la sou krisifiksyon an genyen imaj ki soti nan Sòm yo ak Ezayi. Genyen senk alizyon konsa (Lik 23:34 ki fè alizyon ak Ezayi 53:12, Lik 23:35 ki fè alizyon ak Sòm 22:6-7, Lik 23:36 ki fè alizyon ak Sòm 69:21-22, Lik 23:46 ki fè alizyon ak Sòm 31:5, epi Lik 23:46 ak Sòm 22:1).



2) Kòmanse Leson an

Èd pou Pwofesè a

Chemen Bondye yo pi wo anpil pase chemen pa nou yo! Petèt nou pa konprann poukisa Bondye fè sa li fè, men toujou gen yon rezon.

Imaj ki koresponn ak Avanti 41 ak 42 yo ka jwenn apre Avanti 42.



3) Anseye Leson an



Rakonte Istwa a

Sonje nan de dènye leson yo nou te aprann kèk move moun te touye Jezi, malgre li pa t janm fè anyen ki mal. Yo te kloure l sou yon kwa, epi li te mouri la. Ki moun nòmalmman lapolis oswa sòlda yon peyi ta dwe pini? (Moun ki fè move bagay, ki touye moun, ki vòlè bagay, oswa ki vyole lwa peyi sa a) Èske ou sonje de moun ki te sou kwa tou chak bò Jezi jou sa a? Kisa yo te fè ki mal? (Yo te vòlè, yo te vòlè bagay) Pandan yo te kwoke la ap tann pou yo mouri, yon bagay ki dwòl anpil te rive. Youn nan vòlè yo te pale ak Jezi. Nou pral rele l Vòlè Nimewo Youn. Vòlè Nimewo Youn te tande Jezi di moun li te Bondye. Vòlè Nimewo Youn te di: “Donk ou di ou se Mesi a! Pwouve l lè ou sove tèt ou, epi nou menm tou!” Men lòt nonm nan (nou pral rele l Vòlè Nimewo De) te di: “Nou isit la paske nou te fè sa ki mal. Nou merite mouri pou peche nou yo, men Jezi pa fè anyen ki mal!” Apre sa li te pale ak Jezi. Li te di: “Jezi, sonje m lè ou antre nan wayòm ou.” Jezi te di l: “Mwen pwomèt ou; ou pral avè m nan syèl la jodi a.” Èske Vòlè Nimewo De te yon bon moun? Tout sa nou konnen nan pawòl Bondye se ke li te yon vòlè. Donk poukisa Jezi t ap di l ke li t ap avèk Jezi nan syèl la? (Kite timoun yo reponn, si yo kapab.) Jezi te tande nonm sa a di de bagay ki te pwouve sa ki te nan kè li. Li te admèt li te fè peche. (vòlè) Aklè li te konnen vòlè se yon bagay ki mal. Sa rele repantans. Sa se yon gwo mo. Èske ou ka di l apre m? (tou pa m, tou pa w) Repantans vle di sèlman ou regrèt peche ou.

Pandan w ap rakonte istwa sa a, imajine 3 kwa yo nan devan sal ou. Lè Jezi ap pale, kanpe nan plas kwa nan mitan an. Yon bò se vòlè k ap moke a. Lòt bò se vòlè ki repanti a. Deplase nan pozisyon ki apwopriye a pandan w ap repete pawòl chak nonm. Sa se yon evènman ki gen anpil dram, donk sonje chanje ton vwa ou pou eksprime emosyon entans ki te asireman yon pati nan krisifiksyon an. Prezantasyon kreyatif sa a ap mande kèk pratik, donk kòmanse bonè nan semèn nan pou prepare leson an.

Dezyèm bagay vòlè a te montre se lafwa. Mo sa a pa gwo, men petèt se youn ou poko tande. Lafwa se yon lòt mo ki vle di konfyans. Li te kwè Jezi te gen pouvwa pou padone peche li epi li te fè Jezi konfyans pou fè sa. Nan kèk fason de nonm sa yo te menm jan. Yo tou de te vòlè. Men nan yon fason ki pi enpòtan anpil, yo te TRÈ diferan. Vòlè Nimewo Youn te sèlman vle Jezi fè l soti nan move sitiyou li te ladan an. Vòlè Nimewo De te montre li te konnen li te fè peche, epi li te bezwen padon Bondye a. Yo tou de te tèlman pre Jezi, men se sèlman youn nan yo ki te gen yon kè repantans ak lafwa. Tout twa nonm yo te mouri sou kwa sa yo jou sa a, men Vòlè Nimewo Youn te rate chans li pou Jezi te padone peche li yo.



Vèsè pou Sonje

Lik 11:4 — “Padone nou pou peche nou yo.”



Lwanj ak Adorasyon

“I Have Decided to Follow Jesus”

Mwen deside swiv Jezi.

Mwen deside swiv Jezi.

Mwen deside swiv Jezi.

Pa gen retounen ankò, pa gen retounen ankò.

Menm si pèsonn pa ale avè m, m ap toujou swiv.

Menm si pèsonn pa ale avè m, m ap toujou swiv.

Menm si pèsonn pa ale avè m, m ap toujou swiv.

Pa gen retounen ankò, pa gen retounen ankò.

Lemonn dèyè m, kwa a devan m.

Lemonn dèyè m, kwa a devan m.

Lemonn dèyè m, kwa a devan m.

Pa gen retounen ankò, pa gen retounen ankò.

Si ou ta renmen tande melodi chante sa a, ou ka jwenn li la:

<https://youtu.be/RRm-AIdeBPs>

Aktivite Memwa Bib
 Itilize metòd “tou pa m, t ou pa w” la. Eksplike tim oun yo: premye se tou pa m (pwente tèt ou ak de men), apre se tou pa w (pwente klas la ak de men).
 Di “Padone nou” (pwente tèt ou pandan ou di sa, apre yo repete l pandan o u pwente yo), apre sa, “p ou peche nou yo”. Apre kèk fwa, mete de fraz yo ansanm ak menm pwoses is la (tou pa m, tou pa w)



4) Repase Leson an

Èd pou Pwofesè a

Selon istwa sa a, kisa Bondye vle nan men moun? (Repantans, lafwa) Èske bagay sa yo fasil, oswa difisil? (Nenpòt repons ka bay.) Kisa ki te menm jan ant de nonm yo te kloure ansanm ak Jezi yo? (Yo tou de te vòlè.) Kisa ki te diferan sou yo? (Youn te konnen li te fè peche epi li te gen lafwa, lòt la te egzije yon mirak nan men Jezi men li pa t janm repanti ni li pa t montre lafwa.)

Si tan an pèmèt, repase chante nan leson pase yo ki pale sou lanmou Bondye, fidelite Bondye, lafwa, ak repantans. Kèk pou konsidere se nan Avanti 7, 9, 11, 27.



5) Aplike Leson an

Si ou te vle di Bondye ou regrèt move bagay (peche) ou te fè yo, kijan ou ta ka fè sa? (Pale ak li atravè lapriyè.) Si ou te vle montre Bondye ou fè l konfyans, kijan ou ta ka fè sa? (Di li sa atravè lapriyè.)

Fini tan klas la lè w ap lapriyè, ekspriye pwòp lafwa ou ak repantans ou. Pa fòse timoun laj lekòl matènèl pou lapriyè pou sali. Yo tèlman anvi fè pwofesè yo plezi nan laj sa a, ke yo ka dispoze “repanti” jis pou fè pwofesè a plezi. Sa ka twouble yo anpil pita nan lavi yo.

Avanti Nimewo 42

Lik 23:39-43

Jezi te padone yon moun ki te koupab.

Kòmanse tan klas ou lè w ap repase vèsè pou sonje a ak chante a.

Pou repase vèsè pou sonje a, divize klas la an gwoup gason ak fi. Chwazi yon ekip pou kòmanse anvan. Kite yo di vèsè a ansanm, apre sa bay lòt ekip la yon tou. Wè kiyès ki ka fè l pi byen, pi vit, pi dousman, ak pi fò.

Di: “Anvan nou kòmanse leson nou jodi a ann sonje de mo nouvo nou te aprann semèn pase a. Mwen mande si gen yon moun ki konnen kisa youn nan mo nouvo yo ye.” Si pèsonn pa sonje, di yo: “premye mo a se repantans. Repantans vle di ou regrèt move bagay ou te fè yo. Di repantans apre m.” Dezyèm mo a se lafwa. Lafwa se yon lòt mo ki vle di konfyans. Li enpòtan pou nou regrèt move bagay nou te fè yo epi tou pou nou fè Jezi konfyans pou padone nou pou bagay sa yo.

Pou leson an, kòmanse ak yon “Repase Pòpkòn”. Di sa: “Mwen pral poze yon kesyon sou istwa semèn pase a, epi si ou konnen repons lan, sote tankou pòpkòn epi mwen pral rele yon moun pou reponn. Yon fwa yo fin rele ou pou reponn yon kesyon, ou “pete”, epi ou pa ka sote ankò. Sa bay lòt yo yon chans pou reponn.”

Kesyon:

1. Konbyen moun ki te sou kwa jou Jezi te mouri a? (3)
2. Konbyen moun sou kwa sa yo ki te la paske yo te fè yon bagay ki mal? (2)
3. Konbyen moun sou kwa yo ki te mouri jou sa a? (3)
4. Konbyen moun ki te montre repantans ak konfyans jou sa a? (1)
5. Kiyès ki te sèl Moun sou yon kwa ki pa t janm fè anyen ki mal? (Jezi)


Apre repase sa a, mete yon repase leson anvan yo ki pale tou sou repantans ak lafwa, tankou:

- 7- Abraram te kwè Bondye epi li te obeyi li.
- 11- Pèp Bondye a te fè peche kont li. Li te voye sèpan pou pini yo men li te ofri padon.
- 19- Pi jèn pitit gason an te fè peche epi li te dezonore papa li. Lè pitit la te tounen lakay, papa li te padone l epi li te resevwa l.

Pote imaj pou kolorye nan leson sa yo nan klas. Montre imaj yo youn pa youn, epi kite timoun yo ede w repase istwa ki koresponn ak chak youn. Pale sou kijan Bondye te toujou mande repantans pou peche ak lafwa nan li. Raple timoun yo ke nan tout Ekriti a, Bondye te toujou fidèl pou kenbe pwomès li yo. Sa remonte jouk nan kòmansman kreyasyon an nan jaden an. Si tan an pèmèt, chwazi youn nan istwa repase yo pou jwe wòl tankou yon dram.

Lapriyè, di Bondye mèsi pou Bib la ki anseye nou tèlman anpil bagay sou Bondye. Di li mèsi pou lanmou li ki tèlman gran li ka padone nenpòt moun kèlkeswa sa yo te fè. Di li mèsi paske li te mouri pou pran pinisyon pou peche nou yo.

Avanti 41 ak 42: Jezi te padone yon moun ki te koupab.



Avanti Nimewo 43

Lik 24:1-12, 36-43

Jezi te leve soti vivan nan lanmò. Li gen pouvwa sou lanmò.



1) Etidye Leson an (anvan klas)

- Medam yo te pote epis nan tonbo a kòm yon senbòl lanmou ak respè.
- Lè medam yo te rive nan tonbo a, yo te jwenn gwo wòch la woule deyò devan antre a epi kò a pa t la. De nonm abiye ak rad ki klere, asireman zanj, te parèt devan yo epi te di yo Jezi Kri te leve soti vivan nan lanmò, jis jan li te di li t ap fè a.
- Medam yo te antre nan tonbo a avèk kouraj men byento yo te plen ak dout. Kiyès ki te deranje tonbo a? Kiyès ki te retire kò a? Èske se te prèt yo? Èske yo te pote kò beni sa a ale pou yo derespekte l'?
- Pandan medam yo te sonje sa Jezi te di, nonm yo pa t sonje. An reyalite, Pyè te kouri nan tonbo vid la epi lè li te rive la, li te mande kijan sa te kapab rive.
- Apre sa, Jezi te parèt sou yon wout devan de moun. Li pa t gen yon kò imajinè, tankou yon fantòm, paske disip yo te ka manyen l epi li te manje manje. Sepandan, li pa t gen yon kò tankou pa nou yo paske li te kapab parèt oswa disparèt. Li te gen yon kò glorifye, pafè ki imòtèl.
- Lè Jezi te leve soti vivan nan lanmò, li te fè sa okenn lòt moun pa t janm fè oswa pa p janm fè. Li te venk lanmò. Sa se prèv ke li se gwo “Moun ki kraze Satan an” nan Jenèz 3:15.
- Lè Jezi te leve soti vivan nan lanmò, li te montre disip li yo tout reyalite ki nan Ansyen Testaman an ki te demontre li te toutbon Mesi a.
- Akoz lanmò li ak rezirèksyon li, mesaj repantans ak padon an te dwe pwoklame bay lemond pa moun ki te kwè mesaj li a.



2) Kòmanse Leson an

Èd pou Pwofesè a

Pwofesè a ta dwe prepare sal klas la pou yon fèt. Klas la pral gen yon selebrasyon jodi a. Pwofesè a ta dwe gen mizik fèt k ap jwe pandan klas la ap antre. Ka gen ti goute epi petèt menm kado espesyal pou chak moun. Pwofesè a ta dwe di klas la ke jodi a se yon jou pou selebre. Sere bagay fèt yo pou fen tan klas la. Nan tan Bib la, disip yo te tris lè Jezi te mouri. Men, tristès yo te tounen lajwa! Poukisa?

Imaj ki koresponn ak Avanti 43 ak 44 yo ka jwenn apre Avanti 44.

Itilize imaj pou kolorye a kòm yon zouti pou anseye. Pale sou imaj la ak ti moun yo pandan y ap kolorye. Sa se plis pase yon fason pou pase tan epi l ap ede jèn timoun yo lye t ravay atistik yo ak istwa a.



3) Anseye Leson an



Rakonte Istwa a

Aprè yo te mete Jezi nan nouvo tonbo a vandredi apremidi, vil la te kalme. Te gen gwo tristès nan kèk moun ki te swiv Jezi. Dimanch maten, plizyè medam te ale nan kote yo te antere Jezi a. Yo te menm pote avèk yo epis pou antèman yo te prepare pou kò Jezi a. Lè yo te rive nan tonbo a, sibitman de nonm abiye ak rad blan pwòp te parèt devan yo san yo pa konnen kote yo soti. Yon limyè byen klere te antoure yo. Yo te zanj. Medam yo te pè epi yo te tonbe atè. Zanj yo te poze medam yo yon kesyon: “Poukisa n ap chèche Sila ki vivan an nan yon kote kote se sèlman moun mouri ki genyen?” Zanj yo te raple medam yo yon bagay Jezi te di pi bonè pandan yo te nan Galile. Jezi te di yo li t ap lage l nan men pechè, yo t ap touye l sou yon kwa, epi apre li t ap leve soti vivan nan lanmò. Lè zanj yo te raple yo pawòl Jezi yo, tout bagay te fè sans pou yo. Yo te sonje sa Jezi te di yo. Vil la pa t kalme menm! Medam yo te kouri tounen pou di nonm yo bon nouvèl la. Jezi te tounen vivan soti nan lanmò, jis jan li te di li t ap fè a! Men lè yo te di disip Jezi yo, yo pa t kwè sa medam yo te di. Yo t ap kwè sèlman si yo te wè l ak je yo. Pyè ak Jan te kouri nan tonbo a. Jan te kouri pi vit pase Pyè. Lè Pyè te rive nan tonbo a, li te twouble. Li te gade andan tonbo vid la epi li te wè twal antèman yo. Se sa sèlman. Pita, Jezi te parèt devan de nonm sou wout pou yon vil tou pre yo rele Emayis, anviwon sèt mil de Jerizalèm. Li te parèt tou devan Pyè.

Kominike eksitasyon istwa sa a non sèlman ak pa wòl ou, men ak ekspresyon ki sou figi ou, eksitasyon nan vwa ou, ak etònman pou tout sa ki te rive! Ede timoun yo sezi mè vèy rezirèksyon an lè ou touche kè yo. Pa satisfè ak senpleman bay enfòmasyon.

Kounye a, Jezi te deja parèt vivan devan omwen senk medam, de nonm sou wout Emayis la, ak Pyè. Jezi Kri te leve soti vivan nan lanmò. Li te gwo Moun ki kraze Satan an Bondye te pwomèt Adan ak Èv. Pwomès li yo te reyalize! Lanmò te pèdi pouvwa li. Lè Jezi te tounen vivan, Bondye te montre li pi pwisan pase Satan. Nan kòmansman disip yo te panse se te yon rèv. Yo pa t kwè l. Apre sa, yo te kirye sou sa medam yo te di epi yo te al verifye rapò yo. Pita, yo te wè Jezi vivan ak pwòp je yo epi yo te konnen pou tèt yo li te tounen vivan soti nan lanmò. Lamem la yo te deside yo t ap sèvi Bondye tout jou nan lavi yo. Li te genyen lagè a kont Satan ak lanmò!



Vèsè pou Sonje

Lik 24:6 — “Li pa la, li leve soti vivan!”



Lwanj ak Adorasyon

“Praise Him, Praise Him All You Little Children”

Fè lwanj li, fè lwanj li tout nou menm ti timoun. Bondye se lanmou! Bondye se lanmou! Fè lwanj li, fè lwanj li tout nou menm ti timoun. Bondye se lanmou! Bondye se lanmou!

Renmen li, renmen li tout nou menm ti timoun. Bondye se lanmou! Bondye se lanmou! Renmen li, renmen li tout nou menm ti timoun. Bondye se lanmou! Bondye se lanmou!

Sèvi li, sèvi li tout nou menm ti timoun. Bondye se lanmou! Bondye se lanmou! Sèvi li, sèvi li tout nou menm ti timoun. Bondye se lanmou! Bondye se lanmou!

Di li mèsi, di li mèsi tout nou menm ti timoun. Bondye se lanmou! Bondye se lanmou! Di li mèsi, di li mèsi tout nou menm ti timoun. Bondye se lanmou! Bondye se lanmou!

Si ou ta renmen tande melodi chante sa a, ou ka jwenn li la:
<https://youtu.be/TkUPMCpdta0>

Aktivite Memwa Bib
 Itilize metòd “tou pa m, t ou pa w” la. Eksplike timoun yo: premye se tou pa m (pwente tèt ou ak de men), apre se tou pa w (pwente klas la ak de men). Di “Li pa la.” (pwente tèt ou pandan ou di sa, apre yo repete l pandan ou pwente yo), apre sa, “Li leve soti vivan.” Apre kèk fwa, mete de fraz yo ansanm ak menm pwosesis la (tou pa m, tou pa w).

Lwanj ak Adorasyon
 Piske ritm melodi a ak pa wòl yo te fèt orijinal an angle, si w ap anseye nan yon lòt lang, ou pral pwobableman bezwen chanje pawòl yo pou yo mache ak ritm melodi a. Yon lòt lide se chwazi yon melodi konplètman diferan epi kreye pwòp chante ou!



4) Repase Leson an

Pran plezi nan ti goute fèt ou te prepare yo, pandan w ap pale sou jan medam yo, epi apre disip yo, te dwe sezi e kontan. Di: “Sa te tout yon pati nan plan delivrans Bondye a. Satan te panse li te genyen nan jaden Edenn lè Adan ak Èv te fè peche pou premye fwa. Satan te panse li te genyen sou kwa a lè Jezi te mouri. Bondye te toujou gen yon plan menm si Satan kontinye ap eseye gate l. Bondye te konnen depi tout tan ke yon jou Jezi t ap vini sou tè a epi fè yon chemen pou tout moun ki kwè nan li jwenn padon pou peche yo.”

Èd pou Pwofesè a

Timoun lekòl matènèl ka pafwa plen ak kesyon. S e konsa yo aprann. Pran pasyans pou reponn kesyon yo, men pa kite yo entèwonp ou pandan w ap rakonte istwa a. Nan fen leson an ou ka mande si gen yon moun ki gen kesyon. Li ka difisil pou yo konprann kijan yon moun ki te mouri ka tounen vivan. Raple yo ke Jezi te Bondye. Bondye ka fè nenpòt sa li vle paske se li ki kreye tout bagay! Si yo poze yon kesyon ki pa gen repons (tankou “Egzakteman kijan Jezi te tounen vivan?”), di yo sa: “Bondye pi gran, pi fò, e pi entelijan pase nenpòt moun sou tè a. Gen kèk bagay menm granmoun pa ka konprann sou Bondye. Pou bagay sa yo nou dwe fè l konfyans paske nou konnen li toujou vre e jis.”



5) Aplike Leson an

Li fè sans sèlman ke si ou konnen pi bon nouvèl ki te janm genyen an, ou pral vle di lòt moun sa. Kiyès ou ka di semèn sa a? Jezi pi fò pase lanmò! Li vivan!

Lapriyè, di Bondye mèsi pou plan mèvèye li pou ofri padon pou peche. Mande li pou louvri kè ak panse timoun nan klas ou pou yo konprann sa tout sa vle di pou yo.

Gade pi devan nan Avanti #45. Ou pral bezwen pote yon bagay pou itilize kòm blòk konstriksyon. Founiti ou yo ka gwo oswa piti, senp oswa pi konplike. Sèvi ak kreyativite epi itilize sa ou genyen! Bwat vid nenpòt kalite oswa gwosè anmizan, ansanm ak bwat metal oswa menm liv pou anpile pou fè yon fo “mi”.

Avanti Nimewo 44

Lik 24:1-12, 36-43

Jezi te leve soti vivan nan lanmò. Li gen pouvwa sou lanmò.

Kòmansè lè w ap repase vèsè pou sonje a ak chante a. Apre nou fin repase vèsè a ansanm, mande si gen yon moun ki ta renmen di vèsè a pou kont li. Kite volontè yo eseye. Felisite efò yo, menm si li pa pafè.

Pou leson semèn sa a, jwe wòl istwa a. Chwazi yon timoun pou l fè zanj ki anonse rezirèksyon Jezi a. Kite tout ti fi yo fè medam ki te vini nan tonbo a. Si sa posib, pote kèk epis pou yo pote. Chwazi yon ti gason pou fè Pyè, ak youn pou fè Jan. Rèz ti gason yo ka fè disip yo. Deziyen yon zòn pou l sèvi kòm kote yo te antere Jezi a. Ti gason yo nan yon bò sal la ap reyini ansanm. Di sa: “Ann fè konsa medam yo ap vini pou mete epis sou kò Jezi a. Èske yo tris oswa kontan?” (Tris, paske Jezi mouri) Ede timoun yo eksprime tristès. Fè figi tris, fwote je w tankou w ap kriye, gade atè pandan w ap mache. Lè nou tout “rive” nan tonbo a, timoun k ap fè zanj la ta dwe di avèk konfyans: “Jezi pa la, li vivan!” Sibitman, tout moun chanje soti tris pou yo kontan! Sa se pi bon nouvèl ki te JANM genyen!! Ede ti fi yo pale youn ak lòt, ap di: “Nou dwe ale di Pyè, Jan, ak lòt disip Jezi yo!” Apre yo fin kouri avèk eksitasyon pou di bon nouvèl la, Pyè ak Jan kouri nan “tonbo a” pou yo jwenn li egzakteman jan ti fi yo te di. Kounye a TOUT MOUN kontan! Raple timoun yo ke sa se yon lòt egzanp Bondye k ap kenbe pwomès li. Li te pwomèt disip li yo li t ap mouri sou yon kwa epi twa jou apre, li t ap leve ankò. Ede timoun yo panse a lòt istwa nou te tande sou Bondye k ap kenbe pwomès li yo. Men kèk posiblite:

- Pwomès Bondye nan jaden an pou voye Yon moun pou kraze tèt Satan (Jezi)
- Pwomès Bondye yo bay Abraram (yon pitit gason, anpil moun, yon tè pou viv)
- Pwomès Bondye bay Noe pou l pa janm fè dlo inonde tout tè a ankò (lakansyèl)
- Sezon yo ki ap toujou la, ansanm ak lajounen ak lannwit

Fè yon “Tan Lwanj” ak klas ou. Men kijan li mache. Si ou gen yon ti klas, chita nan yon sèk. Si klas ou gran, separe an gwoup anviwon dis timoun pa gwoup. Dwe gen yon adilt k ap dirije nan chak gwoup. Pwofesè a (oswa lidè a) kòmansè lè li di: “Mwen fè lwanj Bondye pou _____.” Ranpli espas vid la ak nenpòt sa ou rekonesan. Li ka pou lanmou Bondye, padon, legliz ou, fanmi, oswa nenpòt lòt bagay ou ta ka chwazi. Sèl règ la se ke li pa ka yon bagay sòt. Youn apre lòt, chak timoun ta dwe di: “Mwen fè lwanj Bondye pou _____.” Yo chak ka chwazi sa yo rekonesan pou li.

Apre ou fin fè “Tan Lwanj” ou, selebre ankò ak ti goute ak mizik.

Lapriyè, di Bondye mèsi pou kèk nan bagay timoun yo te mansyone nan “Tan Lwanj” lan. Di li mèsi pou plan delivrans mèvèye li te fè pou nou. Di li mèsi pou gwo lanmou li.

Avanti 43 ak 44: Jezi te leve soti vivan nan lannò. Li gen pouvwa sou lannò.



Avanti 45

Matye 28:18-20, Mak 16:15, Lik 24:44-48,
Jan 20:21

Jezi te di moun ki swiv li yo pou yo pote mesaj li bay tout moun.



1) Etidye Leson an (anvan klas)

- Nan omwen twa okazyon diferan apre rezirèksyon li, Jezi te kòmande disip li yo pou yo pote mesaj lanmò, antèman, ak rezirèksyon li bay lemond.
- Eleman kle nan pasaj Gran Komisyon an se:
 - Se Jezi Kri ki te voye disip yo.
 - Senyè a te sipoze disip yo t ap ale.
 - Pwoklamasyon oswa bay bon nouvèl la te kòmande.
 - Disip yo te dwe pote Levanjil la nan chak nasyon.
 - Vrè repantans moun ak padon Bondye te nan kè mesaj la.
 - Mesaj la te soti nan konprann Ekriti yo.
 - Disip yo te gen otorite nan men Bondye pou ale ak mesaj la nan tout lemond.
 - Mesaj la te diven nan orijin li, mondyal nan dimansyon li, santre sou Kris, baze sou Ekriti yo, Trinitè, epi li gen èd Kris ki resisite a.
- Rasin Gran Komisyon an jwenn tou nan Ansyen Testaman an. Pasaj tankou Jenèz 12:1-3 ak Sòm 96:3 egzòte pèp Bondye a pou deklare mesaj Bondye a bay nasyon yo.

“Pwomès Jenèz 12:3 la reyalize pandan misyonè legliz kretyen an ap pote mesaj levanjil la bay tout fanmi sou tè a.” -John Piper



2) Kòmanse Leson an

Èd pou Pwofesè a

Èske Manman ak Papa ou janm di ou pou fè yon bagay? Ki kèk bagay yo ta ka di ou pou fè? (kite yo reponn) Èske ou obeyi lè paran ou di ou pou fè yon bagay? Èske ou fè l touswit san plenyen? E si se BONDYE ki te di ou pou fè yon bagay? Èske ou ta obeyi Bondye?

Imaj ki koresponn ak Avanti 45 ak 46 yo ka jwen n apre Avanti 46.



3) Anseye Leson an



Rakonte Istwa a

Jodi a nou pral aprann dènye bagay Jezi te di moun ki swiv li yo pou yo fè anvan li te retounen monte nan syèl la. Sonje, Jezi te deja mouri sou kwa a, epi li te tounen vivan. Yo te wè ak pwòp je yo ke li te Sila li te di li te ye a — Bondye! Se sèlman Bondye ki te kapab venk lanmò! Li te pase anpil tan ap anseye moun ki swiv li yo pandan tan yo te ansanm. Asireman dènye pawòl li yo ba yo t ap trè enpòtan. Li te di: “Ale di lòt moun sa mwen te di nou.” Pafwa moun ki swiv Jezi yo rele disip. Yon disip se yon moun ki aprann nan men yon lòt moun. Jezi te di disip li yo (moun ki te aprann nan men l yo) pou yo soti epi fè plis disip. Kisa Jezi te anseye disip li yo? Kèk repons posib se: obeyi Bondye, toujou di non ak Satan, nenpòt nan 10 kòmandman yo, fè byen epi ede lòt moun, fè Bondye konfyans pou kenbe pwomès li yo. Kiyès ki ta renmen “anseye” rès klas la yon bagay Bondye vle tout moun konnen? Ankouraje chak timoun pataje youn nan bagay nou sòt mansyone yo ak klas la. Apre sa di: “W ap obeyi sa Bondye te di disip li yo pou fè lè w ap anseye lòt moun bagay Bondye vle yo konnen yo.” Bagay ki pi enpòtan nan tout sa nou ta dwe di moun se ke Jezi te mouri sou kwa a epi li te tounen vivan nan twazyèm jou a. Poukisa li te mouri? Èske se paske li te fè yon bagay ki mal, tankou 2 vòlè ki te mouri sou kwa bò kote l yo? Non! Li te mouri pou peye pou peche PA OU, ak pa m, ak peche tout lemonn. Sa se pi bon nouvèl ki te janm ka genyen! Ann di sa ansanm: “Jezi te mouri pou peye pou peche ou.” Prati ke di sa ansanm plizyè fwa. Fè ti fi yo di l ansanm, apre sa ti gason yo. Mande

Pandan w ap anseye, ou t a dwe toujou fè atansyon ak mo timoun ou yo ka pa konprann. Pare pou ofri yon eksplikasyon senp yo ap abitye avè l. Leson jodi a ak vèsè pou sonje a itilize mo “disip” plizyè fwa. Nou te deja defini “disip” kòm yon moun ki swiv sèl vrè Bondye a. Nan leson sa a n ap pale sou FÈ disip. Di timoun yo: “Pou fè yon disip ou bezwen anseye yon lòt moun sa ou te aprann sou J ezi.”

si gen yon moun ki ta renmen di l pou kont li. Lè Jezi te mouri sou kwa a se te tankou kraze tèt Satan. Li te pwomèt depi nan jaden Edenn ke yon jou li t ap fè sa, epi kounye a li te fèt. Bondye TOUJOU kenbe pwomès li yo. Lè Jezi te tounen vivan apre move moun yo te touye l, li te montre Satan ak tout lòt moun ke li te gen plis pouvwa pase nenpòt bagay. Jezi te gen plis pouvwa toujou pase lanmò. Pèsonn lòt pa t ka fè sa! Sa se yon nouvèl ki tèlman bon ke Bondye vle tout moun konnen l.



Vèsè pou Sonje

Matye 28:19 — “Fè disip nan tout nasyon yo.”



Lwanj ak Adorasyon

“I Have Decided to Follow Jesus”

Mwen deside swiv Jezi. Mwen deside swiv Jezi. Mwen deside swiv Jezi. Pa gen retounen ankò, pa gen retounen ankò.

Menm si pèsonn pa ale avè m, m ap toujou swiv. Menm si pèsonn pa ale avè m, m ap toujou swiv. Menm si pèsonn pa ale avè m, m ap toujou swiv. Pa gen retounen ankò, pa gen retounen ankò.

Lemonn dèyè m, kwa a devan m. Lemonn dèyè m, kwa a devan m. Lemonn dèyè m, kwa a devan m. Pa gen retounen ankò, pa gen retounen ankò.

Si ou ta renmen tande melodi chante sa a, ou ka jwenn li la: <https://youtu.be/RRm-AIdeBPs>

Aktivite Memwa Bib

Itilize metòd “tou pa m, t ou pa w” la. Eksplike timoun yo: premye se tou pa m (pwente tèt ou ak de men), apre se tou pa w (pwente klas la ak de men). Di “Fè disip” (pwente tèt ou pandan ou di sa, apre yo repete l pandan ou pwente yo), apre sa, “nan tout nasyon”. Apre kèk fraz yo ansanm ak menm pwosesis la (tou pa m, tou pa w).



4) Repase Leson an

Fè yon repase ak blòk konstriksyon. Pote kèk blòk nan klas epi wè konbyen bagay timoun yo ka panse ke Jezi/Bondye te kòmande nan Bib la. Kèk repons posib se obeyi Bondye, toujou di non ak Satan, nenpòt nan 10 kòmandman yo, fè byen epi ede lòt moun, fè Bondye konfyans pou kenbe pwomès li yo, di moun ke Jezi te mouri pou peye pou peche ou. Wè ki wotè blòk ou yo ka rive.

Èd pou Pwofesè a

Objektif leson sa a se son je kòmandman Bondye yo. Chak fwa yon timoun panse a youn, li ka ajoute yon blòk sou tou a. Si yo n timoun pa kapab panse a yon bagay, ba li kèk èd ! Se pa yon konkou, esey e enplike chak elèv si sa posib.



5) Aplike Leson an

Kiyès ki yon moun ki ka pa konnen ke Jezi te mouri sou kwa a pou peye pou peche yo? Jezi te di se sèlman lè ou kwè sa epi ou repanti pou peche ou ou ka ale nan syèl la pou w avèk Bondye lè ou mouri. Èske ou sonje sa mo “repanti” a vle di? Kite timoun yo reponn si yo kapab. Se sa menm. Sa vle di ou di Bondye ou regrèt move bagay ou te fè yo. Kijan nou di Bondye yon bagay? Atravè lapriyè. Ou ka pale ak Bondye nenpòt lè ak nenpòt kote. Kiyès ou pral di semèn sa a? Ankouraje timoun yo panse a yon moun yo ka di. Rele plizyè timoun pou di klas la kiyès yo pral di semèn sa a.

Lapriyè, di Bondye mèsi paske li kenbe pwomès li pou voye Yon moun ki t ap kraze tèt Satan. Moun sa a se Jezi. Mande Bondye pou ede timoun yo konprann sa sa vle di pou repanti ak kwè. Mande Bondye pou ede nou tout di lòt moun bon nouvèl sou Jezi a.

Pifò timoun lekòl matènèl l poko pare pou yo konprann nèt travay sibstitisyon Kris la sou kwa a. W a p anseye verite ki vital e ki fondamantal pou yo konprann kiyès Bondye ye ak kijan li ye. Fè anpil atansyon pou ou pa mete okenn presyon sou yon jèn timoun pou l fè yon lapriyè repantans. Kite yo poz e kesyon lè yo genyen yo. Jèn timoun trè anvi fè pwofesè yo plezi epi yo ta ka fasilman dakò pou lapriyè pou sali san yo pa vrèman konnen sa li vle di.

Avanti Nimewo 46

Matye 28:18-20, Mak 16:15, Lik 24:44-48,
Jan 20:21

Jezi te di moun ki t ap swiv li yo
pou yo pote mesaj li bay tout moun.


Kòmanse pa repase vèsè pou sonje a ak chante a. Pou repase vèsè a, sèvi ak vwa diferan chak fwa ou di vèsè a. Di timoun yo pou yo koute byen kijan ou di vèsè a, epi eseye fè menm jan an tou. Premyèman, soufle li dousman, apre sa sèvi ak yon vwa nòminal, epi yon vwa fò (evite rele). Eseye li ak yon vwa k ap chante, oswa separe chak mo yon fason kout ak detache. Sèvi ak kreyativite ou pou jwenn plis lòt lide pa ou.

Mande timoun yo si yo te kapab di yon moun ke Jezi te mouri sou kwa a pou peye pou peche yo. Raple yo dènye pawòl Jezi te di disip li yo. Ankouraje yo pou yo pataje sa yo te aprann ak yon lòt moun semèn sa a. Pou leson an, kòmanse ak jwèt blòk konstriksyon an. Pote kèk blòk nan klas la epi gade konbyen bagay timoun yo ka panse ke Jezi/Bondye te kòmande nan Bib la. Kèk repons posib se: Pou obeyi Bondye, toujou di non ak Satan, nenpòt nan 10 kòmandman yo, aji ak jantiyès epi ede lòt moun, fè konfyans nan Bondye pou li kenbe pwomès li yo, di moun ke Jezi te mouri pou peye pou peche ou yo. Gade konbyen wo blòk ou yo ka rive.

Mande kesyon sa a: “Kibò nou aprann sou sa Bondye vle nou fè? Se sa menm, nan Bib la.” Leve Bib ou pou tout timoun yo ka wè li. Lè nou di yon moun konsènan Jezi, se tankou n ap ba yo pawòl Bondye a. Fè timoun yo fòme yon sèk toutotou zòn ansèyman ou an. Di: “M ap di ou yon bagay ki soti nan pawòl Bondye a epi m ap ba ou Bib la pou ou kenbe. Chak timoun ap di moun ki akote li a yon bagay ki soti nan pawòl Bondye a epi pase Bib la ba li.” Yo ka repete sa pwofesè a te di, oswa chwazi yon lòt bagay nan jwèt blòk konstriksyon an. Pou timoun ki pi piti yo, ou ka bezwen ba yo chak yon sijesyon lè se tou pa yo. Kontinye toutotou sèk la jiskaske tout timoun yo te kenbe Bib la. Pwofite okazyon sa a pou fè yon moman mizik espesyal. Repase chante ki soti nan leson anvan yo. Timoun yo ka chwazi yon chante yo renmen, oswa pwofesè a ka chwazi. Pran plezi pou nou chante ansanm!

Lapriyè ak timoun yo. Remèsye Bondye pou Bib la, kote nou ka aprann sou kijan sèl vrè Bondye a ye ak kijan li travay. Remèsye li paske nou gen okazyon pou tande verite a. Mande Bondye kouraj pou pataje verite a ak moun nou pran swen yo.

Avanti Nimewo 45 ak 46: Jezi te di moun ki t ap swiv li yo pou yo pote mesaj li bay tout moun.



Avanti Nimewo 47

Travay Apot yo 2:42-47; 4:1-12; 5:42

Moun ki t ap swiv Jezi yo te reyini pou lapriyè, adore,
li Bib la, fè kominote, epi temwaye.



1) Etidye Leson an (anvan klas)

- Apre Pyè te pwoklame bon nouvèl Jezi Kri a epi 3,000 moun te vin nouvo kwayan, legliz primitif la te chèche fason pou entegre nouvo kwayan sa yo nan legliz la.
- Malgre 3,000 moun sa yo te nouvo kwayan, yo te kontinye avèk fèmte. Yo te pèsevere. Pa gen okenn dosye ki montre ke youn nan yo te vire do bay lafwa a.
- Legliz primitif la te konsakre tèt yo a kat disiplin debaz.
 - 1) Ansèyman bibliik. “Doktrin apot yo” vle di ansèyman oswa doktrin ke apot yo te pwoklame. Sa pa vle di ke apot yo te gen pwòp doktrin pa yo.
 - 2) Kominote. Premye kwayan yo te pataje bagay yo te genyen ansanm. Legliz primitif la te pataje lapriyè yo ansanm, yo te pataje batay yo ansanm, epi yo te menm pataje byen yo.
 - 3) Kase pen oswa Soupe Senyè a. Dènye demann Senyè a anvan li te ale sou kwa a se te: “Fè sa nan memwa mwen.” Disip yo te entegre sa nan kominote yo a. Nan kominote yo a, yo te sonje kò li ki te kase ak san li ki te koule.
 - 4) Lapriyè. Moun ki te fèk konvèti pou swiv Jezi yo te angaje yo nan yon lanmou pou lapriyè epi yo te pèsevere ladan l.
- Legliz primitif la te konsakre tèt yo tou a evanjelizasyon. De karakteristik te make evanjelizasyon yo. Premyèman, ke Jezi Kri te resisite. Bondye te resisite Jezi Kri soti nan lanmò. Dezyèmman, ke Jezi Kri se sèl chemen ki mennen nan Bondye. Pa t gen plizyè chemen ki mennen nan Bondye.



2) Kòmanse Leson an

Èd pou Pwofesè a

Kisa ou panse lè m di mo “legliz” la? (kite timoun yo reponn epi ekri repons yo sou yon tablo) Lè Bib la pale sou “legliz”, gen kèk bagay ki tout se pati enpòtan nan tout legliz la. Anvan ou rakonte istwa a, bay enstriksyon sa yo: “Gen plizyè bagay legliz la te konn fè anvan, epi li toujou ap fè jodi a. Lè m di ou youn nan bagay sa yo, m ap fè yon mouvman pou ale avèk li. Lè ou wè m fè yon mouvman, ou fè l ansanm avè m.”

Imaj ki koresponn ak Avanti 47 ak 48 yo ka jwenn apre Avanti 48.



3) Anseye Leson an

Pandan w ap mennen klas ou pou kolore imaj ki koresponn nan, pale ak yo sou imaj la. Montre detay ki enpòtan pou leson an. Pa kite sa vin yon aktivite ki pa gen sans. Se yon bon aktivite ansèyman/ranfòsman.



Rakonte Istwa a

Aprè Jezi te retounen nan syèl la, disip yo ak lòt moun ki te kwè nan ansèyman Jezi yo te reyini ansanm. Disip yo te anseye moun yo anpil bagay ki soti nan Bib la. (Lonje men ou ansanm, tankou w ap kenbe yon Bib pou li ladan l) Yo te vle pataje tout bagay Jezi te anseye yo. Lè yo te reyini pou legliz, yo te pase tan ap lapriyè ansanm. (Mete men ou ansanm tankou w ap lapriyè) Yo te toujou pase tan ap adore Bondye. (Chante premye liy {LQ} Jezi renmen mwen, mwen konnen {RQ}) Disip yo te di moun yo ke Bondye te vle yo pran swen youn lòt tou. Si te gen yon moun ki pa t gen manje pou manje, lòt kwayan yo te konn pote manje pou yo. (Fè tankou w ap distribye manje youn bay lòt) Si yo pa t gen rad cho pou mete, yon moun te konn ba yo kèk. (Fè tankou w ap lonje yon rad bay yon moun) An reyalyte, moun yo te tèlman anvi ede ke yo te pote nenpòt bagay anplis yo te genyen epi bay disip yo pou bay nenpòt moun ki te bezwen l. Yo te menm vann bagay epi pote lajan an nan legliz pou tout moun ka gen sa yo bezwen. (Mete men ou nan pòch ou epi rale kèk lajan fofile epi bay yon moun) Yo te pataje anpil repa ansanm. (Fè tankou w ap manje) Kèk nan repa yo se te repa espesyal pou sonje lanmò Jezi sou kwa a. (Fè tankou w ap manje, apre sa mete men ou sou kote figi ou epi gade anlè tankou w ap reflechi) Dènye bagay nou pral pale sou li se dènye bagay Jezi te di disip li yo anvan li te retounen nan syèl la. Èske gen yon moun ki sonje sa sa te ye? Nou te pale sou li semèn pase.

Wi, se te pou di lòt moun bon nouvèl la ke Jezi te mouri pou peche yo! (Fè tankou men ou se yon maryonèt k ap “pale” ak lòt men ou) Te gen anpil moun ki te kwè nan Jezi, paske legliz la t ap fè sa Bondye te di yo fè. Bib la di ke yon sèl jou, 3,000 moun te ajoute nan legliz la! Sa se anpil moun! Ann retounen nan kesyon mwen te poze ou nan kòmansman istwa nou an: Kisa ou panse lè m di “legliz”? (kite yo reponn) Legliz la se yon gwoup kwayan ki reyini ansanm pou aprann sou Bondye epi adore li ansanm.



Vèsè pou Sonje

Travay Apot yo 2:42 — Legliz la te obeyi ansèyman apot yo.



Lwanj ak Adorasyon

“Mwen Ale Legliz Jodi a” — Chante sou melodi “The Farmer in the Dell”.

Mwen ale legliz jodi a. Mwen ale legliz jodi a.

Mwen tande istwa ki soti nan Pawòl Bondye a, mwen ale legliz jodi a.

Mwen ale legliz jodi a. Mwen ale legliz jodi a.

Lapriyè epi adore Bondye ki anlè a, mwen ale legliz jodi a.

Mwen ale legliz jodi a. Mwen ale legliz jodi a.

Toujou ap ede sa ki nan bezwen yo, mwen ale legliz jodi a.

Mwen ale legliz jodi a. Mwen ale legliz jodi a.

Bay bon nouvèl epi pataje repa, mwen ale legliz jodi a.

Fè menm mouvman tankou nan “Rakonte Istwa a” pandan w ap chante chak vèsè. Pou “Mwen ale legliz jodi a”, mache sou plas.

Si ou ta renmen tande melodi chante sa a koute isit la:

<https://youtu.be/4zcrm1LIPE>

Aktivite Memwa Bib
Sèvi ak metòd “tou pa m, tou pa w” la. Esplike timoun yo: Premyèman se tou pa m (lonje de men ou sou tèt ou), apre sa se tou pa w (lonje de men ou sou ou klas la). Di “Legliz la te obeyi” (lonje sou tèt ou pandan w ap di sa, apre sa yo repete pandan w ap lonje sou yo) apre sa, “ansèyman apot yo.” Apre kèk fwa, mete 2 fraz yo ansanm ak menm pwoses is la (tou pa m, tou pa w).



4) Repase Leson an

Èd pou Pwofesè a

Pote gwo blòk konstriksyon nan klas la jodi a, ase pou chak timoun nan klas la, si sa posib. Anplis, pote kèk moso papye mawon ki yon ti jan pi piti pase blòk yo. Sou chak papye, ekri youn nan mo oswa fraz sa yo: Bib, lapriyè, adorasyon, repa, sonje, pataje levanjil, pran swen youn lòt. Tepe youn papye sou chak blòk. Soti blòk yo, epi kite timoun yo ede ou “konstwi” legliz la. Pale sou kijan tout bagay sa yo se pati enpòtan nan youn legliz, men vrè legliz la fèt ak pèp Bondye a, sa yo ki kwè nan li.



5) Aplike Leson an

Pandan n ap vin nan legliz chak semèn, ann sonje egzanp nan Pawòl Bondye a sou sa yon legliz ta dwe fè. Ann nonmen chak bagay nou te pale sou li jodi a. (Anseye Bib la, lapriyè, adorasyon, ede youn lòt, repa pou sonje lanmò Jezi sou kwa a, di bon nouvèl la)

Lapriyè ak klas ou a. Remèsye Bondye paske li ban nou legliz la kote yo ka anseye nou Bib la. Pi plis pase tout bagay, remèsye Bondye paske li te prepare youn chemen pou nou vin zanmi ak Bondye atravè Jezi Kri ak lanmò li sou kwa a.

Avanti Nimewo 48

Travay Apot yo 2:42-47; 4:1-12; 5:42

Moun ki t ap swiv Jezi yo te reyini pou lapriyè, adore,
li Bib la, fè kominote, epi temwaye.


Kòmpanse pa repase vèsè pou sonje a ak chante a. Pandan w ap repase vèsè a, chanje fason ou kanpe chak fwa. Lonje men ou anlè pandan w ap di vèsè a. Bese desann atè pandan w ap di vèsè a. Mete men ou anwo tèt ou. Mete yon dwèt sou nen ou. Kanpe sou yon sèl pye. Panse a kèk lòt aksyon pou fè.

Kisa yon legliz ye? Nou espere kèk nan timoun yo ap sonje kèk nan bagay yo te aprann semèn pase sou legliz primitif la. Repons posib yo gen ladan yo anseye Bib la, lapriyè, adorasyon, ede youn lòt, repa pou sonje lanmò Jezi sou kwa a, di bon nouvèl la, ak pèp Bondye a, sa yo ki kwè nan li. Legliz la pa bilding nou souvan rele “Legliz” la. Bilding legliz la se senpleman kote pèp Bondye a reyini. Gade tounen nan “Rakonte Istwa a” ki soti nan semèn 1 Avanti #24. Fè chak mouvman ou te sèvi semèn pase pou montre eleman yon legliz yo. Kite timoun yo devine sa w ap jwe wòl la. Apre sa kite timoun yo ofri tèt yo pou jwe wòl diferan lide yo epi rès klas la ka devine.

Sèvi ak blòk semèn pase yo pou “konstwi” yon legliz ankò. Fwa sa a fè yon gwo kare oswa sèk ak blòk yo epi kite yon ouvèti kote timoun yo ka antre nan bilding lan. Raple yo ke vrè legliz la se pèp Bondye a ki kwè nan li. Kite timoun yo ede ou fè plan yon sèvis legliz ki gen ladan li pifò oswa tout eleman ki sou blòk ou yo. Yo ka chwazi yon chante, yon leson Bib, yon lapriyè, epi jwe wòl lide pataje ak lòt moun ki nan bezwen. Li ta amizan tou pou pote yon ti gouste, pou reprezante Soupe Senyè a (kominyon). Menm si yo poko ka konprann tout senbolis ki konsène a, sa se yon bon entwodiksyon nan lide legliz la. Apre yo fin planifye sèvis la, fè li. Pèmèt timoun yo fè otan pati nan sèvis legliz la ke posib. Gen yon ti veso pou reprezante kote moun ta bay ofrann yo bay legliz Bondye a. Pase li bay chak manm nan klas la. Ou ka menm bay ti moso papye pou reprezante lajan granmoun ta bay yon dimanch. Pandan veso ofrann lan ap pase, sa yo ki gen yon “ofrann” pou kontribye ta dwe ajoute papye lajan yo nan asyèt ofrann lan. Chwazi yon timoun pou rakonte yon istwa nan Bib la. Chwazi yon lòt timoun pou monte epi ede ou mennen klas la nan yon chante.

Mande si gen yon timoun ki ta renmen fini klas la ak lapriyè. Apre yo lapriyè, mennen klas la nan yon lapriyè “repete apre mwen”. Men yon lapriyè ki sijere: “Chè Bondye (yo repete) mwen konnen ke legliz la (yo repete) se lide Ou. (yo repete) Mèsi (yo repete) paske Ou fè yon bèl kote konsa (yo repete) kote mwen ka aprann sou Ou. (yo repete) Nan non Jezi (yo repete), Amèn. (yo repete)”

Avanti Nimewo 47 ak 48: Moun ki t ap swiv Jezi yo te reyini pou lapriyè, adore, li Bib la, fè kominote, epi temwaye.



Avanti Nimewo 49

Apokalips 21:1-22:5

Tout moun ki te fè konfyans nan Jezi
yon jou ap antre nan syèl la.



1) Etidye Leson an (anvan klas)

- Apre gwo jijman Bondye a, li pral kreye yon nouvo syèl ak yon nouvo tè. (Women 8:18-21; 2 Pyè 3:7-13)
- Vèsè sa yo dekri yon sèn ki gen kè kontan epi ki triyonfan pou legliz ki rachte a. Tout konfli li yo ap fini epi tout lènmi li yo ap detwi.
- Bondye te planifye ke sa yo ki ap viv etènèlman avèk li p ap konnen okenn kalite maladi, doulè, oswa lapenn. Se sèlman jwa ak kè kontan k ap prezan nan glwa etènèl prezans li an.
- Nouvèl Jerizalèm nan menm wotè ak laj ak longè li. Avèk konsepsyon li ak Konsèptè li an, l ap yon kote pafè pou viv pou toujou. Mi espesyal yo ak pòtay espesyal yo ap manyifik pou gade epi glorye nan aparans yo.
- Glwa Bondye a ap eklere vil la, sa k ap fè li yon kote sentete ak jistis. Vil la ap konplè san peche ak mal.
- Se sèlman sa yo non yo ekri nan Liv Lavi Ti Mouton an k ap viv nan nouvèl Jerizalèm nan. Sa vle di, se sèlman sa yo ki te mete lafwa yo nan Senyè Jezi Kri a k ap viv la.
- Pa gen bezwen yon tanp oswa yon legliz paske Senyè a li menm ap prezan la.
- Dènnye pawòl Jan yo apwopriye tou pou konklizyon tout Bib la. Zanj lan afime bay Jan fyabilite pawòl sa yo. Repons ki apwopriye a pawòl sa yo se adore Bondye.



2) Kòmanse Leson an

Èd pou Pwofesè a

Mande timoun yo kesyon sa a: Kisa ki ta fè pi bon kote ou ta janm ka panse a? Ede yo ak kèk lide. Petèt li akote yon gwo lak oswa lanmè a. Petèt li gen pyebwa ak bèl fwi. Petèt gen anpil lòt timoun pou jwe avèk yo, oswa bèt kòm bèt kay! Kisa ou ta renmen manje la? Pote papye ak kreyon koulè pou klas la jodi a. Bay chak timoun yon moso papye epi mande yo pou yo desine yon imaj pi bon kote yo ka panse a.

Imaj ki koresponn ak Avanti 49 ak 50 yo ka jwen n apre Avanti 50.



3) Anseye Leson an



Rakonte Istwa a

Bib la di ke nan fen tan an, syèl la ak tè a ap pase. Apre sa Bondye ap fè yon tè tou nèf ak yon syèl tou nèf. Kite mwen di ou kijan li ap ye. Mwen panse ou ap vrèman renmen li. P ap gen okenn lapenn, p ap gen plis dlo nan je nan kote sa a. Èske ou te janm tris oswa pa kontan? Enben, ou p ap tris nan nouvo tè sa a. P ap gen pèsonn k ap mouri. Èske ou te janm konnen yon moun ki te mouri? Sa p ap janm rive ankò nan nouvo tè sa a. Èske gen yon moun ki te janm gen doulè? Ou p ap santi okenn doulè isit la. L ap yon “zòn san doulè”. Ap gen lapè, lavi, ak kè kontan. Ou ap vrèman renmen kote sa a. Epi sa yo ki te fè konfyans nan Jezi ap kapab viv isit la pou toujou! Li p ap senpleman yon kay pou yon ti tan. L ap yon kay pou toujou. Kite mwen di ou kijan kay sa a ap parèt. L ap klere epi briye. P ap gen fènwa. Èske gen yon moun isit la ki pè fènwa? Ou p ap janm bezwen panse a li nan kote sa a paske p ap janm gen fènwa! L ap yon gwo kote ak plas pou tout moun. L ap plen ak bèl wòch presye ki gen koulè epi ki briye. Men li vin pi bon toujou: ap gen yon riviyè klè epi pi k ap soti nan twòn Bondye a desann nan gran ri nouvo kay sa a. Bon fwi ap sou toulède kote riviyè a epi tout moun ap kapab pran plezi nan fwi nan nouvo kay sa a. Nouvo kay sa a p ap bezwen solèy, lalin, oswa zetwal paske Bondye la. L ap limyè ki klere epi briye a epi li p ap janm fè nwa paske l ap toujou la. Anyen ki sal oswa ki move p ap janm antre nan nouvo kay nou an. Isit la

Sonje pou ou toujou gen Bib ou vizib lè w ap anseye yon istwa nan Bib la. Kòm yon aktivite amizan, make ak yon mak liv kote istwa nan Bib la jodi a twouve (Pou leson sa a, Apokalips 21). Jwe kèk mizik epi fè timoun yo pase Bib ou ki fèmen an nan an sal la youn apre lòt. Nan an yon moman, sispann mizik la, epi nempòt moun ki kenbe Bib la nan moman sa a ka ouvri li nan kote mak liv la ye a epi pote li bay pwofesè a.

P ap gen polisyon ni okenn bagay move ki ta ka fè nou mal. Twòn Bondye a ap jis nan mitan an. Nou ap kapab pale avèk li epi adore li tout tan. Li p ap raz, epi li p ap mòn. Sa ap pi bèl bagay ki te janm genyen. Annik panse a li: yon bèl nouvo kay kote gen lapè ak sekirite pou toujou... yon bèl nouvo kay kote gen lanmou ak kè kontan pou toujou! Men nouvo kay sa a se sèlman pou sa yo ki te mete konfyans yo nan Jezi. Akoz konfyans yo nan Jezi, Bondye ap pwoteje yo epi ba yo sa yo bezwen pou toujou. Tout pwomès Bondye te fè nan tout Bib la vin reyalize. Satan ak tout moun ki ap swiv li yo voye ale epi li p ap janm kapab tante yon moun pou peche ankò. Bèl kay pafè sa a ki la pou toujou rele syèl la.



Vèsè pou Sonje

Apokalips 22:5 — Epi p ap gen lannwit ankò. Bondye se limyè a.



Lwanj ak Adorasyon

“Fè Lwanj Li, Fè Lwanj Li Tout Nou Menm Ti Timoun”
 Fè lwanj li, fè lwanj li tout nou menm ti timoun. Bondye se lanmou! Bondye se lanmou! Fè lwanj li, fè lwanj li tout nou menm ti timoun. Bondye se lanmou! Bondye se lanmou!
 Renmen li, renmen li tout nou menm ti timoun. Bondye se lanmou! Bondye se lanmou! Renmen li, renmen li tout nou menm ti timoun. Bondye se lanmou! Bondye se lanmou!
 Sèvi li, sèvi li tout nou menm ti timoun. Bondye se lanmou! Bondye se lanmou! Sèvi li, sèvi li tout nou menm ti timoun. Bondye se lanmou! Bondye se lanmou!
 Remèsye li, remèsye li tout nou menm ti timoun. Bondye se lanmou! Bondye se lanmou! Remèsye li, remèsye li tout nou menm ti timoun. Bondye se lanmou! Bondye se lanmou!
 Si ou ta renmen tande melodi chante sa a, ou ka jwenn li isit la:
<https://youtu.be/TkUPMCpdta0>

Aktivite Memwa Bib
 Sèvi ak metòd “tou pa m, tou pa w” la. Esplike timoun yo: Premyèman se tou pa m (lonje de men ou sou tèt ou), apre sa se tou pa w (lonje de men ou sou ou klas la). Di “Epi p ap gen lannwit ankò” (lonje sou tèt ou pandan w ap di sa, apre sa yo repete pandan w ap lonje sou yo) apre sa, “Bondye se limyè a” (lonje sou tèt ou pandan w ap di sa, apre sa yo repete pandan w ap lonje sou yo). Apre kèk fwa, mete 2 fraz yo ansanm ak menm pwosesis la (tou pa m, tou pa w).



4) Repase Leson an

Kite timoun yo montre klas la imaj yo epi rakonte sou sa yo te desine. Konplimante chak youn epi pataje eksitasyon yo sou kijan syèl la ap bèl!

Èd pou Pwofesè a

Sa mande disènmman pou konnen si yon timoun ki piti anpil gen ase konprann pou mete lafwa li nan Jezi pou sali. Si yon timoun un vin di ou li vle lapriyè epi mande Jezi pou sove li, ou dwe evalye nivo konprann li. Si yo gen paran ki kwayan, li pi bon pou pale ak paran yo epi kite yo pran devan. Si yo pa gen paran ki kwayan, lapriyè pou gwo sajès. Ou pa vle kanpe nan chemen yon timoun k ap eksprime yon repantans ak lafwa ki vre. Men ou pa vle non plis kreye yon fo san timan sekirite nan yon timoun ki pa vrèman konprann konsèp lafwa, repantans ak sibstitisyon pinisyon an.



5) Aplike Leson an

Bib la di nou ke lè Jezi te retounen anlè nan syèl la, li te kòmanse prepare yon kote pou nou. Li di tou ke syèl la ap pi mèveye pase nenpòt bagay nou te janm wè, tandè, oswa menm reve! Poukisa ou panse Bondye ap prepare yon kote ki tèlman mèveye pou sa yo ki kwè nan li? Paske li renmen nou! Li te kreye Adan ak Èv pou yo vin zanmi espesyal li te gen lontan, epi menm kounye a, li vle ou vin zanmi espesyal li tou. Li renmen ou tèlman, ke li te fè yon chemen pou mwen menm ak ou pou nou avèk li nan syèl la yon jou, menm si nou te fè bagay ki mal. Jezi te mouri sou kwa a pou nenpòt moun ki vle ka mande Bondye pou pinisyon Jezi a konte pou li!

Lapriyè, ap remèsye Bondye pou gwo lanmou li. Remèsye li paske li fè yon chemen pou nou vin zanmi li menm si nou tout te peche. Remèsye li paske li prepare syèl la pou nou. Mande Bondye pou bay timoun ou yo konprann levanjil la pandan yo ap grandi epi aprann. Mande li pou bay chak timoun lafwa ak repantans.

Avanti Nimewo 50

Apokalips 21:1-22:5

Tout moun ki te fè konfyans nan Jezi
yon jou ap antre nan syèl la.

Kòmmanse pa repase vèsè pou sonje a ak chante a. Lè w ap repase vèsè a, eseye metòd sa a: akoupi byen ba atè, epi di vèsè a byen dousman. Tikras pa tikras, leve kanpe, sèvi ak yon vwa yon ti jan pi fò chak fwa ou monte yon ti kras. Lè ou kanpe nèt, ou ta dwe sèvi ak “vwa anndan” ou ki pi fò a. Fè menm bagay la nan sans envès, ap vin pi dousman pandan ou ap desann, jiskaske ou ap soufle nan dènnye repetisyon an.

Pou leson an, pote imaj oswa objè ki reprezante bagay ki ap nan syèl la. Kèk egzanp se:

1. Yon imaj yon limyè klere ki reprezante Bondye
2. Bèl fwi
3. Fo wòch presye oswa imaj wòch presye
4. Yon moso branch pyebwa
5. Dlo pwòp
6. Yon imaj yon moun ak yon figi k ap souri
7. Yon imaj Jezi

Pote imaj oswa objè ki reprezante bagay ki p AP nan syèl la. Kèk egzanp se:

1. Yon ti sak tè
2. Pansman
3. Dlo sal
4. Yon mouchwa papyè ki reprezante dlo nan je
5. Yon imaj yon zam
6. Yon imaj yon moun ak yon figi fache oswa moun k ap goumen
7. Yon moso papyè oswa twal nwa nèt ki reprezante fènwa

Sa yo se sèlman kèk sijesyon, santi ou lib pou ajoute plis. Leve chak imaj oswa objè epi mande timoun yo: “Èske sa a ap nan syèl la?” Pandan w ap montre chak bagay, pale sou poukisa chak ap oswa p ap nan syèl la. Jwe yon jwèt ak objè yo. Kite timoun yo travay ansanm nan ti gwoup pou klase bagay yo nan de gwoup. Mete tout bagay yo ale epi gade konbyen yo ka sonje nan chak gwoup. Nan fen an, soti imaj Jezi a ankò epi raple timoun yo ke se sèlman akòz Jezi ak lanmò li sou kwa a nenpòt nan nou ka ale nan syèl la.

Lapriyè ansanm pou remèsye Bondye pou sakrifis Jezi a. Jezi ap pi bèl pati nan syèl la!

Avanti Nimewo 49 ak 50: Tout moun ki te fè konfyans nan Jezi yon jou ap antrè nan syèl la.



Avanti Nimewo 51

1 Jan 4:10

Gwo Istwa Bib la Estraòdinè!



1) Etidye Leson an (anvan klas)

- Bondye — non Siperyè a, ki vle di an Ebre “Fò”, “Pwisan”. Li eksprime pisans toupisan; epi pa itilizasyon li isit la nan fòm pliryèl, gen yon doktrin yo anseye yon fason ki kache nan kòmansman Bib la, yon doktrin ki klèman revele nan lòt pati nan li, sa vle di, ke malgre Bondye se yon sèl, gen yon pliralite pèsòn nan Divinite a — Papa, Pitit, ak Lespri ki te angaje nan travay kreyasyon an.
- Piske Bondye se Kreyatè a epi tout linivè a se kreyasyon li, li dwe anba kontwòl li. Bondye te anvan tout bagay, kidonk, anyen lòt pa ka egal li. Pa ka gen okenn lòt bondye paske li te anvan nenpòt moun oswa nenpòt lòt bagay. Lè Bondye te kreye monn nan, li te kreye li “soti nan anyen”.
- Nan fen kreyasyon an, Bondye te bay lòm benediksyon ak opòtinite enkwayab pou yo te fèt nan imaj li. Pa gen okenn lòt kreyati oswa bagay ki kreye ki te resevwa sa.
- Tantatè a se te Satan nan fòm yon sèpan. Tantasyon Adan ak fanm nan te vini nan fòm yon dega epi yo pa t atann li. Satan te yon mantè depi nan kòmansman (Jan 8:44). Men manti li a: yon moun ka peche epi chape. Men lanmò se pinisyon pou peche; Jenèz 2:17.
- Lè Bondye pale sou lanmò, li vrèman ap pale sou separasyon. Twa kalite lanmò rive kòm rezilta peche: lanmò espirityèl, lanmò fizik, ak yon lanmò etènèl. Jenèz 3:7
- Matye 1:1-2, 18-25. Jezi Kri se pèsònaj prensipal nan prezantasyon Matye a, epi premye vèsè a konekte li tounen ak de gwo alyans nan istwa jwif yo: Alyans Davidik la (2 Samyèl 7) ak Alyans Abraamik la (Jenèz 12 ak 15).
- Lik 23:26-38. Lik verifye ke Jezi te bay lavi li, yo pa t pran li nan men li. Plizyè fwa, Lik afime inosans Jezi. Nan youn nan referans yo, Pilat te rapòte ke Ewòd te jwenn Jezi inosan tou. Santenye a bò kwa a te deklare ke Jezi te inosan.
- De pechè te kloure sou kwa epi Jezi te sou yon kwa ant yo. Youn nan pechè yo te voye ensilt malveyan sou Jezi epi te blasfème Jezi oswa te joure li. Lòt pechè a te rekonèt ke Jezi te Bondye, Lik 23:40. Pechè sa a, yon vòlè, te fè yon konfesyon manyifik. Epi isit la, sou kwa a, Jezi te ka montre ke sali pa rive paske yon moun bon. Evidamman, pechè sa a pa t bon.
- Apre gwo jijman Bondye a, li pral kreye yon nouvo syèl ak yon nouvo tè. (Women 8:18-21; 2 Pyè 3:7-13) Se sèlman sa yo non yo ekri nan Liv Lavi Ti Mouton an k ap viv nan nouvèl Jerizalèm nan. Sa vle di, se sèlman sa yo ki te mete lafwa yo nan Senyè Jezi Kri a k ap viv la.



2) Kòmanse Leson an

Èd pou Pwofesè a

Èske gen yon moun isit la ki te janm vwayaje nan yon avyon? Kisa ou konnen sou avyon? (yo vole byen wo, yo ale vit, yo pote anpil moun). Kilès ou panse ki vwayaje pi vit, yon avyon oswa yon chwal? Natirèlman, yon avyon ale pi vit pase yon chwal! Si w ap vwayaje nan yon avyon, ou ka ale soti yon kote rive yon lòt kote nan yon ti tan, epi ou ka wè tèt mòn yo, men ou pa ka wè ti bagay tankou flè oswa moun. Ou twò lwen. Sou yon chwal, ou ale pi dousman anpil, epi ou pa ka wè tèt kèk mòn, men ou ka wè flè yo, pyebwa yo, epi rekonèt moun pandan w ap ale. Donk youn pa toujou pi bon pase lòt la, yo jis diferan. Si ou vle ale vit, ou ale nan yon avyon. Si ou vle wè detay yon kote, ou mache, vwayaje nan yon machin, oswa sou yon chwal. Se sa nou pral fè ak istwa nan Bib nou yo jodi a. Nou te aprann anpil sou diferan moun, kote, ak evènman nan tout istwa nan Bib nou yo jiska prezan. Kounye a nou pral fè bak epi gade GWO imaj la, prèske tankou n ap wè li soti nan yon avyon. Nou p ap pale sou tout detay yo, men nou pral gade GWO imaj mesaj Bondye a bay tout moun, tankou nou!

Pote 8 imaj liv koloraj sa yo ki te itilize nan seri Avanti Lekòl Matènèl la. I maj ki soti nan Avanti # 1, 3, 7, 9, 27, 39, 41, ak 49 yo. Imaj sa yo, nan lòd, ap chak reprezante youn nan mo yo nan leson “Pon pou rive nan Lavi” sa a.

Objektif pou aprann 8 mo sa yo se pa sèlman konnen mo a, men tou sa li vle di. Yon fraz kout pou dekri chak mo esansyèl pou konprann “metanarati f” Bib la.



3) Anseye Leson an



Rakonte Istwa a

Premye mo a se BONDYE. Montre imaj ki soti nan leson 1 an. Kisa nou te aprann sou Bondye nan tout premye istwa nou an? Bondye se moun ki pwisan an, moun ki fò a. (Montre m kijan ou fò.) Pa gen okenn moun ki te janm, okenn kote ki ye oswa ki ta ka pi fò pase Bondye. Nou te aprann tou ke Bondye etènèl. Sa vle di li te vivan POU TOUJOU. (Lonje bra ou byen laj.) Raple klas ou a pisans Bondye te montre nan kreyasyon, nan sove pèp li a soti nan Lejip, nan toujou kenbe pwomès li yo, ak nan leve soti vivan nan lanmò. Anpil lòt egzanp ta ka itilize. Pwochen mo a se LÒM. Montre imaj ki soti nan leson 3 a. Bondye te kreye anpil bèl bagay, tè a, solèy la, lalin nan, zetwal yo, tout zwazo, pwason ak bèt yo. Li te kreye tè a, dlo a ak pyebwa yo, ak anpil bon bagay ki grandi pou nou manje.

Sa se yon lis 8 mo yo, sa ns yo, ak mouvman pou ale ak chak mo.

BONDYE — Bondye fò anpil. Montre bra fò.

LÒM — Bondye te kreye gason ak fanm pou yo vin zanmi espesyal li. Lo nje sou tèt ou.

Nan fen kreyasyon li an, li te fè gason ak fanm pou yo vin zanmi espesyal li.

Montre imaj ki soti nan leson 7 a. Pwochen mo a se PECHE. Gason an ak fanm nan te dezobeyi Bondye. Sonje li te ba yo yon bèl jaden kote yo te ka viv, kontan, epi gen tout sa yo te bezwen. Men sèl pyebwa li te di yo pou yo pa manje nan li a, Satan te itilize li pou tante yo pou peche. Èske Adan ak Èv te fè bon chwa a? Non. Malerezman yo te deside koute Satan olye de Bondye. Yo te peche.

Pwochen mo a se LANMÒ. Montre imaj ki soti nan leson 9 a. Peche pote anpil move rezilta, men pi move a se separe ak Bondye pou toujou. Sa rele lanmò espirityèl. Chak nan nou merite mouri epi separe ak Bondye paske nou tout te peche. Men menm si se sa nou merite, Bondye te pwomèt ke gen yon fason pou nou ka jwenn padon pou peche nou yo, pou toujou!

Pwochen mo a se KRI. Montre imaj ki soti nan leson 27 an. Bondye te voye pwòp Pitit li soti nan syèl la yon jou kè kontan! Non li se te Jezi. Li te fèt kòm yon ti bebe epi li te viv isit la sou tè a pou 33 an, ap anseye sa yo ki te vle koute li. Anpil moun te kwè nan mesaj li ki te soti nan Bondye. Li te geri moun, ba yo manje, kalme tanpèt, epi anseye moun yo anpil bagay sou Bondye. Li pa t janm fè anyen ki mal. Li se sèl moun ki te janm viv sou tè a pou li PA janm peche. Sa se paske li se vrèman Bondye.

Pwochen mo a se KWA. Montre imaj ki soti nan leson 39 an. Menm si Jezi te sèlman bon, jantil, renmen, epi pi, te gen kèk moun ki pa t vle tandè mesaj li ki te soti nan Bondye. Jezi te di tout moun ke yo te dwe regrèt pou move bagay yo te fè epi mande Bondye pou padone yo. Kèk moun te vin fache paske yo pa t vle admèt peche yo. Yo te twò ògeye pou admèt ke yo te gen tò. Move moun sa yo te pran Jezi epi kloure li sou yon kwa pou li mouri.

Pwochen mo a se LAFWA. Montre imaj ki soti nan leson 41 an. Sonje nou te aprann ke lafwa se jis yon lòt mo pou konfyans. Jezi pa t mouri akòz move bagay li te fè. Non! Li te mouri pou peche nou yo ka peye. Si nenpòt moun, nenpòt kote ap fè konfyans nan peman Jezi pou peche yo, li te pwomèt ke yo ap kapab viv avèk li nan syèl la yon jou. Menm jan ak vòlè ki te sou yon kwa akote Jezi a, li pwomèt tout moun ki ap fè konfyans nan li, yon kay nan syèl la. Kalite konfyans sa a rele LAFWA. Dènye mo a se LAVI. Montre imaj ki soti nan leson 49 an. Jan nou te aprann semèn pase, Bondye te prepare yon kay mèveye ki la pou toujou pou tout moun ki te deside fè konfyans nan Jezi pou padone peche yo. Syèl la ap estraòdinè!

Èd pou Pwofesè a

PECHE — Adan ak Èv te chwazi kwè manti Sata n olye de pawòl Bondye. Vire figi ou.

LANMÒ — Separasyon etènèl ak Bondye. Louvri men ou byen lwen youn ak lòt tankou w ap mezire e yon gwo distans.

KRI — Jezi te soti nan syèl la vin sou tè a pou montre gwo lanmou li. Ma nyen yon pla men ou epi apre sa lòt la pou montre kote klou yo te ye.

KWA — Jezi te mouri sou yon kwa kòm pinisyon pou peche nou yo. Trase yon kwa nan lè a.

LAFWA — Lafwa vle di fè konfyans nan Bondye. Mete toulède men ou sou u kè ou.

LAVI — Tout moun ki fè konfyans nan Jezi pou peye pou peche yo ap nan syèl la avèk li yon jou. Leve toulède men ou nan direksyon syèl la.



Vèsè pou Sonje

1 Jan 4:10 — Bondye te renmen nou epi te voye Pitit li.



Lwanj ak Adorasyon

“Jezi Renmen Mwen”

Jezi renmen mwen, sa mwen konnen. Paske Bib la di mwen sa.

Ti piti yo se pou li. Yo fèb men li fò.

Wi, Jezi renmen mwen, Wi, Jezi renmen mwen, Wi, Jezi renmen mwen, Bib la di mwen sa.

Jezi renmen mwen, li menm ki te mouri, pou louvri pòtay syèl la byen laj;

Li ap lave peche mwen, kite ti pitit li a antre.

Wi, Jezi renmen mwen, Wi, Jezi renmen mwen, Wi, Jezi renmen mwen, Bib la di mwen sa.

Si ou ta renmen tande melodi chante sa a, ou ka jwenn li isit la: <https://youtu.be/owx3ao42kwI>

Èd pou Pwofesè a

Timoun lekòl matènèl gen anvi ak bezwen pou deplase. Yo gen difikilte pou kenbe konsantrasyon pou yon long peryòd. Si es pas klas ou a pèmèt moun vman, vire pozisyon ansèyman ou apre chak dezyèm pwen nan leson sa a. Pale sou BONDYE ak LÒM, apre sa deplase yon ka chemen toutotou sal la. Pale sou PECHE ak LANMÒ, apre sa deplase yon lòt ka chemen toutotou sal la. Kontinye menm modèl la pou lòt kat pwen yo. Pandan w ap vire, fè timoun yo chanje pozisyon yo pou yo kontinye gade ou.

Aktivite Memwa Bib
Sèvi ak metòd “tou pa m, tou pa w” la. Esplike timoun yo, “Premyèman se tou pa m (Lonje de men ou sou tèt ou.), apre sa se tou pa w.” (Lonje de men ou sou klas la.) Di “Bondye te renmen nou” (Lonje sou tèt ou pandan w ap di sa, apre sa yo repete pandan w ap lonje sou yo.), apre sa, “epi te voye Pitit li”. Apre kèk fwa, mete 2 fraz yo ansanm ak memwòs la (tou pa m, tou pa w).



4) Repase Leson an

Èd pou Pwofesè a

Di: “Ann repase 8 mo nou te aprann jodi a. Premyèman, repete yo apre mwen youn pa youn. Bondye. Lòm. Peche. Lanmò. Kri. Kwa. Lafwa. Lavi. Kounye a m ap di de mo alafwa, epi ou repete yo apre mwen.” Mennen timoun yo nan plizyè repetisyon, otan tan an pèmèt. Chak fwa ogmante kantite mo w ap di. Finalman, si yo pare, di tout uit mo yo youn dèyè lòt epi yo ap repete tout uit mo yo. Ba yo kèk èd si yo bezwen li. Montre eksitasyon ou sou kijan yo te byen aprann Gwo Istwa Bib la!



5) Aplike Leson an

Di: “Semèn sa a, travay ou se di yon lòt moun konsènan youn nan mo nou te aprann jodi a. Ki pati nan Gwo Istwa Bondye a ou ta renmen pataje?” Mande timoun yo pou yo di ou mo yo ta renmen di yon lòt moun semèn sa a. Lè yo di ou kilès nan 8 mo yo y ap pataje, mande yo sa yo sonje sou mo sa a. Di: “Nou pral pratike ankò semèn pwochèn sou tout 8 mo yo.”

Lapriyè, ap remèsye Bondye pou plan mèveye li pou monn nan. Remèsye li paske li renmen nou ak fidelite konsa. Remèsye li paske li koute nou lè nou lapriyè.

Avanti Nimewo 52

1 Jan 4:10

Gwo Istwa Bib la Estraòdinè!

Kòmanse tan klas ou a pa repase vèsè pou sonje a ak chante a.

Pou repase vèsè a, divize klas la an gwoup gason ak gwoup fi. Chwazi yon ekip pou ale anvan. Kite yo di vèsè a ansanm, apre sa bay lòt ekip la yon tou. Gade kilès ki ka fè li pi byen, pi vit, pi dousman, epi pi fò.

Pou leson an, kòmanse pa repase 8 mo ou te itilize nan leson semèn pase a. Fè timoun yo repete apre ou pandan w ap di chak youn. Bondye. Lòm. Peche. Lanmò. Kri. Kwa. Lafwa. Lavi. Chwazi 8 timoun pou kenbe 8 imaj ki ale ak chak mo. Bondye #1, Lòm #3, Peche #7, Lanmò #9, Kri #27, Kwa #39, Lafwa #41, Lavi #49. Fè 8 timoun sa yo kanpe kòt a kòt nan yon liy fas a rès klas la. Si ou gen yon klas ki piti anpil, fè yo fòme yon sèk pou yo ka wè youn lòt. Pandan w ap lonje sou chak imaj, fè tout klas la di mo ki koresponn nan. Apre sa, gade si yon moun ka di yon ti kras sou chak nan mo yo. Bay kèk èd ak endis selon bezwen. Finalman, gade si gen yon moun ki vle eseye di tout 8 mo yo poukont li. Ou ka kite yo gade imaj yo pou èd si ou panse yo bezwen li. Jwe yon jwèt kote ou mete tout 8 imaj yo atè epi gade kilès ki ka mete yo nan lòd. Si ou t ap anseye timoun ki pi gran, yo ta renmen konpetisyon. Timoun lekòl matènèl pa twò enterese nan konpetisyon. Kidonk pa gen yon moun ki genyen ak yon moun ki pèdi pou aktivite sa a. Jis pran plezi nan jwe jwèt la epi repase nan fason amizan sa a. Si ou gen yon klas ki gwo anpil, pote plizyè seri imaj yo epi fè asistan yo travay ak diferan gwoup pou tout moun ka patisipe. Ankouraje timoun yo pou yo pataje gwo istwa sa a ak yon lòt moun semèn sa a.

Lapriyè ak klas ou a. Remèsye Bondye pou gwo pisans ak lanmou li. Remèsye li pou bèl monn li te kreye a. Remèsye li paske li ofri padon ak espwa kòmanse depi nan tout kòmansman an. Remèsye li paske li voye Jezi pou mouri sou kwa a. Remèsye li pou pwomès li yo ak fidelite li pou toujou kenbe pwomès li yo. Remèsye li paske li prepare syèl la epi fè yon chemen pou nou avèk li la yon jou.

Nan *Preschool Adventures* (Avantir pou Timoun Jadendanfan), timoun yo pral rive konprann gwo istwa delivrans ki nan Bib la, depi nan Jenèz rive nan Revelasyon. *Preschool Adventures* se yon pwogram etid ki rakonte sèl gwo istwa sa a ki nan Bib la. Yo sèvi ak metòd kote timoun yo patisipe anpil pou ede leson yo make lespri yo pou yon tan long. Leson sa yo ka sèvi kòm pwogram etid swa nan legliz, lakay, oswa nan lekòl.



Susan te dirije ministè timoun pandan 22 lanne nan Indiana lè Bondye te gide li menm ak mari l, Jim, nan ministè timoun entènasyonal. Ansanm, yo vwayaje nan plis pase 30 peyi epi yo fòme lidè sou jan pou yo evanjelize ak fè disip ak timoun yo.

Susan ak Jim gen 3 pitit ki fin grandi ak 6 pitit pitit. Depi plis pase 40 lanne, yo pran plezi pataje lavi yo ansanm epi sèvi gran Bondye yo a.